12+

6

2013



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Ахсар КОДЗАТИ

Редакция

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2013

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2013

НОМЫРЫ ИС:

БАГЪÆРАТИ СОЗУР: 125 АНЗИ

Фысджытæ Созыры тыххæй 6

БАГЪÆРАТИ Созур. **Ци зæгъон?** Æмдзæвгитæ 13

СÆБÆТХЪУАТЫ Рамазан. **Æмхъæуккæгтæ.** Роман 18

ХÆМЫЦАТЫ Албег. **Ир – мæ балцы райдайæн.** Æмдзæвгæтæ 64

КОКОЙТЫ Махар. **Æмдзæвгæ** 73

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 74

УИДÆГТÆ

Фыдæлты фæндæгтæ 82

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

ГУÆЗДÆРТЫ Азæ, БЕТЕТЫ Фатимæ. **Къостайы поэмæ «Фатимæ»-йы проблематикæ** 98

ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

Очистить ряды писателей от буржуазных националистов 102

БЕСАТИ Тазе. **Зонун гъæуй** 105

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ГАГЛОЙТЫ Рутен. **Радзырд æмæ новеллæтæ** 115

АРВИСТОН 132

Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы

БАГЪÆРАТИ СОЗУР: 125 АНЗИ



ФЫСДЖЫТÆ СОЗЫРЫ ТЫХХÆЙ

* * *

Дарддзæст цуанонау уыдта (Созыр. – *Ред.*) алы хъуыддаджы арф дæр, алы хъуыддаджы фидæн дæр. Созыры хуызæн хæстæг революцимæ ирон фысджытæй бирæтæ не ‘рбацыд... Уымæн æмæ, революци кæй тыххæй уыди, уыдонæн – кусæг адæмæн – сæхицæй у Созыр. Ирон фысджытæй бирæ нæ разындзæн, Созырау цард алы æууæлæй дæр равдисын, сæргом кæнын чи арæхсти.

Къосираты Сæрмæт

ÆМДЗÆУИНЫ МАРДМÆ

Ærбахаста сау уац Дыгурæй
Нæ кæмтты хъæргæнæг – дымгæ.
Мæгуыры зæрдæ дзы
Ныддур и,
Мæгуыры зæрдæ дзы –
Уынгæг.
Ærхаудта æмдзæуинтæй раззаг.
Фæндараст,
Нæ уарзон фæтæг.
Фæндараст, нæ фæндырдзæгъдæг,
Дæ фæндыр нын сидзæрæй баззад...
Ныууагътай дæ сидзæрты ихыл,
Кæй зæрдæтæ ма сæм лæууынц.
О, Созыр!
Дæ фæндыры джихыл
Дæ уæлхъус мæрддзыгой кæуынц.
О, Созыр!
Мæ хъарæг дын фидар!
Дæ фæндыр нæ зыдта æнцой,
Дæ ном дын дзы адæм хынцой,
Дæ кой нын кæндзæни «Зæрди дуар»...

Хъамбердиаты Мысост

* * *

Созыры æмдзæвгæты иунæг чиныг «Зæрди дуар» мыхуыры рацыд 1926 азы. Йе ‘мдзæвгæты чиныджы рацыд, стæй йæ литературон æхсæнад кæй базыдта æмæ йыл кæй бацин кодта, уымæй барухс Созыры рыст зæрдæ, фенцон ын ис йæ низимæ хæцын дæр, – 1919 азы Сау хъæды уазалæй фæсахъатджын сты йæ рæуджытæ æмæ уæдæй фæстæмæ йæ царды бонтæ рынчынæй арвыста. Уый тыххæй Созыр фыста Сæрмæтмæ, зæгъгæ, ме ‘мдзæвгæтæ «мæнмæ куыд зынаргъ кастысты, æмæ сæ æз куыд бирæ уарзтон, афтæ æнувыд сыл кæй дæ, сæ рахсæдыныл дæр, сæ рауадзыныл дæр дæхи кæй хъарыс, уый тыххæй дæ... æз дæн стыр бузныг».

Йæ чиныджы рацыды фæстæ бирæ нал ацард Созыр. Бæрцæй дыууæ азы ма йын бантыст цæрын æмæ кусын, фæлæ уæд ныффыста бирæ хорз уацмыстæ. Æцæг ын мыхуыры сæ фенын нал бантыст. Йæ мæлæтæй дыууæ мæйы размæ ма арвыста Сæрмæтмæ дыууæ ‘мдзæвгæйы («Уæрми цæрæгæн», «Хумгæнæги мæтæ») æмæ фыстæг: **«Ныр, æнхъæлдæн, æрхæццæ мæ мæлæт. Чи зоны, кæрæдзи нал фенæм. Дæуæй цæуын мæрдтæм бузныгæй... Фæсаууонмæ дæ хъæбыс кæнын... – æфсымæры ад дæуæй базыдтон»**. Уый уыд 1928 азы апрелы 7 бон.

Æцæгдæр, бирæ нал ацард Созыр. 1928 азы июны 8 бон æнусмæ бацъынд сты Созыры «дарддзæст цуаноны» цæхæр цæстытæ, – 10 боны ма йæ хъуыд дыууиссæдз азмæ, афтæмæй.

Нафи

* * *

...æрхæссæм æй æнæхъæнæй (Æмдзæвгæ «Цæун» – *Ред.*), цæмæй йын ноджыдæр ма иу хатт нæхиуыл банкъарæм йæ диссаджы поэтикон хъомыс:

Цæун, цæун, идзулд зæрдæй сæ уадзун,
гъæуæн, синхæн сæ къох есун фæразун.
Гъæуæн, цид, æз мæ зæрди нез ку дзурдтон,
уæд син фæрсæй сæ хондунгъæр игъустон.
Ку ‘взурстон æз мæ зунди фæрци зин цард, –
хъæрттæй мæнмæ уæд алкæмæй дæр æфхуард.
Кæугæй мæнмæ сæ зарунгъæр игъустæй,
уидтонцæ мæн æгадæдæр сæ мистæй.
Цæун, цæун, нурмæ дæр дзи нæ гъудтæн,
мæ уод фæууæд сæрбæлтау дæр сæ фурттæн.

Ахæм цыбыр æмдзæвгæйы куыд бацыдысты уыйас хъуыдытæ, уыйас фæлгонцтæ, уыйас рæстдзинад, сагъæс æмæ хъизæмар! Куыд рæстдзæвин у йе ‘гъатыр тыхы мæнæ ацы абарст: «Уидтонцæ мæн æгадæдæр сæ мистæй». **Мыстæй** æгаддæр нæ, фæлæ **сæ мыстæй** – хæдзарон мыст дæр та сын цас æнæуынондæр у æнæуи мыстæй! (Ахæм психологон фæзилæнтæ гыццыл нæй Созыры æмдзæвгæты). Фæлæ, цыфæнды куы фæуа, уæддæр æфхæрд, йæ хъæуæй лидзæг лæг йæ ном æмæ кад ныллæгмæ не ‘руагъта, не ‘рныгъуылд, нæ фæтасыд. Йæ раст уды рухс нæ æууæндын кæны ууыл. Уадзы йæ райгуырæн къона, фæлæ «Гъæуæн, синхæн сæ къох есун фæразун...» Æрмæст иунæг дзырд «фæразун» дæр нын фаг æвдисы уыцы рæстылдзурæг лæджы уæзданд зинад, йæ зæрдæйы хъару – хъæдгом ын æй чи кодта се ‘фхæрдæй, уыдоны къухтæ исы. Ноджы йе ‘фхæрджыты не ‘лгъиты, фæлæ йæхи фæдыл æфтауы фыд: «Мæ уод фæууæд сæрбæлтау дæр сæ фурттæн». Ацы куывды зыны Созыры куырыхон зæрдæйы æнæкæрон хъизæмар – срухс æй кодта йæ уæзданд зинадæй. Цас хъару хъæуы, цæмæй де ‘фхæрджыты фырттæн дæ уд нывондæн æрхæссай! Поэты рисæн абарæн ис, йæ адæмæн стыр хæрзты чи цыд æмæ уæддæр æбузны кæмæй уыдысты, уыцы пехуымпар Моисейы зæрдæнизимæ.

Малиты Васо

* * *

...Созурæн адтæй Хуцауæй, æрдзæй лæвæрд финсæги курдиадæ, æма, кæд уæлдæр скъолатæ каст нæ фæцæй, уæддæр ин æ рахау-бахау царди бантæстæй хуæдахурæй финсæги дæсниади тæккæ устурдæр бæрзæндтæмæ исхезун...

Багъæрати Созур ниффинста æрмæстдæр дууæсæдæ æма цуппар æмдзæвги. Æма æ фиццаг æмдзæвгæй æ фæстаг æмдзæвги уæнгæ йе сфæлдистади хъазар дорау æрттевуй еу менеуæг – рæстдзинадæ. Созурæн æрдзæй ци финсæги устур курдиадæ лæвæрд адтæй, йе исæнгъизтæй еци æрттевагæ менеуæги хæццæ, æма еци æндон федар Созури царди уæззау цæхъалти хъургъахъхъ нæдтæбæл фæккеун нæ бауагъта æ раст фæндагæй. Æма кæд нифсгун æма хъайтар адтæй царди хæрамдзинæдти нихмæ тохи медæгæ, уæд æ медуод ба адтæй æфсæрмдзаст, æ уоди конд адтæй уæздан æма хуæдæфсæрмæ. Уомæн ниффинста æ фиццаг æмдзæвгæ «Зæрди дуар»-и:

«Ænахур лæг къуæзагæй,
багъæуй æй сумах сæр»

æма

«Ци гъæуаггин æй мæ зар,
уой фæрæзнæ уæхемæ ‘й», –

зæгъгæ, кæд æма... Созури сфæлдистадæ фæлгонц æй поэзий аййевадон алли хузи мадзæлттæй...

«Зæрди дуар»-æй уæлдай ма Созур ниффинста еу киунугæ: «Сувæллæнтти дуйне», – зæгъгæ. Еци киунуги туххæй Созур Сæрмæтмæ пъисмой 1926 анзи феврали 6-аг бони уотæ финста: «Мæнмæ адтæй дууæ киунуги, еу – «Сувæллæнтти дуйне», иннæ ба «Зæрди дуар». Фиццаги равдесуйнаг адтæн зæронд царди, куд ин æнгъизтæй рауадзун, уомæ гæсгæ, фал æзмæнст æрæййафта, ма е байзадæй нæхемæ мæ мади кири; ниууагътон æй уой хинæй, ома, ести финст ми ку агоронцæ, ке нæ ба ‘й ку ‘ссеронцæ, уæд си фесунмæ ке неци адтæй. Уоми адтæй рæуæг финст дууæ ‘ма дууинсæй æмдзæвги. Сувæллæнттæн сæ гъазунтæ, сæ зæрди уæгтæ, сæ ниййергутæн сæхе куд имонау фæккæнунцæ, сæ астæу седзæр ка фæууй, уомæн, тæрегъæд гæнгæй, гъазæнтæ куд фæддæдтунцæ. Дзæбæх син ка фæууй, уой хуарзи кой сæ кæрæдземæн куд фæккæнунцæ; æнæгъæуаги сæ ка фефхуæруй, уомæ фуд-зæрдæ куд фæддарунцæ, ма никки цидæртæ... Адæми ку ракодтонцæ (Шкурой æфсæдтæ гъæуæй), уæд мæнæн мæ зæрди æрæфтудæнцæ мæ киунугутæ. Иссердтон мæ бинонти, ма мин бæрæг базонун кодтонцæ уотæ: финст уæд, æнæ финст уæд – гæгъæдийæй нæмæ цидæр адтæй, уони басугътан, нæ сувæллæнттæн тæрсгæй. Етæ фесавдæнцæ, иссеræн дæр син нæбал ес...». «Зæрди дуар»-и туххæй еци пъисмой Созур идарддæр финста: «Дуккаги федарæн равардтон Тогъойти Афайи уосæ Дусинкамæ, кæци æй æхемæ дардта, цалинмæ адæми нæ гъæуæй исистун кодтонцæ, уæди уæнгæ... Гъæуæй сæ ку ‘систун кодтонцæ, уæд еци киунугæбæл Дусинка тухстæй: «Ай нæ фесафунбæл дзурд равардтон, ма ‘й некæми ниууадздзæн», – уотæ дзоргæй æй æ рони ниввардта. Уæддæр ибæл еу къуар уоси ‘сгъæртæ кодтонцæ: «Уой дæмæ ку ‘ссеронцæ, уæд ма мах дæр ку ‘йсафис»... Ма уæд искудтæй, уотемæй æй æхе киунугути хæццæ æ цæгатмæ Акъоти Хæмици уæрми устур кири медæгæ ниввардта. Гъе уоми байзадæй... Иссердтон амундмæ гæсгæ мæ киунугæ, кирæ дæр еци æхсæвæн æ сæуми

æд киунугутæ ласт æрцудæй. Æз æй фæххастон Ærædонмæ ‘ма ‘й равардтон Дзигасти Заурбеги уосæ Госгамæ, кæци æй, цалинмæ адæм æрсабур æнцæ, уæди уæнгæ фæддардта æхемæ, уæдта мин æй лæвæртти хæццæ, æхецæн мæ æнсувæр искæнгæй, æнхæстæй æрбалæвардта».

Багъæрати Зинæ

* * *

Лирикæ уды царды нывæдз у. Созыр арф æмæ парахатæй æвдисы адæймаджы уавæр дызгъуынтæ ‘хсæнады. Уым «нæййес хуæцæг мæгурбæл», уым адæймаг иунæг æмæ æфхæрд у. Ирон лирикæйы бæрзонддæр æнтыстытæй у æмдзæвгæ «Кувдгæнгутæн» (1914 аз). Уацмысы сæйраг темæ у æнусон: мæгуыр лæджы уавæр хъæздгуыты куывды. Поэт æргом кæны æхсæнадон быцæутæ æмæ ныхмæвæрд хъуыддæгтæ, хурмæ хæссы царды хъæнтæ. Иунæджы хъысмæт æппæтхуызты æвдыст цæуы ирон фольклоры. Уый сæ сагъæсаг уыдис Къоста, Секъа, Æрнигон æмæ æндæр поэттæн дæр. Иунæгад бындурон темæ уыдис декадентон поэзийы дæр, адæймаг æхсæнадæй иппæрд кæй у, уымæй философон концепци скодта экзистенциализм. Ирон поэттæ уыцы проблемæмæ кастысты реализмы позицитæй, иртæстой дзы социалон аххосæгтæ æмæ этикон принциптæ. Созыры æмдзæвгæ нывæст у бæлвырд царды нывтæй.

Ку базудтон хъæбæр раги мæ еунæг,
Уæд ма мæмæ цæмæн дзоруй уæ хонæг?
Ниммæ уагътæ, уæ кувдмæ дæр нæ цæун,
Уæ минаси зæрдигъæлдзæг нæ фæуун.

Лирикон хъайтары уавæр кæйдæр куывды æвдыст цæуы сыгъдæг национ æууæлтæй. М.Ю. Лермонтов ахæм æцæгæлон куывды уыны «образы бездушные людей, приличьем стянутые маски», йæ сæнтты та уыны æндæр нывтæ – сыгъдæг æрдз, хуымæтæг æмæ амондджын цард, æнæхин цæстыты уаз æрвыг, æмæ йæ уæд мæстæй æрфæнды гамхудджынтæн сæ цин фехалын. Уæздæтты хъазтизæрæй, цæстмæмитæй стыхсгæйæ, æрдзмæ лидзы А. Майков дæр («И город вот опять»). Уырысы поэттæ сæхæдæг дæр уæлдæр фæлтæртæй сты, æмæ «куывдгæнджытæй» уыдоны хицæн кæнынц æрмæст сæ этикон принциптæ, сæ зондахаст æмæ сæ зæрдæйы уаг. Æндæр у ирон поэт æмæ фæрныг куывддонты ахаст. Созыры лирикон хъайтар лæууы

царды ныллæгдæр къæпхæныл. Бонджынтæ йæ сæ куывдмæ хонынц фæтчыгъæдæн, ирон æгъдаумæ гæсгæ. Ахæмтæ кадвæлгъау вæййынц, поэт сæ фæхъæуы сæхицæн кæнæ ном скæнынæн, кæнæ сæхи ирхæфсынæн. Созыр æмбары уыцы хинтæ, нæ йæ фæнды хъалтимæ минас кæнын, – вæййы æфхæрд æмæ дæлдзиныг («Уæ карз дзурдæй фунæййæй дæр æстъæлфун»).

Созыры лирикон хъайтар у хуымæтæг адæймаг. Зоны йæ уавæр, фæлæ йын æнцой нæ дæттынц гуырысхотæ æмæ фарстытæ: растысафæг нæу, мæнгæвдисæн нæ лæууы, – уæдæ йæ цæуылнæ уарзынц? Ахæм фарстæн дзуапп нæй. Уацмысы ис арф æмæ вазыгджын психологизм. Поэт, иуæй, йæ тæригъæд хъары (Кæм æмæ кæмæ?!), иннæмæй, уайдзæфтæ кæны; иуæй йын зын у æцæгæлон куывды бадын, иннæмæй, йæ бон нæу иппæрдæй цæрын. Нæй йын зиллаккæй рахизæн, æмæ уый мидæг ис йæ хъысмæты трагизм. Уыцы уавæр æвдисынæн хъæуы, æмдзæвгæйы композици тæлывæрд кæй у, уый дæр:

Цæмæн хæтун бæгъæнвадæй, бæгънæгæй,
Цæмæн цæрун æскъудздзагæй, еунæгæй?
Ниммæ уагътæ, уæ кувдмæ дæр нæ цæун, –
Уæ минаси æнæфхуæрдæй нæ фæуун.

Æмткæй куывды фæлгонц райсы символон мидис, свæййы цард æмæ йæ цинты нысаниуæг. Уыдонæй æнæхай у кусæг адæймаг, уæлдайдæр та поэт æмæ хъуыдыгæнæг.

Джыккайты Шамил

* * *

Алли догæмæ дæр æхе домæнтæ ес, æма, гъай-гъай, Багъæрати Созури сфæлдистадæ æвзаргутæн сæ фулдæр равдистонцæ нæ егъау поэти еувæрсугæй, 20-аг æноси дзамани къундæг арæнти, гъома куд революцион поэт, уотæ... Созур... уæрæхмасштабон поэт ке æй, уой бавдесун бавзардзинан æ еунæг, «тæккæ революциондæртæмæ» ка хаудтæй, уæхæн æмдзæвгæ «Тох»-мæ лæмбунæг æркæсгæй...

Цæветтонгæ, кæд йе ‘мдзæвги автор тохмæ сидтæй, уæддæр еци бундорон зиннæг идейи æ «буни æрæмпурста» йе ‘нæуæгæ поэтикон скурдиадæ – поэти æцæг æрдзон тухæ – æма мадзал гъуддагæн æхецæй фæууæлдæр æй, ома, ци зæгъунмæ гъавуй, уомæй, куд æй зæгъуй, йе зингæдæр иссæй, зингæдæр исуогæй ба – ахсгиагдæр... Поэт æртæ рæнгъемæй бавдиста, «фильм

ужасов» исхонæн кæмæн ес уæхæн æнахури дессаг цаутæ æма миутæ:

...Бæлæстæн сæ зæнгтæ ниррезунцæ, –
Сæ сæртæ сæттунцæ кæрæдзей цæфтæй,
Астъæнттæй цæргæстæ æсхъеунцæ...

Æнæзингæ, æрра дунги хузæ искодта поэт, зайæгойтæ æма цæрæгойти уавæр бавдесгæй. Змæнст... Дунгæ уæхæн исамадта, æма бæлæсти «сæртæ сæттунцæ кæрæдзей цæфтæй», æнахур мæргътæ, уæлдæфи сæрбехъулæнттæ гæнгæй, цъах-цъах исистонцæ, сæ бæдæлттæ, бæлæстæбæл бид астъæнтти хæццæ, зæнхæмæ расхъеунцæ, «лихъæ кæнунцæ» æверхъау цæфтæй... Æма ци ба нæ рагъаздзæнæй цæститæбæл аци уодæзмæнтæг рæнгъитæ бааргъаугæй. Кæбæлти ба нæ хъæртунцæ, ци æнахур поэтикон хъаурæ си æвæрд ес, куд тæмæссаг хузи си æвдист цæуй устур æзмæлд æма цæстæ идзирдгæнæг фæлгонцтæ.

Аци рæнгъитæ айдагъ тохи уавæр бавдесунæн нæ ‘нцæ, фал ма сæ бон æй сауæнгæ Ахæри бони растади уавæр бавдесун дæр, егъау Зæнхæ æма Æрдзи исфæлхæтуни усмæ. Æнгъезуй сæ комкоммæ хумæтæг æрдзи нивæмæ бахæссун... кенæ еунæг ескæци адæймаги трагеди бавдесунмæ. Цубур дзурдæй, авторæн æртæ рæнгъеми бантæстæй, берæ хузти балæдæрæн кæмæн ес, уæхæн гъудитæ зæгъун æма фæлгонцтæ исамайун...

Кæд æмдзæвги дессагдæр хай фæцæй еци æртæ рæнгъæбæл, уæддæр Багъæрай-фурт æ сæрмæ не ‘рхаста æ уадзимис æнæ кæронбæттæн, æнæ хатдзæгæй ниууадзун:

Сах-уарун фелвæстæй æ дунги фæдбæл,
рахснадта бæлæстæн сæ цæф цъæрттæ.
Уарундон райвулдæй Уорсдони комбæл,
ласуй сæ урдугмæ æд уедæгтæ.

Скъодтати Эльбрус

* * *

Диссаджы хабæрттæ цыди Советты бæстæйы бирæ азты дæргъы. Зæгъæм, искæцы фыссæгæн-иу йæ уацмыстæй цалдæр йеддæмæ уагъд не ‘рцыд (биноныг сахуыр кæныныл, раиртасыныл нал цæуы ныхас), афтæмæй йыл-иу алы æнахъинон нæмттæ ныхъуырстой: кæй динырдæм здæхт пессимистон хуыдтой (Къоста), кæй æмбыд патриархалон цард идеализацигæнæг (Секъа), кæй буржуазон националист æмæ контрреволюционер (Елбыздыхъо,

Малиты Геуæрги, Сæрмæт, Æрнигон æмæ иннæтæ), кæй троцкист (Фæрнион, Куыдзæг), кæй оппортунист (Калоты Хазби) æмæ афтæ дарддæр.

Багъæраты Созыры критиктырдыгæй «амонд» фæци, æмæ йыл ацы нæмттæй никæцы авæрдæуыд. (Уæвгæ йын йæ архивтæм куы ‘ркастаиккой къæрцхъус нымудзджытæ, уæд æнæмæнг контрæйæ агæпп ластаид æмбойны). Гомгæрцц революционеры номимæ бацыди поэт скъолаты ахуыргæнæн чингуытæм. Йæ хуыздæр æмдзæвгæтæ, йæ уды æмæ йе знæт, хъомпал дуджы рæстдзинад ирдæй кæм æвдыста, уыдон фæсвæд аззадысты, бирæтæ дзы æрæджы фæзындысты мыхуыры. Уымæ гæсгæ поэтæн йе ‘цæг цæсгом абон дæр нывыл æвдыст нæма у нæдæр нæ критикæйы, нæдæр скъолаты хрестоматиты.

1928 азы Созыр мæрдтæм бацыд, йæ зæрдæ мæстæй дæнгæл уыд, афтæмæй: фыдæнхъæл æй фæкодтой ног царды хицæуттæй – большевикон разамонджытæй – бирæтæ. Поэт сæ хуыдта хæлуарджытæ, æнæдомд уырсытæ. Æмæ зæрдыл æнæбары æрбалæууынц номдзыд лæгты ныхæстæ революцийы тыххæй. Зæгъæм, Жорж Дантон – францаг зынгæ революционер – фыста: «Бынтон æрæджиау базыдтон: революцитæ куы ‘рцæуынц, уæд фæстагмæ уæлдæр бынæттæ бацахсынц æппæты æнаккагдæр цæстфæлдахджытæ».

Хъодзаты Æхсар

·○·

БАГЪÆРАТИ Созур

ЦИ ЗÆГЪОН?

КУВДГÆНГУТÆН

Ку базудтон хъæбæр раги мæ еунæг,
уæд ма мæмæ цæмæн дзоруй уæ хонæг?
Ниммæ уагътæ, уæ кувдмæ дæр нæ цæун,
уæ минаси зæрдигъæлдзæг нæ фæуун.

Уæ астæу мин исарæх уй инæфун,
уæ карз дзурдæй фунæйæй дæр æстъæлфун.
Ниуазетæ, мæн хузæн дзи нæ гъæуй;
ænамондæй уæ хъазар лæг нæ мæлуй.
Ку фæххуæрун хебæраги мæ кæрдзин,
нæ мин фæууй, еунæг уогæй, отæ зин.
Ку фæлледзун идарддæрмæ уæ дзолæй –
фулдæр уарзун уæд алкедæр изолæй.
Фал дуйнебæл зин цæрæн æй еунæгæн.
Хаттæй-хатт, цид, исæнбал ун берæгъæн.
Неци зонун, зæрди незæн нæ зæгъун, –
растисафæг, мæнгæвдесæн нæ лæуун.
Неци зонун, нæ уарзон уин цæмæн дæн:
некæд ерун хуæздæр над дæр мæ фæндæн.
Нæ фæббоз дæн мæ нийерæг – мæ мадæй.
Цæмæн задæй æ биццеуи æгадæй.
Цæмæн хæтун бæгъæнвадæй, бæгънæгæй,
цæмæн цæрун æскъуддзагæй, еунæгæй?
Ниммæ уагътæ, уæ кувдмæ дæр нæ цæун, –
уæ минаси ænæфхуæрдæй нæ фæуун.

1914 анзи декабри 14 бон

УÆЛМÆРДХУÆРНÆГ

Мали рамардæй
мæгур, æгадæй,
ка ‘йбæл никкæуа?
Берæ фæццардæй,
нимади н’ адтæй,
ка ‘ймæ æрцæуа?

Адтæй дзи мулкæн
мæллæг гъог æма
дугæрдуг богъа.

«Нæ фидæн хистæн
ци фæндæ ‘скæнæн,
ка сæ нивгæрда?»

Адæмæн хуали –
рамардæй Мали, –
æрæмбурд æнцæ.
Тæфирфæс кæнгæй
сæ галеу къохтæ
æррæуегъунцæ.
Зæрдигъæлдзæгæй
сæ хæдзæрттæмæ
фæххæлеу унцæ.

1908 анзи июни 13 бон

ЦИ ЗÆГЪОН?

Тæходуй есгæд мæн дæр
ку фæцайдæ дзурди бон,
уæд фегъустайдæ мæ гъæр,
‘ма загътайнæ мæ фæндон.

Уæд адтайдæ мæ зуст дзурд
зуст дзорæгæн зæрди нез,
фал фæууæд нур ба мæ фуд, –
фæндон миутæ нур кæм’ ес.

Зæгъун: нур ма ци зæгъон?
Мæ дзурд æгой, æвæстаг.
Фæлтау мæ цъухбæл хуæцон.
Хæфсау мæ хъур донæйдзаг.

1911 анзи апрели 6 бон

КÆУÆГ

Куд нæ кæуон, кæуйнæгтæ
берæ ку ес зæнхæбæл.
Еугурæйдæр сæ зин бæнттæ
ку лæууцæ зæрдæбæл.

Уæхæн незæй зæрдæ цæвгæй,
уæд æ хуасæ кæун æй.
Фудæфхуæрд лæг æнæскæугæй
фæтътъæпп уодзæй æрхунæй.

Кæун гъæуй! Нури доги
кæбæл нæййес кæуæн бон?
Цæмæн æвдулуй æ тоги,
сигит хуæргæй, нæ хуймон?

1918 анзи феврали 4 бон

КА КЕ ХÆССУЙ?

Сæртæ сагъæстæ кæнунцæ.
Къæхтæ цъифæй æфхæлунцæ,
нæбал æнцæ гъæрзунгъон.
Нур абони фæххилæнцæ,
кæрæдзей цъухтæй дæмунцæ;
алке дзоруй æ фæндон.

Ка ке хæссуй? Сæртæ – къæхти!
Ка ке хæссуй? Къæхтæ – сæрти!
Цæуй сæ гъæр, сæ фæдес...
Æнцад бадунцæ губунтæ
‘ма бæзгин фиу æвæрунцæ,
гъигæдарæг сæ нæййес.

1926 анзи июни 25 бон

КУРД

Цард цæуй кустæй аразгæй.
Гъæйтт зæгъун.
Хъуæлти гъазун ме ‘фсæйнагæй.
Цъинкк кæнун.

Цард ихæлд æй, уой æфсонтæй
сонт сæйуй.
Цъинкк кæнун, мæ рист фæсонтæй
хед цæуй.

Хæрдмæ хауй зинги стъæлфæг,
пурх кæнуй.
Цох ми бадуй магоса лæг,
финдз тæдзуй.

Цард цæуй кусти фадуатæй.
Гъæйтт зæгъун.
Зунд нæ есун магосатæй.
Цъинкк кæнун.

1926 анзи августи 10 бон

КЪУÆТТИ

«Æнæ ‘взаг æй, æнæ ‘взаг», –
Искæнунцæ ‘й сæ кустаг.
«Къуæтти, къуæтти, къуæзæнæг,
карди комбæл дæ зæнæг».

Ка сæ дæмуй æ дзурдæй, –
ранæмунцæ ‘й æмбурдæй.

Маци дзорæ æ сæрбæл.
Нæ ин гъæуй тæрегъæд.
Къуæтти кæд æй – нæ хонхбæл
æвзæгутæ æруедзæд.

1908 анзи апрели 1 бон

СÆБÆТХЪУАТЫ Рамазан

ÆМХЪÆУККÆГТÆ

Роман[*]

* * *

Таймураз ногæй кусын райдыдта йæ раныхасыл. Æмæ йæ йæ мады бабæрæг кæнынмæ дæр нал æвдæлд. Хорз, æмæ Мурат Бадинæйæн хъуыддаг бамбарын кодта, æндæр та йемæ йæ зæрдæ дзырдтаид.

Конференцийы райдайæнмæ йæ фыст фæци. Йе ‘мбæлттæн æй куы бакаст, уæд ын дзы уыдон тынг раппæлыдысты.

– Мæнмæ гæсгæ дын ацы хатт ноджы мидисджындæр фæци, – бафиппайдта Зауырбег.

– Раст зæгъыс, – йемæ сразы Мурат дæр, стæй ма худгæйæ йæ ныхасмæ бафтыдта. – Махæн дæр сæ куы адавтаиккой, уæд ног фыстæй кæд фæхуыздæр уыдаиккой...

Конференцийы Болат бацархайдта фыццæгтимæ дзырд райсыныл.

Æмæ куы дзырдта, уæд Таймураз йæ бынаты æваст хæрдмæ фæхаудта: базыдта комкоммæ йæхи хъуыдытæ. Болат дзы æрмæст ранæй-рæтты чысыл цыдæртæ аивта.

Таймуразы уымæй размæ тынг нæ уырныдта, йе ‘мхъæуккаг та йæ сæрмæ ахæм хъуыддаг дæр æрхæсдзæн, уый. Фæлæ ныр гуырысхойаг ницуал уыд...

* Дарддæр. Райдайæн кæс журналы ацы азы 2-æм, 3-æм æмæ 4-æм номырты.

Мæнæ уалынмæ ‘рхæццæ ис йæхи рад дæр. Æмæ, зæрдæдзæф кæй уыд мæстæй, уымæ гæсгæ дзурын райдыдта мынæг хъæлæсæй. Хатгай-иу къуыхцы дæр фæци.

– Чысыл хъæрдæр æмæ уæндондæрæй дзур! – йæхи йæм нал баурæдта президиумæй чидæр, æмæ Таймураз уайтагъд йæхи уыл фæхæцыд.

Йæ раныхас куы ахицæн, уæд бæстæ къухæмдзæгъд сси. Таймураз ныфсæрмы.

Æмдзæрæнмæ куы рацæйцыдысты, уæд дзы чызджытæ æппæлын систой.

– Ахæм цыбыр рæстæгмæ ма йæ ногæй куыд хорз ныффыстай? – дис кодта Дзирæ, комкомæ Таймуразы цæстытæм кæсгæйæ.

– Институт каст куы фæуа, уæд Таймуразы, æнæмæнг, аспирантурæмæ айсдзысты, – райхъуысти Радимæйы хъæлæс.

– Нæ. Æз хъуамæ раздæр скъолайы бакусон, – загъта Таймураз.

Дзирæ цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ Зауырбег фæраздæр:

– Болат Къостайыл цы ‘мдзæвгæ ныффыста, уый уæм куыд фæкаст?

– Фæлтау æй куынæ ныффыстаид! – худгæйæ бафиппайдта лæппутæй чидæр. – Поэзимæ йын ницы бар дары.

– Болат та йæ «Мах дуг»-мæ бахæсдзæн. Æрмæст ын æй нæ ныммыхуыр кæндзысты, æмæ та уæд дзурдзæн: «Нæ зæронд фысджытæ æрыгон фæсивæды сæхимæ хæстæг нæ уадзынц, тæрсынц, куы сыл фæуæлахиз уæм, уымæй. Къоста сæм абон йæ уацмыстæ куы бахæссид, уæд сæ уымæн дæр раздахиккой».

Радимæ Болаты хъæлæсыуаг афтæ дæсны афæзмыдта, æмæ студенттæ æмхуызонæй сæ худын нал баурæдтой.

Куыддæр Таймураз æмæ Зауырбег мидæмæ бахызтысты, афтæ сæ хæд фæдыл фæзынди Мурат дæр. Йæ бакастæй бæрæг уыд, уый дæр кæй фесгуыхт, уый.

– Скитский, Скитский мæ йæхæдæг раппæлыд, – йæ цин не ‘мбæхсгæйæ, дуары разæй æрбадзырдта Мурат.– Сымахæн та цы загътой? Никуы уæ ницы рауайдзæн?

– Историкты, дам, никуы баййафдзыстут, – ныххудт Зауырбег, – фæлæ, дам, сымах дæр бынтон æдылытæй не стут.

– Фелхыскъ та мæ кодтай, æгъатыр хуымæллæггаг! – цыма йæ ныццæвынмæ хъавы, уыйау æм, йæ къух хæрдмæ фелвасгæйæ,

ærбагæпп ласта Мурат, фæлæ йæм куы ‘рбахæццæ, уæд æй худгæйæ ærбахъæбыс кодта.

Куы йын радзырдтой, уыдонæй дæр куыд æппæлыдысты, уый, уæд ын фехсызгон.

– Болат та, Болат? Нæ хъæу нын нæ фæхудинаг кодта?

– Мæнæ дын æй йæ сыхаг зæгъæд, – Таймуразмæ ацамыдта Зауырбег. – Уый æдзухдæр рæстытæ фæдзуры.

Таймураз исдуг хъусæй алæууыд, цыма цæмæй райдайа, ууыл хъуыды кодта, уыйау. Стæй уæд æнкъардхуызæй загъта:

– Йæ раныхасы мæ хъуыдытæ бафиппайдтон, – мæсты худт бакодта Таймураз. – Мæ куыст мын уый адавта…

Зауырбег æм цæхгæр фæзылди:

– Уæдæ, Болат куы дзырдта, уæд уымæн фенкъард дæ? Æмæ дæ ныхасы райдиан къуыхцытæ дæр уымæн кодтай…

– Æз уыцы хъуыддаг афтæмæй нæ ныууадздзынæн! – Зауырбеджы ныхас æрдæгыл фескъуыдта Мурат. – Ахæм ничи хъуамæ æфхæрд баййафа! Тæккæ райсом уын уæ деканмæ фæцæуын.

– Мурат! – фæхъæр кодта Таймураз. – Афтæ ма бакæнай: нæ хъæу нын фæхудинаг кæндзынæ.

– Раст у Таймураз, – йемæ сразы Зауырбег дæр. – Цард ын йæхион йæхирдыгæй кæндзæн…

* * *

Адæймаг цы хъæуы райгуыры, ууыл сахуыр вæййы æмæ йын йæ рæсугъддзинад нал фембары, цалынмæ æндæр рæттæм нæ афты, уæдмæ. Таймураз горæтæй сæхимæ куы ‘рцæйцæуы æмæ йæм къуыбырты ‘хсæнæй сæ хъæуы хæдзæрттæ куы разынынц, уæд дзы уайтагъд йæ фæллад ærбайрох вæййы. Уæлдай æхсызгон ын вæййы, Дурджын бæрзондæй йæм цы рог дымгæ ærбадымы, уый!

Мæнæ та ныр дæр хъæуы уындæй йæ зæрдæ барухс. «Цымæ, Бади афонмæ быдыræй сыздæхтаид?» – ахъуыды кодта, рыг фæндагыл цæугæйæ.

Куыддæр Таймураз сæ уынгмæ схæццæ, афтæ фæсте йæ хъустыл бæхы къæхты хъæр ауади æмæ фæндагæй йæхи фæиуварс кодта.

– Ærхæццæ та дæ? – уæлбæхæй йæм дæлæмæ æфхæрæгау ærдзырдта Мæхæмæт. – Дæ гуыбын та дæ схордта?

Таймураз æм сдзырд нæ бафæрæзта: уæдмæ уый уынджы фæуæле ис, сыхы куыйтæ йæ фæдыл рæйгæ тахтысты.

– Лæгæй, усæй, фыртæй – иу джиппы уагъд куыд сты! – йæ сæр ныттылдта Таймураз æмæ та ногæй фæндагмæ бахызт.

Бадинæ сæхимæ разынд.

– Дысон дæ мæ фыны федтон æмæ йæ зыдтон, кæй æрцæудзынæ, уый, – ныццин кодта мад, кæртмæ æрбахизгæ йæ куы ауыдта, уæд.

Таймураз та йæ иннæ хæттытау йæ хъæбысы хæрдмæ фелвæста.

– Мурат дæр æрцыди?

– Нæ. Дæргъæвсмæ сæ акодтой ахуырты фæдыл.

– Йæ мад Фаска та мæ, мæгуыр, фæрсдзæн, махон цæуылнæ ‘рцыд, зæгъгæ.

– Иннæ сабаты, зæгъ, æрцæудзæн...

Лæппу йæ мады уæхскыл рæвдаугæ йæ къух æрхаста, æмæ йæм афтæ фæкаст, цыма фæстаг рæстæг уый ноджы мæллæгдæр фæци. «Хæрдхъуаг æййафа?» – сдзырдта йæхинымæр Таймураз, Бади йæхицæн хæринаг кæнынмæ зивæг кæй фæкæны, уый зонгæйæ.

Раст уыцы минут сæ кулдуар сабыргай æрбайгом ис, æмæ кæртмæ æд тæбæгъ æрбахызт сæ сыхæгты чызг Сæлимæт.

– Дæ удлæууæн та дæм фæзынди, Бадинæ, – цинхуызæй æрбадзырдта, стæй арфæтæ кæнынмæ фæци: – Дæ цæрæнбонтæ бирæ, Таму, дæ мады рох нæ уадзыс, – дзургæ-дзурыны чызг йæ тæбæгъ Бадинæмæ бадардта.

– Цы та мын æрбахастай? – тыхстхуызæй йæ афарста ус.

– Мæнæ ацы ногахст цыхтæй Тамуйæн исты хæринаг акæн...

– Дæхæдæг фæкæсынхъуаг куы дæ, уæд...

– Хуыцау мæм фæкæсдзæн.

Бадинæйæн æваст йæ зæрдæ ‘рбауынгæг.

– Ма тæрс, Сæлимæт, – ризгæ хъæлæсæй загъта уый. – Адзæбæх уыдзынæ.

– Цы диссаджы лæппу дын дзы рауад! – цæмæй ныхас иннæрдæм аздаха, уый тыххæй, Таймуразмæ кæсгæйæ, бафиппайдта Сæлимат. – Дæ фыдæбæттæ нæ фæдзæгъæл сты.

– Нырма цы бæрæг ис? Кæд мын æй искæй дзæбæх чызг бынтондæр йæхирдæм фæкæндзæн, уæд та? – бахудт Бадинæ.

– Уымæй дæ лæппуйæн тас нæу, – фидарæй загъта Сæлимæт æмæ йæ мидбылты бахудти.

Таймураз Сælимæты фæстаг хатт куы федта, уæдæй нырмæ чызг ноджы тынгдæр фæфыдхуыз. Йæ кæддæры сырхуадул цæсгом ныффæлурс, йæ даргъ хъуымбыл дзыккутæ стæнæг сты, йæ сау цæстытæн се ‘рттывд цыдæр фæци.

Йæ зæрдыл та æрбалæууыд, хæсты рæстæджы хъазты йемæ куыд кафыди, уый. Хъæуы уæд Сælимæтæй рæсугъддæр чызг нæ уыд. Фæлæ дзы амонд нæ фæци. Фыццаг йæ курджытæй йæхицæн никæй аккаг кодта, стæй та уæд рынчын фæцис æмæ бадгæйæ баззад. Йæ мад Гуырион-иу арæх дзырдта: «Мæ чызгæн, æвæццæгæн, йæ амонд хæсты фесæфт æмæ цы кæна?»

Сælимæт куы адард, уæд Бадинæ йæ кæуын нал баурæдта.

– Колхозы, мæгуыр, ныррынчын, афтæмæй сын Мæхæмæт хъæдæй суджы уæрдон дæр никуы æрласын кодта, – загъта, йæ цæстытæ сæрфгæйæ.

– Омæ, адæм цы ныггоби сты?

– Дзырдтой йын, фæлæ уый кæмæ хъусы?

– Ныр ын уал азы йæ быны дон бауадзæн куыд нæй...

– Уыл, хæстæй чи сыздæхт, уыдонæй чидæртæ бæргæ ацархайдтой, фæлæ сæ хъуыддагæй ницы рауад: район, дам, Мæхæмæтæн стыр аргъ кæны.

– Адæмы хардзæй сын бур физонæг æмæ сау бæгæны æдзух сæ разы куы æвæрай, уæд дын стыр аргъ куыд нæ скæндзысты?

– Ма дзур! Исчи дæ хъусы! – тарстхуызæй фæкодта Бадинæ.

– Æмæ мæ фехъусæд! Ницы гæды зæгъын.

– Сайгæ нæ кæныс, мæ хъæбул, фæлæ йын мах бон цы у? Суанг ма дзы горæты газеттæ дæр æппæлгæ куы кæнынц.

– Æмæ дзы куыд нæ æппæлой! Хор æгасæй дæр паддзахадмæ радты! Адæм сæ фæллойæ – æнæ хай, уый та йæхицæн цæсгом скæны...

Зауырбег, Таймураз æмæ Мурат арæх фæдзурынц хъæуты уавæрыл æмæ ‘рцæуынц иу хатдзæгмæ: алы колхозæн дæр хъуамæ уа ахæм сæрдар, адæмы цард чи ‘мбары, бахъуаджы сахат сын æххуыс чи кæна. Стæй хицауад дæр хъуамæ уый дома алы разамонæгæй дæр, фæлæ...

– Ахæм лæг-иу алы хъæуы дæр бæргæ разынид, фæлæ уæлдæр хицауады зæрдæмæ алчи нæ фæцæуы, – фæзæгъы Зауырбег.

– Ау, æмæ нæм æппындæр демократи нал ис?! – æрбамæсты йæм вæййы Мурат. – Колхозонтæ сæхæдæг кæй равзарой, уый хъуамæ хицауады зæрдæмæ дæр цæуа.

– Уымæй раст дæ, мæ лымæн, – йемæ сразы вæййы Зауырбег. – Фæлæ царды æдзух афтæ нæ вæййы. Колхозонтæ фылдæр хатт равзарынц, хицауад сын кæй æрæрвиты, уый.

– Хъæрæй ма дзурут, – фæсабыр сæ кæны Таймураз. – Кæд та нæм Болат искæцæй хъусы...

– Мæлæты тынг дзы нæ тæрсыс, – бахъуыр-хъуыр кæны Мурат, фæлæ уæддæр йæ хъæлæс фæныллæгдæр вæййы...

* * *

Таймураз æмæ Зауырбег рагæй бæллыдысты Нары хъæу фенынмæ. Æмæ куы фехъуыстой, филологон факультеты студенттæ сабаты уырдæм цæудзысты, зæгъгæ, уæд бæлццæтты хыгъдмæ сæхи бахæссын кодтой. Райсомæй куыддæр æдде автобусы уасын айхъуыстой, афтæ дуар сæ сæрыл рахастой, фæлæ ма сæм бынæттæ цыдæр амæлттæй æрхауд – студенттæ сæ рагацау кæрæдзийæн æрцахстой.

– Мæнæ ардæм тагъддæр рацæут, бынæттæ уын бацахстон, – фæстæрдыгæй сæм йæ къух фæтылдта Дзирæ.

– Бузныг, нæ чызджыты сæрæндæр! – раарфæ йын кодта Зауырбег æмæ йæм йæ цæстытæй бахудти.

– Табуафси, лæппуты раздзог! – дзуапп ын радта чызг.

Автобус æгасæй дæр дзолгъо-молгъо сси:

– Æз та цы фæуон?

– Æгæр парахат бадт нæ кæнут? Уæ кæрæдзийæ тæрсгæ кæнут? Мæнæн дæр ма уæ фарсмæ иучысыл бынат суæгъд кæнут!

– Уæд дзы бирæ фынæй кæнын нæ хъуыд!

– Ма дзур, кæннод дæ хъæбысы сбаддзынæн.

– Ха-ха-ха! – хъæрæй ныххудтысты, Таймуразитæн сæ разæй цы дыууæ æнæзонгæ чызджы бадтис, уыдон.

«Æвæццæгæн, фыццæгæм курсæй сты», – йæхинымæр алыг кодта уый.

Мæнæ уалынмæ автобус йæ бынатæй фенкъуысти.

– Фæлæуут! Чысыл фæлæуут! – æрбайхъуыст кæйдæр удаист хъæр.

Шофыр дуар фегом кодта, æмæ мидæмæ læф-læфгæнгæйæ схызт Болат. Æмæ, бынат агургæйæ, йæ ных Таймуразитырдæм сарæзта.

– Мæдинæ, акæс-ма, цы рæсугъд læппу æрбацæуы! – сусæг хъæлæсæй сдзырдта æнæзонгæ чызджытæй иу.

– Ма йæ бауарз, Дунетхан! – ныппырркк ласта иннæ.

– Цал хатты дын дзырдтон, Динæ мæ хон, зæгъгæ, – бахъуырхъуыр кодта Дунетхан. – Горæты дæр ма дын хохаг Дунетхан дæн?

Уæдмæ Болат æрбахæццæ чызджыты цурмæ æмæ дисхуызæй фæкодта:

– Мæнæ нæ факультеты цы зæдтæ-бæлæттæ фæзынд! Цæй, æз дæр уæ фарсмæ æрбадон, бангомдæр ут!

Кæройнаг чызг йæхи йе ‘мбалмæ балхъывта.

– Уауу, мæ фæрстæ мын сæттыс!

– Уæ нæмттæ та куыд сты, уæ нæмттæ? – Болат сæм радыгай бакаст.

– Æз Динæ дæн, – йæхи бацамыдта, æмварс æм цы чызг бадт, уый.

– Æз та Мæдинæ, – мæллæг хъæлæсæй загъта иннæ.

– Динæ æмæ Мæдинæ, – афæзмыдта сæ Болат. – Цы хорз рифмæтæ сты! Хотæ, мыййаг, ма разынут!

– Нæ, – йæ сæр банкъуыста Динæ – Дунетхан. – Æнæуи падругæтæ стæм.

Динæ Мæдинæйы хъусы цыдæртæ бадзырдта, æмæ сæ дыууæ дæр ныххудтысты.

– Цæуыл худут, цæуыл? – Болат сæм йæ урс-урсид дæндæгтæ базыхъхъыр кодта.

– Ма йæ схъæр кæн, – тыхст хъæлæсы уагæй йе ‘мбалæн загъта Динæ.

– Цæуылнæ? – ницыхуызæй йæ афарста Мæдинæ.

– Неудобнæй мын у…

– Цы æнæахуыр дæ… Паадумаиш! – йæ уæхсчытыл хæрдмæ схæцыд Мæдинæ.

Болат бынтондæр сцымыдис:

– Уагæр дын цы загъта?

– Цымæ, дам, лæппуйæн ахæм даргъ цæстыхаутæ цæмæн хъæуы? – ныччыр-чыр кодта Мæдинæ, æмæ йын Динæ йæ рæмбынкъæдзæй йæ фарс бакъуырдта.

– Уæд та сæ алвынин? – худгæйæ Динæйырдæм бакаст Болат.

Лæппуйæн йæ хъæлæсыуагæй бæрæг уыдис, Динæйы ныхас йæ зæрдæмæ кæй фæцыд, уый.

– О, хатыр! Мæхи уын нæма бацамыдтон! Æз дæр филологон

факультеты студент дæн. Мæ ном – Болат.

– Уыныс, чызджытимæ куыд зонгæ кæнын хъæуы, уый? – сусæгæй Таймуразы афарста Зауырбег æмæ йæм йæ цæст æрныкъуылдта.

Рудзгуытæй хæхтæ бынтон хæстæгæй куы ‘рбазындысты, уæд Таймураз йæ каст иудадзыг уыцырдæм скодта. «Цымæ, цал хатты ацыдаид фистæгæй ацы фæндагыл Къоста? – фарста уый йæхинымæр. – Цавæр хъуыдытæ йæм æвзæрди, йæ райгуырæн хъæумæ здæхгæйæ?»

– Дæ-дæ-дæй! Былæй хауæм! – хæрды машинæ чысыл галиуырдæм куы фæкъул, уæд фæхъæр кодта Динæ, æмæ йын цыма афтæ æнæбары рауад, уыйау йæхи Болатмæ нылхъывта.

– Ма тæрс... – æрбахъæбыс æй кодта лæппу, – æвæццæгæн, цалхы бынмæ дур бахауд...

– Дунетхан! – уайдзæфгæнæгау сдзырдта Мæдинæ, чызджы йæхимæ аивазгæйæ.

Динæ раст абадт...

Поты фæзы автобус æрлæууыд, æмæ студенттæ цингæнгæйæ æддæмæ ракалдысты.

– Мæнæ ам цы рæсугъд у!

– Ахæм ма дзы диссаджы уæлдæф уа!

– Раст мæ, уæлæ уыцы цæргæсы хуызæн, хæрдмæ стæхын фæнды! – хъуыстысты алырдыгæй дисы хъæлæстæ.

Таймураз исдуг автобусы цур йæ алывæрстæм кæсгæйæ баззад.

– Мах дæр цом, – студенттæ ахуыргæнджыты фæстæ Къостайы хæдзармæ куы ахал сты, уæд Таймуразы цонгыл ахæцыд Зауырбег.

Бæстæ уыд райдзаст. Арвыл иу мигъы тæпп дæр нæ зынд. Хурмæ хæхты цъуппытæ æрттывтой налхъуыт-налмасау, æмæ Таймуразмæ афтæ каст, цыма ам зымæг дæр никуы вæййы, фæлæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты Къостайы æмдзæвгæтæй хицæн рæнхъытæ:

Халон баргъæфст сындзыл...
Уад тымыгъ хæссы...

Зымæг нæ хæхты цух нæ уадзы, –
Лæджы æмбæрц æруары мит...

Таймуразмæ, уæлбылы лæугæйæ, афтæ фæкаст, цыма Нары

хъæу стыр нау у æмæ ныртæккæ хæхты ‘хсæн комы, йæ бынмæ цы ‘рттиваг дон цæуы, уым аленк кæндзæн, уыйау…

Музейы кусæг сын Къоста æмæ йæ бинонты царды тыххæй дзырд куы фæци, уæд дын Болат размæ рацыд.

– Мæн фæнды, Къостайыл цы ‘мдзæвгæ ныффыстон, уый ам бакæсын, – загъта Болат, йæ дзыппæй блокнот исгæйæ.

– Нæ хъæуы, – Дзирæ йæ нал бауагъта дзурын. – Дæ уацмыс нын хорз зонгæ у… Фæлтау Къостайæн йæхионтæй бакæсæм.

– Дзирæ раст зæгъы!

– Тынг раст зæгъы, тынг! – схор-хор кодтой алырдыгæй.

– Ахæм дзæбæх лæппуйы зæрдæхудты цæмæн цæут? – йæ сæрыл рахæцыд музейы кусæг. – Уадз æмæ нын æй бакæса.

– Стыр бузныг! – Болат ын йæ сæрæй ныллæг акуывта æмæ йæ, цыма йæхи фæзмы, афтæ бакаст.

Динæ, Мæдинæ æмæ музейы кусæгæй дарддæр ын ничи амдзæгъд кодта…

* * *

Рагъыхъæуы колхоз паддзахадæн йæ хæс уæлдайджынтæй кæй бафыста, уый тыххæй та Мæхæмæтæн ног орден радтой.

Таймуразмæ афтæ каст, цыма сыхбæстæ Мæхæмæты орденæй уæлдай ницæуыл дзырдтой. Ноджы ма хъæуыл куы айхъуыст, стыр куывд кæндзæн, зæгъгæ, уæд адæм бынтон сцымыдис сты.

– Æвæццæгæн та æвзаргæ лæгтæ ‘рхондзысты, – загъта сыхæгтæй иу.

– Æмæ уæдæ мах дуæрттæ сæтдзысты? – загъта иннæ.

Æмæ, æцæгдæр, сыхбæстæй куывды ничи уыд. Фæлæ районæй æмæ горæтæй бирæ адæм æрцыд. Суанг ма семæ уыд газет æмæ радиойы уацхæсджытæ дæр. Фæндыры цагъды зæлтæ куы айхъуыстысты, уæд сыхы сывæллæттæ кæрæдзи фæдыл кæртырдæм фæраст сты, фæлæ уыцы рæстæг сæ сæрмæ рудзынг фегом ис, æмæ сæ Косерхан уырдыгæй мæстæлгъæд афарста:

– Уæ хонæг уыл кæм амбæлди?!

Сывæллæттæ алырдæм фæпырх сты…

Иузаман фæндыр фæсабыр, æмæ кæмæ рувæн, кæмæ халамæрзæн, кæмæ бел, афтæмæй уынгмæ худгæйæ ракалдысты уазджытæ.

– Мæнæ бæлæсты бын Мæхæмæты фарсмæ дыууæрдыгæй æрлæууут! – хъæрæй сын амыдта уацхæссæг, йæ къамисæн

цæттæйæ даргæйæ. – Цæмæй йæ орден хуыздæр куыд зына, афтæ... Йæ аууон æй ома мачи кæнæд...

«Цымæ, уазджытæм алы кусæнгæрзтæ та цæй охыл радтой?» – дисы бацыд Таймураз.

Фæлæ сын дыккаг бон газеты сæ хуызисты бынмæ фыст куы федта, уæд, хъуыддаг цæй мидæг ис, уый бамбæрста: «Колхозы сæрдар йæ уарзон фæллойгæнджытимæ».

Цæмæй, «фæллойгæнджытæ» Рагъыхъæуæй кæй не сты, уый мачи сбæрæг кæна, уый тыххæй сын сæ къам уацхæссæг дардæй систа.

* * *

Болат та лекцитæм нæ фæзынд.

– Цымæ, ныр та, кæй фæцух кодта, уымæн цы ‘фсон скæндзæн? – йе ‘мбæлттыл Дзирæ йæ цæст ахаста.

– Зæгъдзæн, фæрынчын дæн, зæгъгæ.

– Æмæ дзы, Радимæ, деканат справкæ куы бадомой, уæд та?

– Диссаг дæ, Дзирæ, – бахудти йæм Радимæ. – Болатæн ахæм справкæ ссарын зын у?

Таймуразиты агъуысты дуар мидæджырдыгæй дæгъæлæй æхгæд разынд.

– Цы уа? – Мурат тымбылкъухæй дуар бахоста.

Райхъуысти кæйдæр сусу-бусу, стæй цыдæр гуыпп фæцыдис. Таймураз уайтагъддæр бамбæрста, бандон пъолыл кæй афæлдæхт, уый.

Уалынмæ дуар фегом, æмæ Динæ сæргуыбырæй се‘ хсæнты разгъордта. Болат æфснайдта хуыссæн.

– Нæ дæ бахъыгдæрдтам? – худгæбылæй йæ афарста Мурат. – Æгæр раджы не ‘рбацыдыстæм?

– Æмæ цы ‘нхъæл стут? Динæйæн логикæйæ консультаци кодтон...

– Хъæццулы бын?!

– Цытæ дзурыс?! Уый дысон мæ фысымтæм уазджытæ æнафонтæм фæбадтысты æмæ хуыссæгхъуаг фæдæн. Мæ зæрды уыдис ам иучысыл мæ фæллад суадзын, фæлæ уалынмæ Динæ фæзынд...

– О, æцæгдæр афтæ уыдзæн. Уæдæ йын царды логикæ дæуæй хуыздæр чи хъуамæ бацамона?

Таймураз æмæ Зауырбег сæ худын нал баурæдтой.

– Ахæм аргъæуттæ-иу æндæр искæмæн кæн! – карзæй загъта Мурат.

– Цæй-ма, лæппутæ не стут?

– Ды афтæ ‘нхъæл дæ, æмæ иу ибкæ чи нæ уадзы, æрмæстдæр уый у æцæг лæппу, – загъта Таймураз.

– Ды та чызгмæ комкоммæ бакæсын дæр куы нæ уæндыс! Стæй мæм Заретæйы тыххæй мæсты дæ...

– Æмæ дæм хæлæггагæй та цы ис? – афарста йæ уый.

– Кæннод æй нæ зоныс! – худæнбылæй загъта Болат. – Заретæ мæн кæй бауарзта, уый дæ рох нæма у.

Таймураз ын иуцасдæр дзуапп раттынмæ нал арæхст.

– Æмæ Таймуразы та Заретæимæ цы кæсы? –Болатмæ йæ цæстытæ фæзынг кодта Зауырбег.

– Куыд цы кæсы? Таймураз дæр Заретæйы уарзта, фæлæ уый мæн равзæрста.

– Æмæ Заретæ йæ хæстæг куы у!

– Ахæм хæстæджытæ!.. Стæй нывæрзæн хæстæгæй нæ фæрсы...

– Цъаммар! Куыдзæй гуырд! – Таймураз йæхи Болатыл бауагъта, фæлæ йæ Мурат æмæ Зауырбег дыууæрдыгæй ацахстой.

– Кæд æй институтæй фæхауын фæнды, уæд мæм æй рауадзут, – ныффæлурс, афтæмæй загъта Болат. – Æз ма йæ ахæстоны дæр сбадын кæндзынæн.

– Тагъд ардыгæй дæхи айс! – йæ цæстытæ йæм фæдзагъул кодта Мурат. – Кæннод, чызджыты фæдыл зилын дæ бон куыд мауал уа, ахæм над дын кæнын!

Болат дуар йæ фæдыл атъæпп ласта...

– Кæдмæ йын бардзыстæм? – Таймуразмæ бакаст Мурат. – Уæд та йыл исчи деканмæ бахъаст кæнид...

– Уымæй ницы рауайдзæн, – йæ сæр батылдта Зауырбег.

– Ау, куыд ницы дзы рауайдзæн? – бадис кодта Мурат. – Æвзонг чызджыты халыны бар ын чи радта?

– Консультацитæм мæм цæуынц, зæгъгæ, зæгъдзæн, æмæ ма йæ – цу, басæтт. Стæй йын, оргæнты цы хæстæг кусы, уый йæ мæсыг у.

– Æцæг афтæ у, Зауырбег, æцæг, – æнкъардæй сразы Таймураз. – Йæ фыдæн хæлæрттæ – хæрх, ноджы цахæмтæ!

Заретæ Зæриффæйæ уæлдай никæмæ фыста. Таймураз-иу

рахъавыд Зæриффæйы истæмæйты бафæрсын, фæлæ та-иу уайтагъд йæ фæндон аивта.

Зæриффæ йæхæдæг лæппутæн фехъусын кодта, Заретæ медучилищæ каст фæци æмæ, дам, уымы поликлиникæтæй иуы кусын райдыдта, уый. Таймуразæн уый фехсызгон, фæлæ ма Зæриффæ йæ ныхæстæм куы бафтыдта, Заретæйы курджытæ фæцис, зæгъгæ, уæд йæ цин æрбацыдæр.

– Æмæ йын нырма мой кæныны афон у? – æнæбары дзы сирвæзти, æмæ йæ цæсгом фыр æфсæрмæй артау ссыгъди.

– Цæуылнæ? – дисхуызæй йæм бакаст Зæриффæ. – Кæд, йæ курджытæй йæ зæрдæмæ чи цæуы, ахæм ис, уæд кæдмæ хъуамæ бада?

«Æмæ зæрдæмæдзыд уарзондзинад у?» – йæхинымæр æй афарста Таймураз, фæлæ хъæрæй сдзурын та ницы бауæндыд.

Уæдæй фæстæмæ та Таймуразæн йæ хъуыдытæ иууылдæр Заретæйыл сысты. Арæх-иу йæ цæстытыл ахъазыд, Заретæ чындзы куыд цæуы, уый, æмæ-иу уæд йæхицæн бынат нал ардта.

Зыдта йæ, Заретæимæ кæй никуы баиу уыдзысты, фæлæ йæ уæддæр нæ фæндыд, æндæр искæмæ смой кæна, уый. Чи зоны, æмæ ма йæ зæрдæ цæуылдæр дардта. Стæй та Зæриффæйæ базыдта, Заретæйы йæ мадыхо чындзы кæй арвыста. Æмæ æваст йæ цæстытæ атартæ сты.

Уыцы бон Таймуразы йæ къах суанг æнафонтæм æмдзæрæнмæ нал хаста. Тарсти, йе ‘мбæлттæ йын йæ зæрдæйы рыст куы бамбарой æмæ йæ рафæрс-бафæрсыл куы схæцой, уымæй. Фæлæ куы ‘рбаздæхт, уæд Мурат æмæ Зауырбег сæхи фынæй æфсон скодтой, æмæ уæд уый дæр уайтагъд йæ хуыссæны нынныгъуылд.

Æрмæст ын райсомæй, лекцитæм цæугæйæ, Зауырбег загъта:

– Зонын дын, ме ‘мгар, дæ масты хабар, фæлæ цы уайы хъыг кæнынæй? Чи зоны, æмæ искуы дæхи амонджыныл банымайай, дæ риуы ахæм рæсугъд æнкъарæн кæй равзæрди, уый тыххæй...Сæмбæлдзынæ нырма дæ Хуыцауы лæварыл!

Таймуразæн йæ фыццаг радзырд «Рæстдзинад»-ы рацыди, æмæ йын студенттæ, Болатæй фæстæмæ, арфæтæ кодтой.

– Æмæ уый цæй аивадон уацмыс у? – Дзирæ Болаты куы афарста, ды та йын цæуылнæ раарфæ кæныс, зæгъгæ, уæд уый йæ къух ауыгъта. – Ахæм радзырд æз къулы газеты дæр нæ рауадзин...

Зауырбег æм йæхи нал баурæдта.

– Хæлæгæйгуырд дæ сыгъдæгæй дæр! Бирæтæ йæ дыккаг хатт дæр ма бакастысты, сæ зæрдæмæ тынг кæй фæцыд, уымæ гæсгæ, ды та!..

– Æцæг аивад циу, уый бирæтæ не ‘мбарынц.

Болаты схъæл ныхæстæм Мурат рафыхти:

– Æппæт ærмæстдæр ды ‘мбарыс! Рæсугъд чызджыты фæстæ дæр уымæн зилыс! Богъ скодтай дæхицæй!

Болат фыццаг фæуыргъуыйау, стæй уыцы уæзданæй афтæ:

– Чызджытæ мæм сæхæдæг ныккомкоммæ вæййынц...

– Æмæ сæм кæд дæхæдæг нæ ныззынг вæййыс, уæд æй куыд базоныс, кæсынц дæм æви нæ, уый? – худгæйæ йæ афарста Зауырбег.

– Омæ моладзан, мыййаг, нæ дæн...

– Цæй, ныр уыимæ цы дзурыс? – Зауырбеджырдæм фæзылди Мурат. – Бирæгъ йæ кæнон зæнгыл нæ уадзы.

– Цавæр бирæгъ?! – йæ бынаты хæрдмæ фæхаудта Болат. – Оскорблять мæ цæмæн кæныс? Куы дыл бахъаст кæнон, уæд та?

– Кæдæм мыл бахъаст кæндзынæ? – Мурат мæсты худт бакодта.

– Кæдæм? Кæдæм? – сфæзмыдта йæ Болат. – Нæ фæскомцæдисы бюромæ, æндæр кæдæм... Æз къухæй не ‘вналын.

– Сымах æгас бинонтæй дæр хъаст кæнын ахуыр стут. Бахъаст кæн! Æз дын дæхи митæ хурмæ ракалон! – бартхъираен æм кодта Мурат. – Нырмæ дæр дæм мæхи тыххæй уромын...

Болат цæхгæр ныхъхъус.

* * *

Ахуыры кæрон куыд хæстæгдæр кодта, афтæ студенттæ дзурын байдыдтой, тагъд кæрæдзийæ кæй фæхицæн уыдзысты, ууыл. Ахæм рæстæг-иу чызджытæй кæмæндæрты сæ цæстытæ доны разылдысты.

– Цæуыл тыхсут? – фарста сæ Дзирæ. – Уæддæр Ирыстоны нæ кусдзыстæм æмæ нын-иу сæмбæлынæн гæнæнтæ нæ уыдзæн?

– Не ‘ппæтæн ахæм фадат куы нæ уа? – дзырдтой чызджытæ. – Ныридæгæн нæ кæмæдæрты кæцæйдæр афицер курджытæ куы фæзынд.

– Æмæ уыдонæн сæ пъагæттæ сисдзысты, рæстæгæй-рæс-

тæгмæ-иу сæ бинойнæгты ардæм, сæ цæгатмæ куы рауадзой, уæд? – семæ нæ разы кодта Дзирæ. – Стæй мын уæд афицер мæйттыл та цы хæлæф кæнут? Ам уæ аккаг лæппутæ нал ис?

Æмæ-иу уæд Дзирæ йæхæдæг фенкъард: йæ зæрдыл та-иу æрбалæууыд Мурат. Чызджытæ æппæт хабæрттæ дæр зыдтой, æмæ-иу уыдон дæр фæхъус сты.

Таймураз та раджы бафиппайдта, йе ‘рдхорд дæр Дзирæйы цур хуымæтæджы кæй нæ ныфсæрмы вæййы, уый.

– Дæ зæрдæйы сусæг хъынцъым ын сæргом кæн, – иуахæмы та Дзирæ йе ‘мбæлттимæ сæ рæзты куы фæцæйцыд, уæд загъта Муратæн.

– Цы?... Цавæр сусæг цыдæр? – йæхи ницы ‘мбарæг акодта уый. – Кæмæн?

– Дзирæйæн, æндæр кæмæн? Махæн Зауырбегимæ куырм æнхъæл дæ, цы?

Мурат арф ныуулæфыд:

– Фæлæуут уал... Афон нæма у ...

Иу изæр сын Зауырбег фехъусын кодта, тагъд институты клубы спектакль «Чермен» кæй æвдисдзысты, уый.

– Артист хъуамæ суай ды – нæма дын байрæджы, – æппæлыдысты дзы уыдон.

– Цæй артист ис мæнæй... Фæлæ мæм кæд æцæгдæр ахæм курдиаты мур ис, уæд мæ уый скъолайы дæр бахъæудзæн, – загъта-иу Зауырбег. – Ахуыргæнæг хъуамæ актеры миниуджытæй дæр хайджын уа...

Спектакль фенынмæ уыйас адæм æрбацыд – студенттæ, ахуыргæнджытæ, – æмæ дзы бирæтæн бынæттæ дæр не сфаг ис, æмæ къулы рæбын лæууыдысты.

Мæнæ уалынджы сабыргай æмбæрзæн байгом, æмæ разындысты урссæр хæхтæ. Театрдзаутæ нымдзæгъд кодтой.

Таймураз Зауырбеджы нал базыдта: ууыл уыдис цыбыр куырæт, йæ сæрыл – урс нымæтхуд, йæ къæхтыл – зæнгæйттæ. Суанг ма йæ цæсгом дæр бынтон фендæрхуызон, æвæццæгæн, рихитæ йыл кæй уыд, уый тыххæй. Фæлæ, фæсусгомау хъæлæсæй дзурын куы райдыдта, уæд ма йæ цы базонын хъуыд, æмæ Таймураз Зæриффæйы хъусы бадзырдта:

– Уый Зауырбег у...

– Базыдтон æй, – цæмæндæр уынгæг хъæлæсæй загъта чызг.

Пьесæйы архайд куыд цыди, афтæ йæм адæм ноджы цымы-

дисдæрæй кастысты. Фæстагмæ Зæриффæ йæ цæссыг нал урæдта, æмæ Мурат хæлæггæнæгау сабыргай сдзырдта: «Уарзондзинад дзы ахæм куы нæ уа!»

Спектакль фæци. Адæм афтæ тыхджын æмдзæгъд кодтой æмæ та-иу хæдахуыр актерты ногæй-ногмæ сценæмæ рахуыдтой.

Зауырбегæн йæ цæстытæ фыр цинæй ærттывтой...

– Раст цыма æцæг театры уыдтæн, афтæ мæм фæкаст, – æппæлыд Дзирæ, æмæ йын Зæриффæ æнæнхъæлæджы æнæдзургæйæ ахъæбыс кодта. Дзирæ йæм дисгæнгæ бакаст...

* * *

Кæсæндоны Таймураз алы хатт дæр иу ран бадын уарзта. Æмæ йын-иу фæхъыг, исчи-иу уырдæм йæ разæй куы фæцис, уæд. Фæлæ йын иу рæстæг цавæрдæр æнæзонгæ студент йæ бынатмæ фæцахуыр. «Æвæццæгæн, институты фæсауунмæ чи ахуыр кæны, уыдонæй у, æндæра афтæ раджы кæсæндонмæ куыд ærбахæццæ вæййы?» – йæхинымæр дис кодта Таймураз æмæ та-иу бар-æнæбары æндæр бынат ærцахста.

Таймураз-иу æнхъæлмæ каст, æнæзонгæ студент ын йæ бынат кæд суæгъд кæндзæн, уымæ, фæлæ дзæгъæлы: лæппу-иу суанг изæрмæ йæ куыст нæ уагъта. «Цымæ, хæргæ дæр нæ фæкæны æви цы?», – хатгай йæм-иу рамæсты Таймураз.

Æвæццæгæн, æнæзонгæ студент дæр æй бафиппайдта, Таймураз дæр уыйау кæй бафæстиат вæййы, уый, æмæ иу изæр, сæ чингуытæ фæстæмæ куы лæвæрдтой, уæд æй афарста:

– Ды дæр раст литературон факультеты ахуыр кæныс...

– Цæмæй йæ базыдтай? – бакасти йæм Таймураз.

– Уæдæ алы бон дæуау Толстойы уацмыстæ чи хъуамæ кæса? Цæй, базонгæ уæм, – лæппу йæм йæ къух бадаргъ кодта. – Роман Савченко... Мæздæггаг... Ахуыр кæнын фæсауунмæ...

– Таймураз... Рагъыхъæуккаг... Тагъд хъуамæ фæуон институт...

– Дæ бонæй уай, йæ фыдыбæттæ кæмæн ахицæн уыдзысты, – хæлæггæнæгау сдзырдта Роман. – Мæн та нырма цас ахæцын хъæуы...

Уыцы бонæй фæстæмæ дыууæ лæппуйы бахæлар сты. Роман Зауырбег æмæ Мураты зæрдæмæ дæр фæцыд æмæ сын-иу æхсызгон уыд, сæхимæ-иу æй Таймуразимæ бадгæйæ куы ‘рбаййæфтой, уæд.

– Мæ лæвар репетитормæ та æрбауадтæн, – хъазгæйæ-иу загъта Роман.

– Дæ руаджы иттæг хорз бæрæггæнæн райстон, – иубон Таймуразæн цингæнгæйæ фехъусын кодта Роман. – Корзун ма мæ иннæ студенттæн æппæлгæ дæр ракодта.

– Ды та дзы тæрсгæ кодтай.

– Æмæ дзы куыд нæ тарстаин, рæстæмбис бæрæггæнæн райсын дæр, дам, æм зын куы у, уæд?

– Корзун йæ предмет бирæ уарзы æмæ архайы, студенттæ йын æй хорз куыд зоной, ууыл.

– Искуы кафейы куы абадиккам, уæд дæм куыд фæкæсид? Ныхсæм мæ «фондз», – Роман бахудт.

– Бузныг, Роман, фæлæ хъæумæ тагъд кæнын...

– Æмæ уæд мæн демæ нæ кæныс? – фæцырд æм ис лæппу. – Уæ хъæу æмбисонды рæсугъд у, зæгъгæ, фехъуыстон.

Таймураз исдуг фæхъус. Романæн – цæрæг хæдзарæй уыд – йæ мад æмæ йæ фыд ахуыргæнджытæй куыстой æмæ тарсти, уыдоны мæгуыр цард йæ зæрдæмæ куы нæ фæцæуа, уымæй.

– Бесланыхъæуæй нæм фистæгæй дзæвгар цæуын хъæуы, æмæ дæ ныфс хæссыс? – æрæджиау зивæггæнæгау сдзырдта Таймураз.

– Ау, æмæ мæн дæхицæй лæмæгъдæр хоныс?

Фæндагыл Роман дзырдта алы анекдоттæ æмæ сыл йæхæдæг Таймуразæй хъæрдæрæй худти. Таймураз уарзта анекдоттæм хъусын, фæлæ сæ-иу уайтагъд ферох кодта.

Мæнæ уалынмæ къуыбырты 'хсæнæй разынди сæ хъæу, æмæ Роман йæ бынаты лæугæйæ аззади.

– Ахæм ма дзы алæмæты цæрæнбынат уыдзæн! – æрæджиау мынæг хъæлæсæй сдзырдта, стæй, цыма бæлвырд кæмæдæр тагъд кодта, уыйау йæ цыдыл бафтыдта.

Таймураз ма йæ тыххæй æййæфта. Фæлæ сæм хъæу æнæхъæнæй куы разынди, уæд сæ дыууæ дæр сæ цыд фæсындæгдæр кодтой...

Дурджын бæрзонды бынмæ, цыма цæргæс йæ базыртæ фæйнæрдæм айтыгъта, уыйау къуыбырты астæу дардыл ахæлиу сты урс чъырæйцагъд хæдзæрттæ. Сæ алывæрсты къохтау дыргъ бæлæстæ.

Хуры фæстаг тынты рухсмæ Таймуразмæ йæ райгуырæн хъæу фæкасти уæлдай рæсугъддæр.

Стыр уынгмæ куы схæццæ сты, уæд сывæллæттæ сæ размæ хъæргæнгæ разгъордтой:

– Таймураз та горæтæй æрцыд! Таймураз та Бадинæйæн сугтæ ласдзæн!

– Цы зæгъынц, цы? – дисгæнгæйæ афарста Роман.

– Цин ныл кæнынц, – худгæйæ йын дзуапп радта Таймураз, стæй йæ хызынæй аслам къафетты тыхтон фелвæста æмæ сæ сывæллæттæн уарыныл фæци...

– Ай дын кæй дзæбæх лæппу у? – Таймураз Романимæ сæ кæртмæ куы бахызтысты, уæд æй цымыдисæй афарста Бадинæ.

– Уый дæр нæ институты ахуыр кæны. Мæздæггаг у.

– Алыбон æгас нæм цу! – уазæгыл бацин кодта Бадинæ.

– Уый ирон нæу, Бади, æмæ дæ не ‘мбары, уырыссагау æм дзур, – йæ мадмæ бахудти Таймураз.

– Ægæр хорз дæр ма мæ ‘мбары. Уæдæ мын цæмæн ахъæбыс кодта? – загъта æмæ ныххудти.

Бадинæ уырыссагау нæ зыдта, Роман – иронау, фæлæ уайтагъд кæрæдзи цæстæнгасæй бамбæрстой æмæ, цыма рагæй дæр зонгæ уыдысты, уыйау æнæнхъæлæджы балымæн сты. Романы хуызæн æргом зæрдæйы миниуæгæй хайджын чи уыд, ахæмтæм Таймураз хæлæг кодта, йæхи йын сабыр æмæ мадзура кæй хуыдтой, уый тыххæй. Роман уайтагъд Бадинæйæн цæмæй нал аххуыс кодта, уый нал баззад: саст сугтæ æрбадавта, пецы арт бандзæрста, фæнык æддæмæ ахаста. Таймуразмæ ма хардзау дæр фæкаст, куыстытæй уымæ кæй ницыуал хаудта, уый.

– Дæ мад мæ мадау тынг зæрдæхæлар у, – загъта Роман.

– Цы зæгъы, цы? – Бадинæ фæсагъæсхуыз.

– Дæуæй æппæлы... Цы хорз, дам, дзурыс уырыссагау!

– Ма мæ хъаз, æдзæсгом!

Роман куы базыдта, амы скъолайы Уæрæсейы сгуыхт ахуыргæнæг æмæ Ленины орденхæссæг кæй кусы, уый, уæд бынтондæр сцымыдис.

Луизæ Ивановнæйы байфæфтой хуысгæ рынчынæй. Фæлæ сыл уый уæддæр бацин кодта, сæ царды хабæрттæй фæрсынтыл сæ фæци.

Уæдмæ дуарæй йæ сæр æрбадардта хъæуы фелсыр йæ урс халаты.

Таймураз æмæ Роман сæ бынæттæй фестадысты.

– Уыныс, дæ ахуыргæнæг цы уавæрмæ ‘рцыд, уый, – бынæй хæрдмæ Таймуразмæ хъæрзгæйæ сдзырдта Луизæ Ивановнæ. – Тагъддæр фæу дæ ахуыр æмæ мæ раив...

Таймуразæн йæ зæрдæ ‘рбауынгæг. Тагъд рæстæджы анæниз у, зæгъгæ, йын раарфæ кодтой æмæ рацыдысты.

* * *

Таймуразмæ æнæнхъæлæджы фæдзырдтой деканатмæ æмæ йын фехъусын кодтой, Мæскуыйæ, дам, стыр ахуыргонд лæг ссыд æмæ, дам, дæ ахсджиаг ныхасмæ агуры. Таймураз дисы бацыд, уæдæ мæ цы кæны, зæгъгæ. Фысымуат «Терчы» ссардта, уазæг цы номыры цард, уый æмæ йын уæздан йæ дуар бахоста.

– Мидæмæ! – райхъуысти нæлгоймаджы бæзджын хъæлæс.

Таймураз хъавгæ дуарыл бахæцыд. Стъолы уæлхъус бадт ацæргæ лæг, кæсæнцæстджын. Таймураз бахизæны раз лæугæйæ афæстиат.

– Хæстæгдæр рацу, – фæлмæн æм бахудти лæг æмæ йæ фыссæнгарз стъолыл æрæвæрдта.

Таймураз, уый йын йæ къухæй кæдæм ацамыдта, уым диваныл йæхи æруагъта.

– Æз профессор Сухотин дæн, кусын наукæты Академийы, Мæскуыйы, – дзурын райдыдта лæг. – Ардæм ссыдтæн, цæмæй, ацы институт каст чи фæуыдзæн, уыдонæй нæ аспирантурæмæ искæй рацæуыныл сразы кæнон. Дæуæй мын раппæлыдысты æмæ...

Таймуразæн йæ зæрдæ сцæлхъ-цæлхъ ласта.

– Кæд дæ æвзаджы зонадон кусæг суæвын фæнды, уæд – табуафси, рацу махмæ.

Таймураз хъусæй куы лæууыд, уæд та йæ профессор бафарста:

– Æви уал дæ зæрды раздæр кусын ис?

– Нæ, нæ, ахуыр кæнын ма мæ фæнды, – Таймураз цæмæндæр йæ бынатæй дæр ма фестад.

Профессор йæ мидбылты бахудт, стæй загъта:

– Хорз уæдæ. Куыддæр диплом райсай, афтæ-иу дæ гæххæттытæ цæттæ кæнын райдай, цæмæй ныл афойнадыл куыд сæмбæлой, афтæ...

Мурат æмæ Зауырбегæн æхсызгон уыд йæ хабар.

– Цыфæнды куы уа, уæддæр Мæскуы Мæскуы у!

– Æмæ уæд ды та? – афарста Таймураз Мураты.

– Мæн Скитский ардыгæй никæдæм ауадздзæн – нæхи аспирантурæмæ бацæудзынæн.

– Хæмæт! Ма кæн мæ мæт! – Зауырбег сæ дыууæйы дæр йæ хъæбысы æрбатыхта.

Таймураз тарсти, Бадинæ йын йæ мæгуыр хъарджытæ кæнынмæ куы фæуа, уымæй, фæлæ уый æнахуыр фидарæй загъта:

– Дæ фыд тынг бæллыд, ды ахуыргонд цæмæй суай, уымæ. Мæхи кой нал кæнын. Мæн бирæтæ нæ хъæуы...

– Æмæ фæндаггаг æхца та кæм самал кæнæм?

– Кæд уал нын исчи уыйбæрц æфстау раттид...

– Уæд та ацы æз лæууин?

– Нæ, нæ! Лæг амалæн у, стæй адæм хорз сты...

* * *

Таймураз Мæскуымæ цæудзæн, зæгъгæ, уыцы хабар куы айхъуыст, уæд Косерхан фыдгойыл нал ауæрста.

– Æмæ чи у Таймураз? Болатикæй хъауджыдæр кæм фесгуыхт? Æви мын йæ фыд дæр ахуыргонд уыди? Хæсты кæм æмæ куыд фесæфт æбæрæгæй, уымæн бæрæг куы нæй ...

9-æм майы агъоммæ, йæ фыд хæсты кæмæн байсæфт, уыцы студенттæн институт æхцайæ чысыл феххуыс кодта.

Уыцы бон та æмдзæрæнмæ Болат дæр фæзынд. Уый размæ цы кой кодтой, уымæ гæсгæ Зауырбег загъта:

– Хорз у, Таймураз, уыцы æрхъуыды дæр: кæд дын хал халæн æххуыс, зæгъгæ, фæахъаз уаиккой ацы капеччытæ дæр...

– Немыцмæ чи балыгъд, хæстонтыты 'хсæн ахæмтæ дæр иу æмæ дыууæ нæ уыд, – йæ сæр худгæйæ батылдта Болат.

Мурат йæ бынатæй фæгæпп ласта:

– Цытæ-иу фæлæхурыс, цытæ?!

– Ау, уæдæ хæсты æнæбæрæгæй фесæфти, зæгъгæ, ахæм гæххæтт кæй тыххæй райстой, уыдон се 'ппæт Фыдыбæстæйы сæраппонд сæ туг ныккалдтой?

Болатæн ма Таймуразырдæм былысчъилæй бакæсын бантыст: уый йын æвиппайды тымбылкъухæй йæ фындз ныццавта. Уадидæгæн йæ туг йæ урс-урсид хæдоныл æркалди.

– Кæс-ма ацы дезертиры фыртмæ! – тыхулæфтгæнгæйæ фæхъæр кодта Таймураз. – Æз дын... – æмæ та йæ ногæй ныццæвынмæ хъавыди, фæлæ йæ Зауырбег иуварс асхуыста.

– Дæхи ма саф…йæ фаджысæй!

– Фендзынæ йæ, фæлæуу! – йæ фындзы туг хисæрфæнæй сæрфгæйæ, бартхъирæн кодта Болат. – Бæрæг дæм уыдзæн дезертиры тыххæй дæр!..

Уынæрмæ чызджытæ æрбакалдысты.

– Цы хабар у? Цы ‘рцыд? – тарстхуызæй лæппуты афарста Дзирæ.

Таймураз ныффæлурс, афтæмæй лæууыд рудзынджы цур.

– Болат йæ фындзыл хæцгæ кæдæм фезгъоры? – ныр та Радимæ афарста.

– Дохтырæй справкæ райсынмæ, – худгæйæ дзуапп радта Мурат.

Дур цады куы ныппарай æмæ доны сæрмæ уылæнты зиллаччытæ фæйнæрдæм куыд ацæуой, афтæ уайтагъд институтыл ахæлиу хабар.

Таймуразмæ раздæр фæдзырдтой деканатмæ, стæй та фæскомцæдисы комитетмæ. Фарстой йæ, Болатимæ се ‘хсæн хыл цæмæн рауад, уымæй, фæлæ уый хъусæй лæууыд: нæ йæ фæндыд, йæ фыды кой кæнын.

Мурат, Зауырбег æмæ Дзирæ деканмæ бацыдысты.

– Таймураз ницы аххосджын у, – фидарæй загъта Дзирæ. – Уый бынаты ма суанг æз дæр Болатмæ мæхи нæ баурæдтаин…

– Уый та куыд? – бынæй хæрдмæ йæм йæ кæсæнцæстыты сæрты скасти декан.

– Раст зæгъы Дзирæ! Аххосджын Болат йæхæдæг у, – загъта Мурат дæр. – Мах Зауырбегимæ уым уыдыстæм æмæ йæ зонæм, хъуыддаг куыд рауад, уый…

– Хъусын уæм…

Мурат Зауырбеджырдæм бакаст, ома, ды райдай, зæгъгæ.

Уый хабар сæрæй бынмæ радзырдта. Декан йæ кæсæнцæстытæ фелвæста æмæ сæ æвиппайды стъолмæ æрæппæрста.

– Хорз ахуыргæнджытæ цæттæ кæнæм! – мæстыйæ сдзырдта æмæ исдуг хъусæй абадт. Стæй загъта:

– Байрæджы кодтат. Болаты хæстæджытæ хъаст суанг ректормæ бахастой. Таймураз институтæй куы фæхауа, уымæй тæссаг у. Уæлдай тынгдæр æртхъирæнтæ кæны, оргæнты сын чи кусы, уыцы хæстæг…

– Мах æй атæрын нæ бауадздзыстæм! – фæхъæр кодта Дзирæ æмæ фыр адæргæй йæ къух йæ дзыхыл авæрдта. – Æз … æз нæ

курсы студентты се ‘ппæты дæр ректормæ бакæндзынæн. Уадз æмæ йæ уый дæр базона, Болат цы туг, цы стæг у, уый...

Чызг ма цыдæр зæгъынмæ хъавыди, фæлæ йæ кæуын йæ хъуырмæ схæццæ, æмæ уæд дуары æдде фæци.

– Хорз... Ныр хъуыддаг мæ бар уадзут, – загъта декан. – Таймураз йæ ахуырæй нæ фæхаудзæн...

Кæрты Дзирæ æнхъæлмæ касти Мурат æмæ Зауырбеджы рацыдмæ æмæ сæ куыддæр ауыдта, афтæ сæ афарста:

– Цы ма уын загъта?

– Хъуыддаг йæхимæ айста. Зæрдæ нын бавæрдта, Таймураз институты кæй баззайдзæн, уымæй.

– Цы хорз у! Мæн та скæуынмæ бирæ нал хъуыд... Хæрзаг мыл йæ зæрдæ фæхудт.

– Цæмæн?– Уымæн дæр йæхи сæрыл исчи афтæ куы радзурид бахъуаджы сахат! Стæй махæн дæр...

Зауырбег худгæйæ сдзырдта:

– Ацы хатт та мах Болаты дæндæгтæм базилдзыстæм, æмæ уæд нæ дыууæйæн дæр Дзирæ сæрылхæцæг фæуыдзæн.

Чызг йæ дзыхыдзаг ныххудти, стæй загъта:

– Таймуразæн тагъддæр фехъусын кæнын хъæуы деканы ныхæстæ!

Таймураз æфхæрд нæ баййæфта фæскомцæдисы комитетырдыгай дæр. Хъуыддагмæ бæлвырд куы ‘ркастысты æмæ ма ноджы, Болатæн йæ ахуыр куыд цæуы, уый куы сбæрæг кодтой, уæд ын йæхи зылыныл банымадтой.

* * *

Паддзахадон фæлварæнтæ куы райдыдтой, уæд Таймуразæй рæстæгмæ æрбайрох ис, Болат ын цы маст скодта, уый.

– Зын дын куы уа дыууæ факультеты иумæ фæуын? – Таймуразæн тæригъæдгæнгæйæ дзырдта Радимæ.

– Ницы кæны, – дзуапп ын лæвæрдта Таймураз. – Бафæраздзынæн.

Таймураз раздæр радта ирон æвзаг æмæ литературæйы фæлварæнтæ. Къамисы уæнгтæ йын дзырдтой, хъуамæ аспирантурæмæ бацæуа æмæ йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæна, зæгъгæ. Иутæн сæ зæрдæмæ фæцыдысты йæ дзуаппытæ æвзагæй, иннæтæн – литературæйæ, æмæ Таймураз сдызæрдыг, кæцы сæ

равзара, ууыл. Ноджы ма æрæгæй нырмæ радзырдтæ фыссынмæ дæр йæ зæрдæ æхсайдта æмæ йæм хатгай афтæ кæсын райдыдта, цыма литературæйы номыл куы бацæуа аспирантурæмæ, уæд уый растдæр уыдзæн. Мурат æмæ Зауырбег та йын йæ гæххæттытæ профессор Сухотинмæ ‘рвитын кодтой. Æппын фæстаг семæ сразы.

Таймураз æмæ Мурат райстой сырх дипломтæ. Мурат æвæстиатæй йæ гæххæттытæ аспирантурæмæ балæвæрдта. Мæйы фæстæ Таймураз райста йæ дыккаг диплом дæр, æмæ уый дæр йæ гæххæттытæ цæттæ кæнын байдыдта Мæскуымæ ‘рвитынмæ. Уæдмæ йын Бадинæ сæ хæстæджытыл зылди Таймуразæн фæндаггаг агур.

Таймураз йæ гæххæттытæ куы æрæмбырд кодта, уæд сæм æппынфæстаг хъуамæ æркастаиккой фæскомцæдисы обкомы æмæ сæ æрмæстдæр уæд арвыстаиккой Мæскуымæ.

Дыууæ къуырийы бæрц фæци Таймураз сæхимæ хъæуы, фæлæ йæм горæтæй ницы хабар хъуыст. Сухотины тилифон æм уыд æмæ сфæнд кодта йемæ адзурын. Æмæ, Таймураз цæмæй тарсти, уый йыл æрцыд: горæтæй Мæскуымæ тилифонæй куы адзырдта, уæд ын Сухотин загъта, дæ гæххæттытæ дын нæма райстам, зæгъгæ, æмæ, дам, байрæджы.

Таймураз, цы кодтаид, уый нал зыдта. Иуæй æнæ аспирантурæйæ баззад, иннæмæй – æнæ куыстæй. Фæстагмæ йæм фæзынди деканмæ бацæуыны зонд. Таймураз ын радзырдта, йæ гæххæттытæ йын Мæскуыйы кæй нæ райстой, уый. Декан тынг смæсты æмæ сæ уайтагъд рафæрс-бафæрс байдыдта. Куыд сабæрæг, афтæмæй ма уыдон нырма уыдысты фæскомцæдисы обкомы секретарьмæ.

Дыккаг бон Таймураз райсомæй раджы лæууыд обкомы бацæуæны раз. Адæм мидæмæ цæугæйæ милицинермæ цавæрдæр гæххæтт æвдыстой. Æрæлжиау æй милиционер бафиппайдта.

– Ды та ам цы лæууыс? – бафарста милиционер, йæ къух йæ ныхыл авæргæйæ.

– Йæд у... Фæскомцæдисы обкомы секретарьмæ мæ цæуын хъæуы мæ гæххæттыты тыххæй.

– Цавæр гæххæттыты?

Таймураз ын радзырдта, институтæй йæ Мæскуымæ аспирантурæмæ кæй æрвыстой, фæлæ йæ гæххæттытæ цæмæндæр ам кæй баззадысты.

– Æмæ дæ чи хъæуы, уыцы чызг ныртæккæ дæ рæзты куы баивгъуыдта, – бахудти йæм милиционер, стæй йæ уæд афарста: – Цал сахатмæ дæм фæдзырдта йæхимæ?

– Уый мæм нæ фæдзырдта... Æз... Æз æм мæхи ‘гъдауæй... æрбацыдтæн, – стыхсти Таймураз.

– Ардæм ænæ хонгæйæ нæ цæуынц. Рагацау дæ йемæ баныхас кæнын хъæуы.

Таймураз куы фенкъарди, уæд ын милиционер, иу мæнгагъуысты ‘рдæм ацамонгæйæ, фæлмæндæрæй загъта:

– Уæртæ йæм тилифонæй сдзур, æмæ дæ кæд пропуск нæ бацагура, уæд дæ бауадздзынæн...

Куыддæр Таймуразы секретаримæ баиу кодтой, афтæ йæм райхъуыст æрыгон сылгоймаджы уæздан хъæлæс:

– Обкомы фæскомцæдисы фыццаг секретарь дæм хъусы.

Уыцы фæлмæн хъæлæсæй йæ зæрдæ фæрухс, æмæ уæд йæхи бацамыдта:

– Æз Уæздæнты Таймураз дæн.

– Æмæ дæ мæнæй цы хъæуы? – секретары хъæлæсы рæвдауæ зæлтæ æваст цыдæр æрбаисты.

– Мæ гæххæттытæ... Аспирантурæмæ цæуыны тыххæй цы гæххæттытæ бацæттæ кодтон, уыдон, дам, ныр ма дæумæ сты.

– Стæй ма уыдзысты! – тызмæгæй фæлыг кодта сылгоймаг. – Мæнимæ дын ныхасагæй ницы ис! Фæлтау дæхицæн искуы хъæуы куыст бацагур! – Æмæ ссыди тилифоны бип-бип, фæлæ ма уæддæр Таймураз иуцасдæр, хæтæл йæ хъусыл даргæйæ, алæууыд, стæй йæ йæ бынаты æрæвæрдта æмæ зæрдæсастæй уынгмæ рахызт.

Таймураз ныры онг дæр гуымиры адæм федта, фæлæ дзы йемæ искуы фæскомцæдисы бæрнон кусæг ахæм уагæй дзурдзæн, уый йæ никуы бауырныдтаид. «Цы ‘рцыди? Йæхи мыл цæмæн сцагъта? Болаты хъустæ дзы макæцæй разынæнт!» – фæкъæпп ласта йæ зæрдæ.

Уынджы фæзилæны йæ, чысыл ма бахъæуа æмæ машинæ ма скъуыра.

– Ныр ма бынтон æрыгон куы дæ, уæд дын, афтæ раджы расыг уай, уый худинаг нæу?! Дæу тыххæй ахæстонмæ куы бахаудаин, уæд та?! – хъæр кодта йæ фæдыл шофыр, æмæ Таймураз чысыл йе ‘муд æрцыд.

«Ныр мæ æцæгдæр машинæ куы скъуырдтаид, уæд адæм нæ

загътаиккой, аспирантурæйæ йын кæй ницы рауад, уый тыххæй йæхи цæлхыты бынмæ баппæрста, зæгъгæ»? – ахъуыды кодта Таймураз æмæ æнæбары бахудти.

Институты Таймуразмæ æнхъæлмæ касти Мурат.

– Цы базыдтай? – æнæрхъæцæй йæ афарста.

Таймураз ын хабæрттæ бæстон-бæлвырдæй радзырдта.

– Уый дæ Болат йæ маст исы: æрæджы мæ худгæйæ хуымæтæджы нæ афарста, цæй, де ‘рдхорд ма аспирантурæйы кой кæны, зæгъгæ.

– Кæны, зæгъ, кæны! Ацы аз куы нæ уа, уæддæр æй æз искуы каст кæй фæуыдзынæн, ууыл гуырысхо нæй, – фидарæй загъта Таймураз.

– Уый дын æххæст лæджы дзуапп у, – раппæлыди дзы Мурат æмæ йын йæ къух тыхджын нылхъывта…

* * *

Таймуразы хъустыл дардæй ауад фæндыры цагъд. «Æвæццæгæн, кæмæдæр чындзхаст кæнæ чызгæрвыст ис», – ахъуыды кодта уый, чысыл фæстæдæр ма йæм къæрццæмдзæгъд дæр куы райхъуыст, уæд. Æрмæстдæр Стыр уынджы раиртæста, хъазты уынæр Мæхæмæтаты хæдзарæй кæй цæуы, уый. Цы зын базонæн уыд: Болат институт кæй фæцис, уый тыххæй йын куывд скодтой. «Дæлæ сæ дуармæ рог машинæ æрлæууыд, æмæ кæртæй Мæхæмæт æмæ Косерхан кæрæдзи фæстæ куы ратындзыдтой. Машинæйæ рагæпп ласта рихиджын æрыгон шофыр æмæ, цæмæндæр йæ сæрæй акувгæйæ, фæстаг дуар байгом кодта. Мæхæмæт худгæйæ рагацау йæ цæнгтæ фæйнæрдæм аивæзта æмæ, куыддæр партийы райкомы секретарь зæхмæ æрхызт, афтæ йыл йæхи баппæрста.

– Куыд уынын, афтæмæй ныpма тыхджын дæ, – Мæхæмæты къухтæй йæхи уæгъдгæнгæйæ зæрдиагæй ныххудт уый. – Кæддæр дæ богал хуымæтæджы нæ хуыдтой.

Мæхæмæты уæрæх цæсгом бынтондæр ныррухс.

– Дæ зынаргъ рæстæгæй та нын иучысыл кæй ратыдтай, уый тыххæй мах нæхи амондджын хонæм. Стыр бузныг! – мælгъæвзагæй уазæгæн загъта Косерхан. – Дæ хæдивæг дæр нырма ныртæккæ ‘рхæццæ ис. Уый дын ам æнхъæл уыд.

– О, уый алкæд дæр мæ разæй фæвæййы… мæрдтæм дæр! –

ныр æнаив хъæлæсыдзагæй ныххудт секретарь. – Стæй уæд йæ цыбыр ставд къæхтыл бабызау узгæ-узгæ мидæмæ араст...

– Айс æй, аназ æй, ахуыпп æй кæн! – чысыл фæстæдæр кæртæй райхъуыст фæндырдзагъдимæ кæйдæр цъæхснаг хъæлæс. Æмæ йæм æмдзæгъдгæнгæйæ бахъырнытой нæлгоймæгтæ...

Таймураз йæ мадæн æппæт дæр куы радзырдта, йæ гæххæттытæ йын Мæскуымæ кæй нæ арвыстой, уæд уый йæ кæуын нал баурæдта.

– Æз та ма дын адæмыл æхцагур фæзылдтæн, – дзырдта мад, йæ цæссыг калгæйæ.

– Ма тыхс, Бади, – сабыртæ йæ кодта лæппу, – чи зоны, ацы аз мæ хъуыддагæй кæй ницы рауад, уый хуыздæр уыдзæн. Акусдзынæн уал скъолайы æмæ фæндаггаг дæр æрæмбырд кæндзынæн.

– Болаты та райкомы хицауæй æвæрынц.

– Цавæр райкомы? – Таймураз æм дисхуызæй бакаст.

– Нæ зонын, цыма къæмсæмолты...

Болаты уал айстой инструкторæй, æмæ-иу Косерхан сылгоймæгтæн æппæлыд:

– Болатиччы уал мын сæ хицауы хæдивæгæй сæвæрдтой. Тагъд æй хъуамæ обкоммæ дæр аивой, æмæ кæд мах дæр хъæуы цъыфызмæнтæн нал кæниккам...

– Стыр Хуыцауы æцæгдæр уый куы бафæндид, æмæ Мæхæмæтæй куы фервæзиккам, – дзырдтой адæм.

Скъолайы директор Михаил Борисович куы базыдта, Таймураз аспирантурæмæ кæй нæуал цæуы, уый, уæд æм уайтагъд йæхимæ фæдзырдта.

– Луизæ Ивановнæйæн уæззау операци скодтой, æмæ уал йæ бæсты уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй куы бакусис, уый мæ фæнды, – загъта Таймуразæн.

Сæхимæ куы ‘рцыд, уæд сæ сæрдыгон хæдзарæй йæ хъустыл ауад сæ сыхаг Сælимæты хъæлæс:

– Бадинæ, йæхи аккаг чызг ын ссарын хъæуы.

Таймураз æнæбары тыргъы раз æрлæууыд.

– Дзыгыдайы чызг Заретæйы мын бæргæ уарзта, фæлæ...

Таймураз йæ бынаты раст хæрдмæ фæхаудта: кæс-ма, Бадинæ æппæт дæр куыд зыдта мады зæрдæйæ!..

Æрмæстдæр куы ‘рталынг æмæ сæ рудзынгæй фæтæген цырагъы рухс куы ракалд, уæд бацыд Таймураз мидæмæ.

– Цæй бирæ бафæстиат дæ скъолайы? – тыхстхуызæй йæ афарста Бадинæ. – Дæ хæринаг бынтондæр куы ныууазал.

Таймураз ын хабæрттæ цыбырæй радзырдта.

– Цы хорз у Таму, уæддæр нæхимæ кæй кусдзынæ... Æниу, æз демæ æндæр хъæумæ дæр ацыдаин...

Суанг боныцъæхтæм Таймуразмæ хуыссæг æмгæрон не ‘рбацыд, йæ сæры зилдух кодтой алыхуызон хъуыдытæ. Куы-иу йæ цæстытыл ауад Заретæйы сурæт, æмæ та-иу уæд йæхимæ хæцын байдыдта, мæ уарзондзинад ын цæуыннæ схъæр кодтон, зæгъгæ. Куы та-иу йæ хъустыл ауадысты обкомы секретары дæрзæг ныхæстæ, æмæ та-иу уæд йæхинымæр дисы бацыд, уый хуызæн дурзæрдæ адæм ахæм бæрнон бынæттæм куыд бахауынц, зæгъгæ.

– Ууыл дæр Болатау фæхæцджытæ уыдзæн, æндæр цы... – Болат, дам, наркомæй дæр уæлдæр у. Фæлæ йæ чысылæй фæстæмæ афтæ куы хъуыста, мах цы цард аразæм, ахæм дунейыл никуы уыд æмæ ис, зæгъгæ. Коммунизм саразынæн фæскомцæдисы обкомы секретарь, Мæхæмæт æмæ Болаты хуызæттæ цы ахъаз фæуыдзысты? Ахъаз нæ, фæлæ ма...

Бади йын-иу куы дзырдта, ног дуг хæххон адæмæн бирæ хорздзинæдтæ ‘рхаста, рухсмæ сын уæрæх фæндаг скодта, зæгъгæ, уæд-иу йемæ сразы, фæлæ йæм ныр фæзынди дызæрдыггаг хъуыдытæ. Бæргæ сæ архайдта йæхицæй атæрыныл, æрмæст уыдон йæ коммæ нæ кастысты...

Афтæмæй йыл сбон ис...

* * *

Фыццаг урок... Фыццаг уæлахизы цин...

Рагæй дæр хъæуы мидæг ахуыргæнæг уæлдай кадджындæр уыд. Уый, æвæццæгæн, бирæтæ кæсын дæр æмæ фыссын дæр кæй нæ зыдтой, уымæн афтæ уыдаид. Таймуразы зæрдыл ма хорз лæууыд, хæсты рæстæджы-иу писмотæ искæмæн кæй кæсын кодтой, уый.

– Фæлæуу, кæрты дуармæ дыл мæхæдæг амбæлон, рæствæндаг мын куыд фæуай, афтæ, – Таймураз фыццаг бон скъоламæ куы цыдис, уæд ын къæсæрыл загъта Бадинæ æмæ йæ разæй атырныдта.

Таймураз худгæйæ йæ фæдыл араст.

– Йæ фыццаг урок хуыздæр кæмæн рауад, Хуыцау дæ уый

æмбал фæкæнæд! Зæрдæрухсæй, зæрдæхъæлдзæгæй мын куыд кусай. Скъоладзаутæ бирæ кæй уарзынц, ахæм ахуыргæнæг дæ куыд рауайа! – цæмæндæр уынгæг хъæлæсæй скуывта Бадинæ æмæ йæ куатæйы кæрон аивæй йæ цæстытæм схаста. Чи зоны æмæ та йæ хъæбулы фыд йæ зæрдыл æрбалæууыд...

Сыхæгтæ йæм кауты сæрты цымыдисæй кæй кæсынц, уый куы бафиппайдта Таймураз, уæд йæ цыд фæсабыр кодта. Йæ фæдыл ахал сты ахуырдзаутæ.

– Цымæ, кæцы кълæсты кусдзæн?

– Махæн дæр дæтдзæн урочытæ? – йæ хъустыл уад сывæллæтты ныхас.

Скъоламæ куыд хæстæгдæр кодта, афтæ дзы тас бацыд: уæд та къласы иу Болаты хуызæн скъоладзау разынд æмæ йæм барæй исты къахæн фарстатæ дæтдзæн. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, кæддæр Болат се 'рыгон ахуыргæнæджы иу ран куы нал уагъта, уæдæ немыцагау къуыртты карк куыд хуыйны, зæгъгæ.

Скъолайы кæрты йæм æнхъæлмæ касти завуч Андрей Сергеевич. Ныфсытæ æвæрыныл ын фæци:

– Ма тæрс, дæ хъуыддæгтæ хорз ацæудзысты. Дыууæ дипломы дæм куы ис! Æз дæр дæуау мæ фыццаг урокмæ куы цыдтæн, уæд сагъæсты бын фæдæн, скъоладзаутимæ кæрæдзи куы нæ бамбарæм, зæгъгæ...

Таймураз завучимæ ахуыргæнджыты уатмæ куы бацыд, уæд бæстæ 'мдзæгъд сси. Æмæ йæм се 'ппæт дæр худгæйæ кæсынц:

– Æгас нæм цу, Таймураз!

Уалынмæ æдде дзæнгæрæг ныццагътой, æмæ ахуыргæнджытæ сæрмагонд рагъæнæй сæ журналтæ исынмæ фесты. Таймураз дæр дæсæм къласы журнал райста.

– Фидар лæуу, Таймураз! Ацы скъола кæй фæдæ, уый дæ ма ферох уæд! – хъазгæйæ йын бафæдзæхста ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Мырзабег. Йæ тымбыл цæсгом сойсæрстау æрттывта.

Куыддæр къласы дуарæй бакаст, афтæ скъоладзаутæ сæ бынæттæй фестадысты. Сæ цæстытæ ныццавтой Таймуразмæ, цыма йæ раст фыццаг хатт уыдтой, уыйау. Чызджытæ сæ мидбылты худтысты.

– Сбадут, – салам раттыны фæстæ сын йæ къухæй дæлæмæ ацамыдта. – Абонæй фæстæмæ уын æз Луизæ Ивановнæйы бæсты уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы уроктæ дæтдзынæн.

Стæй рафæлдæхта журнал æмæ райдыдта номхыгъд кæсын. Дыккаг партæйæ сыстад къæсхуыртæ чызг. Таймураз æй нал базыдта, афтæмæй йе ‘фсымæримæ чысылæй лымæнтæ уыдысты. Фыццаг партæйыл цы саухил лæппу бадт, уый мыггаг æмæ ном нæма бакаст, афтæмæй уый йæ бынатæй фæгæпп ласта, æмæ кълас ныххудти. Таймураз сæм йæхи фæтар кодта. Уайтагъд фæсабыр сты. Номхыгъд каст куы фæци, уæд йæ зæрды уыд уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахадындзинады тыххæй адзурын, фæлæ дын, дæсæм къласы куы ахуыр кодта, уæд цы партæйыл бадт, уымæ фæкомкоммæ æмæ чысыл фæхъус. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, рудзынгæй-иу Заретæйы ‘рбацæуынмæ куыд æнхъæлмæ каст, уый…

Тургеневы прозæйæ фыст æмдзæвгæ «Уырыссаг æвзаг» сын æнæ чиныгмæ кæсгæйæ дзурын куы райдыдта, уæд къласы иу сыбыртт нал хъуыст. «Чи зоны, æмхъæуккæгтæ кæй стæм, уый тыххæй мæм афтæ сабыр бадынц…». Фæлæ уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахадындзинадыл куы дзырдта æмæ йæм скъоладзаутæ фыццагау зæрдиагæй куы хъуыстой, уæд æй бамбæрста, сæ зæрдæмæ кæй цæуы, уый.

Сæхимæ разыйæ здæхти. Йæ фыццаг бон кæй нæ фæсыкк, ууыл Бадинæ куыд цин кæндзæн, уый йæ цæстытыл уади. Фæлæ цы амонджын уаид, Заретæйы дæр йæ цард истæмæй куы ‘ндавид, уæд…

О, Иван Сергеевич, раст дæ, стыр фыссæг, уæдæ нæ:

Как хороши, как свежи были розы!

Æмæ бынтон раст та гений Александр Сергеевич у:

А счастье было так возможно,
Так близко!

Нæ, хъаст нæ кæны йæ хъысмæтæй: разæй æнæхъæн цард…

* * *

Адæймаг кæм райгуыры, уыцы бынат уæлдай тынгдæр фæуарзы. Æмæ кæд йе ‘рыгон бонты æдзух ахæм хатдзæгмæ не ‘рцæуы, уæддæр ын искуы йæ фыды хæдзар свæййы зынаргъ мысинаг, уæлдайдæр дзы иуцасдæр рæстæг куы нæуал фæцæры, уæд.

Таймураз горæты кæд бирæ нæ фæци, ныр, йæ райгуырæн хъæуы скъолайы кусын куы райдыдта, уæд ын йæ фыды хæдзар нæ, фæлæ ма суанг æгас хъæу дæр сси ноджы зынаргъдæр æмæ уарзондæр.

Æвæллайгæйæ архайдта урочытæм йæхи бæстон бацæттæ кæныныл, æнафонтæм-иу фæбадт. Мурат-иу горæтæй куы ‘рцыд æмæ-иу Таймуразы йæхи афтæ цæттæгæнгæ куы федта, уæд-иу йæ дисæн кæрон дæр нал уыд.

– Институты ахуыргæнджытæ лекцитæм сæхи уыйас рæстæг куы нæ цæттæ кæнынц, уæд ды дæхи цы марыс?

– Уыдон фæлтæрдджын сты, – дзуапп ын læвæрдта Таймураз. – Æз та ныр ма, цудгæйæ фыццаг къахдзæфтæ кæнын.

Хъæуыл хабар дугъон бæхæй тагъддæр тæхы. Таймуразы хорз куысты кой уайтагъддæр адæмыл ахæлиу, уæлдайдæр та йын районы ахуырады хайады кусджытæ дæр йæ уроктæ хорзыл куы банымадтой, уæд.

Скъолайы уыд ахуыргæнджыты ‘мбырд. Дзырдтой, зæгъгæ, сæм райкомæй уазджытæ уыдзæн, фæлæ сæм сæрмагондæй чи ‘рцæудзæн, уый бæрæг нæ уыд. Уалынмæ кæртæй æрбайхъуыст машинæйы уасын. Михаил Борисович æмæ Андрей Сергеевич уырдæм атындзыдтой. Таймуразæн фыр дисæй йæ дзых хæлиуæй аззад, директор æмæ завуч залмæ Болатимæ куы ‘рбаздæхтысты, уæд.

– Нæхи Болатик куы у, уæд уый райкомæй цавæр уазæг хонут? – фæкодта Мырзабег.

– Фæскомцæдисы райкомы инструктор Гæппæлойты Мæхæмæты фырт Болаты нæм æрæрвыстой, – фехъусын кодта Михаил Борисович. – Зонут æй уе ‘ппæт дæр.

Болат адæмæн йæ сæрæй уæзбын акуывта. Бæстæ сусу-бусу сси:

– Йæхи цы хъуыддагхуызæй æвдисы!

– Цыма нæ зонгæ дæр нæ кæны!

– Куыд æмбæлы, афтæ нын салам дæр нæ радта...

– Уагæр ма хицау куы суа!

Æмбырд куы райдыдта, уæд Болат йæ дзыппæй чысыл блокнот систа æмæ цыдæртæ фыссыныл фæци.

Михаил Борисович дзырдта, скъола ахуыры аз куыд райдыдта, сæ къухы ныронг цы уæлахиздзинæдтæ бафтыд, цы хъæндзинæдтæ ма сæм ис, уыдæттыл. Бæлвырддæр загъта æрыгон ахуыргæнджыты куысты тыххæй. Иннæ хæттытау раппæлыд Таймуразы уроктæй. Болат æм лæмбынæг хъуыста æмæ йæ цæсгомыл бæрæг уыд, цыдæртæ дзы йæ зæрдæмæ кæй нæ цыди, уый. Хуымæтæджы йе ‘рфгуытæ кæрæдзимæ не ‘рбанцъылдта, Таймуразы ном куы айхъуыста, уæд.

– Рагацау дзы ægæр не ‘ппæлут?! – фæстагмæ йæхи нал баурæдта. – Йæхиуыл куы фервæсса...

– Æппæлинаг у, æмæ дзы æппæлæм, – райхъуысти Мырзабеджы цъæхснаг хъæлæс. – Дæуæй дæр сæрыстыр стæм!

– Æз... Мæн... Мæныл дзурын нæ хъæуы... – Болат фæкъæзæнæг ис.

– Мæн уыцы бынаты исчи нæ, фæлæ парти сæвæрдта.

Фæстæрдыгæй райхъуыст кæйдæр худын...

* * *

Таймураз йæ фыццаг мыздæй хъавыд Бадинæйæн дзæбæх къабайаг балхæнын, фæлæ йæ уый сдзырд дæр нæ бауагъта.

– Дæхицæн уал костюм балхæн, науæд адæмæй худинаг у ...

Таймураз, æцæгдæр, студентæй цы дардта, уымæй уæлдай ногæй ницыма балхæдта æмæ бар-æнæбары Бадиимæ сразы. Сабаты ацыдис горæтмæ æмæ, йæ дзыпп куыд амыдта, уымæ гæсгæ костюмтæн сæ асламдæртæй равзæрста. Йæ уæлæ йæ куы барста, уæд æм уæйгæнæг алырдыгæй æркæстытæ кодта:

– Кæд ахæм зынаргъ нæу, уæддæр дыл хорз фидæуы ...

– Исын æй.

– Галстукимæ аивдæр уаид, – йæ ныхасмæ бафтыдта уæйгæнæг.

– Нæ, галстук нæ дарын...

– Цæуылнæ?

– Хъæуы куыддæр нæ фидауы... – йæхи растгæнæгау загъта Таймураз, фæлæ уæд йæ зæрдыл æрбалæууыд, Болат сын ‘мбырдмæ зынаргъ костюм æмæ ‘рттиваг хъулон галстукимæ куыд æрцыд, уый, æмæ фефсæрмы...

Бадинæйы цинæн кæрон нал уыд.

– Акæн ма йæ дæ уæлæ, – æрхатыд æм мад, – æмæ йæ фенон, куыд дыл фидæуы, уый.

Таймураз бакоммæ каст, уæдæ куыд. Бадинæ сабыргай йæ алывæрсты æрзылди.

– Ту... ту... ту... Цæстæй дын хай макуы уæд! – йæ цæнгтæ хæрдмæ фелвæста Бадинæ. – Диссаджы дзæбæх дзы дæ!

– Фæцæстдзыдæй мын тæрсыс? – хъæрæй ныххудтис Таймураз, æмæ йæ ‘рбахъæбыс кодта.

– Æмæ уым диссагæй цы ис? Фыдбылызæн бирæ нæ хъæуы.

– Цæуылты мын æууæндыс? – ногæй та ныххудтис лæппу.

Бадинæ та йæм иуварсæй æрбакасти.

– Ног хæдон дæр ма куы балхæдтаис!

– Уымæн мæм æхца нал сфаг!

– Цæй, ницы кæны, – йæ сæр батылдта Бадинæ. – Иннæ хатт та хæдон балхæндзынæ...

Райсомæй йæ ног костюмы Таймураз скъоламæ куы рараст, уæд фыццагдæр амбæлд сæ сыхæгты ус Бæмбæгыл.

– Амонджын дарæс дын фæуæд! Йæ зæронд дæр ын куыд никуы аппарай, стыр амонд дын æрбахæссæд, – арфæтæ кæныныл ын фаци Бæмбæг, æмæ Таймураз йæ къах раст исынмæ нал арæхст.

– Бузныг, Бæмбæг, бузныг, – æфсæрмыхуызæй йын дзуапп лæвæрдта Таймураз дæр.

Скъолайы кæртмæ куы бахызт, уæд æй сывæллæттæй бирæтæ нал базыдтой.

– Дæ-дæ-дæй! Чидæр та нæм районæй бæрæггæнæг фæзынди, – хистæр кълæсты чызджытæй иу Таймуразæй фæтарсти.

– Ма тæрс, Зæринæ, уый нæхи Таймураз у, – бадзырдта йæм иннæ чызг.

– Таймураз?! – æгæр хъæрæй йæ афарста Зæринæ æмæ æнæбары йæ къухæй йæ дзых амбæрзта, стæй уæд сабырдæрæй сдзырдта: – Уæртæ йыл цы тынг фидæуы йæ костюм!

«Фæлтау, кæддæр мын цы зæронд китель уыд, уым та куы ‘рбацыдаин», – ахъуыды кодта Таймураз, скъоладзаутæ йæм се ‘ппæт дæр цымыдисхуызæй кæй кæсынц, уый уынгæйæ.

Æхсæзæм кълас та иннæ хæттытау дзуапп дæттынмæ цæттæ кæй сты, уый Таймураз куы раиртæста, уæд уайтагъд фæхъæлдзæгдæр. Сывæллæтты цæстытæ ‘ргомæй æвдисынц, ахуыргæнæгмæ цы зæрдæ дарынц, уый. Таймуразмæ афтæ кæсы, цыма йе скъоладзаутæн ныридæгæн дæр садджын, цыма йын æууæндынц йæ алы дзырдыл дæр.

– Сывæллæттæ дæ тынг бауарзтой, – арæх фехъусы ныййарджытæй. – Кæйдæрты та дзы ахуыргæнæг суæвын дæр бафæндыд!

Урок дæтта, кæнæ скъоладзауимæ хицæнæй дзура йæ ахуыр, кæнæ йе ‘гъдæуы тыххæй – алы хатт дæр Таймураз йæхи афтæ бафæрсы: «Цымæ, мæ бынаты Луизæ Ивановнæ та йæхи куыд дарид, цавæр дзырдтæй дзурид ахуырдзауимæ ныхасгæнгæйæ?»

Луизæ Ивановнæйæ-иу арæх фехъуыста: «Алы скъоладзау дæр хъуамæ сахуыр уа хъуыды кæнын». Æмæ уый ныстуанау йæ зæрдыл дардта Таймураз:

– Уацмысы архайджытæй кæй фарс дæ? Ды та йæ бынаты цы æмæ куыд бакодтаис? Цы хуызы пайда кæны фыссæг æвзаджы хъæздыгдзинæдтæй? – ахæм фарстатæн зæрдиагæй лæвæрдтой дзуапп йе скъоладзаутæ.

Æхсæзæм къласы йæм ахуыр кодта сидзæр лæппу Аслæмбег. Иста иттæг хорз бæрæггæнæнтæ, фæлæ зæрдæргъæвддæр уыд уырыссаг æвзаг æмæ литературæмæ. Уынджы дæр-иу чиныджы кæсгæйæ цыдис, æмæ-иу æй адæм тæрсын кодтой, бакуырм уыдзынæ, зæгъгæ. Æмæ-иу Аслæмбег хатгай Таймуразы дисы бафтыдта йæ фæрстытæй:

– Фыссæг Мумуйы цæуылнæ фервæзын кодта? Герасим йæ къæбылаимæ цæуылнæ алыгъд?

Мæнæ ныр дæр йæ сочинениы ныффыста, уый Герасимы бынаты йæ уарзон къæбылайы нæ фæдæлдон кодтаид, зæгъгæ.

Иубон дын урочы кæрон тыргътæй æрбайхъуыст кæйдæр удаист ныхас:

– Луизæ Ивановнæ амард!

Таймуразы зæрдæ ауазал...

* * *

Бадинæ сыхæгтæн дзырдта:

– Искуы куы амæлон, уæд мыл Таму, æвæццæгæн, уымæй тынгдæр нæ рахъыг кæндзæн. Луизæ Ивановнæйы мæнæй къаддæр нæ уарзта...

Уынгты адæмæй азмæлæн нал уыд. Зианæн фæстаг фæндараст зæгъынмæ æндæр хъæутæй дæр ма ‘рцыдысты. Таймуразæн фехсызгон, скъола каст кæимæ фацис, уыдоны дæр адæмы ‘хсæн куы бафиппайдта, уæд. Æрмæст дзы Болатыл йæ цæст не ‘рхæцыд.

Таймураз æмæ Мурат æнæдзургæйæ афæстиат сты Луизæ Ивановнæйы ингæны цур, стæй иннæтимæ хъæумæ фæцæуæг сты. Хъæугæрон сæ размæ фæци устыты къорд. Се ‘хсæнæй райхъуысти Косерханы цъæхснаг хъæлæс:

– Ахуыргæнæг уæвгæйæ, цы мæгуыр цард кодта! Йæ хæдзары чингуытæй дарддæр фенæн ницы ис.

– Æмæ дæм чингуытæ ницы кæсынц? – йæ ныхмæ фæци

Азырхан. – Æз дамгъæтæ дæр куы нæ зонын æмæ йæ уæддæр куы ‘мбарын, дунейыл чиныгæй зынаргъдæр кæй ницы ис, уый.

– Раст зæгъыс, Азырхан, раст, – йæ фарс рахæцыд Бадинæ. – Махæн ахуыр кæнынæн фадат нæ фацис, уый йеддæмæ Луизæ Ивановнæйау чингуытæ стыр хъæздыгдзинадыл нымаиккам.

Таймуразæн йæ бон сдзурын ницы бацис. Уымæн иудадзыг йæ цæстытыл уадис, Луизæ Ивановнæйы куы ныгæдтой, уæд ыл скъоладзаутæ куыд зæрдиагæй куыдтой, æмæ йæ зæрдæ бынтондæр ныддур. «Ахæм ахуыргæнæг сын никуыуал уыдзæн, – хъуыды кодта цæугæ-цæуын. – Уый сын ахуыргæнæг дæр уыдис æмæ дыккаг мад дæр. Хуымætæджы йын нæ дзырдтой чызджытæ сæ сусæг хабæрттæ, цæмæй сын-иу истæмæй бахъуыс кæна...».

Таймураз йæ фыны уыдта: мæнæ кæугæ фæзынди сау дарæсы Заретæ. Диссаг уый уыд, æмæ куыд фидыдта афтæмæй дæр.

Таймуразы йæм фæнды хæстæгдæр бацæуын, фæлæ йæ бон размæ акъахдзæф кæнын нæ уыд.

– Таму, уæ Таму, исты дæ риссы? Цæмæн хъæрзыс? – бауыгъта йæ Бадинæ, æмæ фехъал и.

– Цы?! Цы загътай?

– Исты дæ, зæгъын, риссы? – Бадинæ йын йæ ныхыл фæдисонæй йæ къух æрхаста. – Дæ хид куы акалд...

– Нæ, ницы мæ риссы...

Рудзынгæй бакаст дзаг мæй, æмæ йæ тынтæй агъуыст нырухс. Таймуразæн йæ хуыссæг фæлыгъд...

* * *

Дыккаг бон къласы Аслæмбегыл йæ цæст куы не ‘рхæцыд, уæд сæ Таймураз афарста:

– Аслæмбег кæм ис?

– Рады фосгæсæй, дам, æй арвыстой... – цыма истæмæй ахосджын уыдис, уыйау нæуæндонæй сдзырдта старостæ.

Æртыккаг бон дæр та лæппу куынæ фæзынд, уæд æм Таймураз бацыд сæхимæ. Йæ фыдыфсымæр Афæхъойы йын баййæфта сæ кæрты цыдæртæ архайгæйæ. Таймураз æй куы бафарста, уæ лæппуйы йæ ахуырæй цæмæн къуылымпы кæнут, зæгъгæ, уæд ын уый тарæрфыгæй афтæ:

– Мæн та уый фæнды, цæмæй дзы куыстуарзон лæг рауайа. Махæн нæ хъæстæйы хуыскъастæутæ никуы уыдис.

– Æмæ ахуыр кæнын куыстыл нæ нымайыс? – йæхи йæм нал баурæдта Таймураз.

– Боны фылдæр æмбис къласы куы фæбады, уæд фыр куыстæй йæ хид акæлы? – мæсты худт бакодта Афæхъо. – Уадз æмæ, æцæг куыст цы у, уый рагацау базона. Исты амæлттæй скъола каст фæуæд, уый йеддæмæ мæн дарддæр йæ ахуыр ницæмæн хъæуы. Нæ фыдæлтæ дæр ахуыргæндтæ нæ уыдысты.

– Æнæфенд ныхæстæ сты уыдон, – йемæ не сразы Таймураз. – Уæлдайдæр та Аслæмбег курдиатджын у. Чи зоны, æмæ дзы стыр ахуыргонд рауайа...

– Стыр ахуыргонд? – йæ ныхас ын æрдæгыл фескъуыдта лæг. – Искуы йæ бецыкк иуварсырдæм куыд афаса æмæ мыл куыд нæуал æрвæсса, афтæ?

Уыцы рæстæг къæбицæй згъорæгау рауадис Афæхъойы бинойнаг Залдуз.

– Раст дзуры нæ лæг, раст! – йæ сæр тилгæйæ загъта ус. – Мах ахуыр ницæмæн хъæуы. Ныр хъуамæ адæм се ‘ппæт дæр ахуыр кæной? Уæд ма кусгæ та чи кæндзæн?

– Афтæ зæгъут? Гъемæ уæм хъæусоветмæ фæсиддзыстæм æмæ уым хъуыддагыл æрдзурдзыстæм, – Таймураз кæртæй рахызт.

Райсомæй Аслæмбег скъоламæ ‘рбацыд... Йæ фыд Хъазыбег хæсты уæззау цæф фæци æмæ сæхимæ раздæхт, фæлæ бирæ нал ацард. Адæм дзырдтой, йæ хуылфы баззад, дохтыртæн сæ бон сисын кæй не сси, ахæм нæмыг, зæгъгæ. Иуцасдæры фæстæ Хъазыбег йæхи хуыздæр æмбарын байдыдта æмæ бæлвырд фæхъæлдзæгдæр. Ноджы ма йæ бинойнаг Ханысиатæн лæппу куы райгуырд, уæд хæдзары уæззау куыстытæ кæнынмæ дæр бавнæлдта, фæлæ иу райсом йæ хуыссæны нал рабадт: æхсæвы æнæуынæрæй йæ уд систа.

Хъазыбегæн йæ дыууиссæдзæм бон дæр нæма ахицæн, афтæ Афæхъо Ханысиатæн загъта:

– Нырма æрыгон дæ, æмæ дæ сидзæргæсæй бадæг ничи кæны. Лæппу та мæ туг, ме ‘стæг у æмæ йæ æз схæсдзынæн. Ды та дæхицæн ног амонд бацагур.

Чи зоны, чындз йæ тиуы коммæ нæ бакастаид, фæлæ, хабар йæ цæгаты хъустыл куы ‘рцыд, уæд æй уыдон акодтой æмæ йæ уайтагъд моймæ радтой.

Афæхъо æмæ Залдузæн сæхицæн сывæллон нæ уыд, æмæ сыхæгтæ æнхъæл уыдысты, Аслæмбеджы буцхаст кæндзысты, зæгъгæ. Фæлæ уайтагъд сбæрæг, æдзух æм тызмæгæй кæй дзурынц, уый, уæлдайдæр Залдуз.

– Фыдыусы хуызæн сывæллоны дæ ныхтæ цы ныссагътай? – иу хатт Залдузы сыхæгтæй бафхæрдта чидæр. – Адæм дæ кой йеддæмæ куы ницыуал кæнынц.

– Адæмы мæнимæ ницы хъуыддаг ис, – цæхгæр алыг кодта Залдуз. – Алчидæр йæхицæн зонæд...

Таймураз æхсæзæм къласæн разамынд дæттын куы байдыдта, уæд æй бафиппайдта, Аслæмбег æдзухдæр æнкъард кæй вæййы, уый. Иннæ сывæллæтты хуызæн æй хъæрæй ныххудгæ дæр никуы федта. Æмæ урокты пайда кæнын райдыдта, худæджы хабæрттæ кæм æмбæлдис, ахæм æрмæгæй. Скъоладзаутæ сæ кастысты рольтæм гæсгæ. Аслæмбегæн дзы-иу ахуыргæнæг радта æппæты худæгдæр бынæттæ. Æмæ-иу læппуйæн йæ цæстытæ цæхæр калдтой.

* * *

Таймуразмæ афтæ каст, цыма дæсæм къласы йæ хъуыддаг зæрдæзæгъгæ хорз нæ цæуы. Læппутæй бирæтæ сæхи дасын райдыдтой. Чызджытæ архайынц скъоламæ аивдæр дарæсы цæуыныл. Таймураз æнæ уынгæ нæ вæййы, чызджытæй йæ иуæй-иутæ сæрæй къæхты онг куыд абарынц æмæ сæ мидбылты куыд бахудынц, уый. Ахæм сахат дзургæ-дзурын фæкъуыхцы вæййы, йæ цæсгом ссудзы. Ноджы ма, кæддæр Заретæ цы партæйыл бадтис, уымæ куы фæкомкоммæ вæййы, уæд бынтондæр йæ чемы нал вæййы.

Æнхъæл уыд, æмæ йæ ферох кæндзæн, моймæ куы ацыд, уый фæстæ, фæлæ – нæй, нæ комы рох кæнын. Уыдоны дуæртты куы фæцæйцæуы, уæд та йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп ссæуы.

– Цыма скъоладзаутæн се ‘мбал дæ, уый хуызæн дæхи цæмæн дарыс? – иу бон ын уынджы бауайдзæф кодта кæстæр кълæсты ахуыргæнæг Аннæ Александровнæ.

Уый скъолайы рагæй куыста. Кæддæр Таймурæзæн дæр фæндзæм къласы уырыссаг æвзаг амыдта, æмæ йæм уымæ гæсгæ сдзурын ницы сфæрæзта, кæд йемæ разы нæ уыд, уæддæр.

Ахуыры азы ‘мбис куы фæцис, уæд та педсоветы директор

фыццагдæр арфæйы ныхæстæ йæ хорз куысты тыххæй загъта Таймуразæн. Уый фæстæ ма ранымадта иу цалдæр ахуыргæнæджы, сæ уроктæм фау æрхæссæн кæмæн нæ уыд, ахæмты. Фæлæ Аннæ Александровнæ уыцы номхыгъдмæ нæ бахаудта æмæ æмбырдæн йæ кæронмæ фæбадти тæргайхуызæй. Кæддæр уый нымад уыдис хорз ахуыргæнæгыл, æппæлыдысты дзы, цалынмæ йæ куыстмæ куыдфæндыйы цæстæй кæсын нæ райдыдта, уæдмæ.

Педсоветы фæстæ йын æнæнхъæлæджы Аннæ Александровнæ кæуынхъæлæсæй загъта:

– Мæн хуызæн дæм хæдзары сылгоймаджы куыстытæ куы хауиккой, уæд дæ уроктæм цæттæ кæнынмæ нал æвдæлид…

Лæппу дуары цур цавддурау лæугæйæ аззад.

– Ма тыхс, Таймураз, æгæр хорз кæй кусыс, уый йæм, æвæццæгæн, хардзау кæсы, – Аннæ Александровнæ куы адард, уæд ын худгæйæ загъта Мырзабег æмæ йын йæ уæхскыл йæ къух рæвдауæгау æрхаста.

Хуымæллæджы скъолайы Зауырбеджы уроктæй дæр кæй æппæлынц, уый куы фехъуыста Таймураз, уæд æй бафæндыд, йе ‘рдхорд куыд кусы, уый йæхи цæстæй фенын. Директор æмæ завуч сразы сты йæ фæндыл æмæ йын йæ уроктæ æндæр бонмæ ахастой.

Институт каст куы фесты, уымæй фæстæмæ лæппутæ сæ кæрæдзиуыл фембæлдысты фыццаг хатт æмæ сæ цинæн кæрон дæр нал уыд.

– Ме’рдхорд, æнхъæлдæн æмæ та мæ амбылдтай, – Зауырбег худгæйæ Таймуразы йæ хъæбысы хæрдмæ фелвæста.

– Чи?! Æз?! Æмæ дæм æз, цæмæй мæ истæуыл сахуыр кæнай, уый охыл куы ‘рбацыдтæн.

– Ныр æцæгдæр афтæ куы уаид!

– Нæ дæ уырны?

– Куыд мæ уырна, æдзух мын районы ахуырады хайады кусджытæ дæ куыст фæзминагæн куы хæссынц, уæд?

Зауырбегæн дæсæм къласы уыди литературæйы урок. Таймураз йемæ куы бахызт, уæд æм скъоладзаутæ ныккастысты. Зауырбег сын хъæлдзæгæй фехъусын кодта:

– Абон нæм Рагъыхъæуы скъолайæ сæмбæлд мæ хуыздæр хælар Таймураз. Уый дæр ахуыргæнæгæй кусы. Мах иумæ каст фестæм литературон факультет.

Таймуразæн йæ зæрдæмæ уæлдай тынгдæр фæцыд, Зауырбег

Маяковскийы æмдзæвгæтæ куыд касти, уый.

– Маяковскийы куыд кæсыс, уый институты дæр зыдтон, фæлæ мæ уæддæр абон дæр та дисы бафтыдтай!

– Æгæр мæ не стауыс, мæ хæлар?

– Нæ, – йæ сæр банкъуыста Таймураз. – Исдуг мæм афтæ дæр ма сдзырдта мæ зæрдæ, цыма театры бадын.

– Æмæ мын уæд цæуылнæ нымдзæгъд кодтай? – бахудт Зауырбег.

– Уымæ дæр мæ бирæ нал хъуыд.

– Цом-ма уæдæ нæхимæ æмæ исты скомдзаг кæнæм...

– Мæ фæндагыл мæ куы ауадзис...

– Уый та куыд? Ам кæй уыдтæ, уый мæ мад куы базона, уæд мæ куыйты хæринаг нæ бакæндзæн, цæуылнæ йæ æрбакодтай, зæгъгæ?

Мады коймæ Таймураз сдзурын ницыуал сфæрæзта. Кæрты æнæнхъæлæджы сæ размæ фæци Болат.

– Ай та куысты рæстæг кæцæй æрбахаудта? – сæрæй Таймуразмæ ацамонгæйæ, афарста Зауырбеджы. – Æви йæ скъолайæ тæргæ ракодтой?

– Куыд æй хъуамæ ратæрой – сæ хуыздæры?!

– Кæм арæмыгъта? – былысчъилæй фæкодта Болат.

– Ды дæ хъустæм цъыфы кæм ныссæдзис, уым! – рафыхт æм Зауырбег.

– Цы, цы?

– Цы фехъуыстай, уый!

– Куыд хъæбатыр стут, уый мæнæ фæстæдæр фендзыстæм, – йе ‘нгуылдз сæм æртхъирæнгæнæгау батылдта Болат æмæ йæ туфлиты зæвæттæй хизæнтыл къуырцц-къуырцгæнгæ дуары мидæгæй фæци.

– Дзæгъæлы йæ смæсты кодтай, – йæ сæр батылдта Таймураз. – Йæ хъылмайы смаг скалдзæн...

– Скалæд! Æндæр уæдæ цы скала?! Махмæ арæх æрбауайы, – загъта худгæйæ Зауырбег. – Не ‘рыгон ахуыргæнджытæй иу йæ гацца зæрдæмæ фæцыд. Фæлæ йæм чызг йе ‘ргом цыма не здахы.

– Ныр дæр та уæм уæдæ афтæ арæзтæй уымæн æрбацыдаид. Подиумты ног модæтæ ‘вдисынæн бæззы...

Зауырбеджы мад Таймуразы куы ауыдта, уæд ыл йæхи баппæрста.

– Мæнæ мæм цы уазæг æруагъта Хуыцау! Мæ райгуырæн хъæуæй искæй куы фенын, уæд мæ зæрдæ бынтон ауынгæг вæййы. Искуы ма, зæгъын дæ зæрдæйы дзæбæхæн Дурджын бæрзондæй Ирыстоныл афæлгæс...

– Райдыдта та, – бустæ хуызæй загъта Зауырбег. – Кæд дæ дæ райгуырæн уæзæг фенын афтæ тынг фæнды, уæд дæ æз тæккæ райсом дæр уырдæм лæгуæрдонæй дæр аласдзынæн.

– Æмæ ма дзы кæмæ цæуон, мæ хъæбул, кæмæ? – йæ фыртырдæм разылди мад. – Мæ ныййарджытæй æгас куы ничиуал у, тугхæстæг дæр мын дзы куы нæуал ис, уæд...

Таймуразмæ афтæ кæсы, цыма Зауырбеджы мад Бадинæимæ бынтондæр æмхуызон сты. Хицæн кæнынц æрмæстдæр уындæй. Зауырбеджы мад – бæрзондгомау бурхил сылгоймаг, Бадинæ та – асæй ныллæг, саухил, æрмæст фæстаг рæстæг йæ сæры иугай урсытæ фæзынди. Зауырбег бакастæй йæ мады хуызæн у. Таймураз та, дам, йæ фыды цæрмыстыгъд бакодта.

Цалынмæ хур нæ акъул, уæдмæ адджынæн фæбадтысты, дзырдтой сæ куыстыл, кодтой се 'мбæлтты кой. Таймуразæн фехсызгон, Зауырбег æмæ ма Зæрифæ кæй фембæлынц, уый. Фæндыд æй уый базонын дæр, Зæрифæ æмæ ма Заретæ кæрæдзимæ писмотæ фæфыссынц æви нæ, фæлæ афтæ бафæрсынмæ йæ ныфс нæ бахаста. Æмæ рыг фæндагыл, сæхимæ здæхгæйæ, Таймураз йæхимæ хæцыд, цæй æнæныфс дæн, зæгъгæ...

* * *

– Нæ хъæуы чызджытæй Болатиччы аккаг чи у, ахæм нæ зонын. Æниу æй æз хъæуккаг чызг курын уадзын! – хъуысы та уынгæй Косерханы цъæхснаг хъæлæс. – Тагъд æй хъуамæ горæтмæ аивой. Хицауад куыд зæгъы, афтæмæй, дам, районы кусынæн æвгъау у ахæм сæрæнæй!

– Куыд æппæлы йæ буцхаст æмæ сæгъдзаст лæппуйæ! – Бадинæ худгæйæ дзуры Таймуразмæ. – Цымæ йын уæд ус та кæцæй æрхæссинаг у? Стæй – кæдæм?

Таймураз æнæбары йæ фыссын фæуагъта:

– Сидзæр чызджы йын ракурдзысты! Фæлхас кæуыл нæ хъæуа...

Бадинæ стъолыл скъоладзауты тетрæдтæ рæдзæгъд амадæй куы фены, уæд йæ зæрдæ бариссы, кæд та йын фæуыдзысты

каст, зæгъгæ. Фæлæ йын дзы ныййарджытæй исчи куы раппæлы, уæд æнæхъæн дуне йæхи бавæййы, æрмæст дзы Косерханау йæхæдæг раппæла! Ирон адæмæн уый нæ фидауы. Суанг ма йæ ног дарæсæй дæр зæгъын нæ фæуæнды, ай мын Таймуразы лæвар у, зæгъгæ.

– Цымæ, æгæр фырнымд нæ дæ? – афхæры йæ сыхæгты устытæй исчи. – Æдзух дæ лæппуйæ, цы у, уый зæгъын тæрсыс.

Бадинæйы уыцы миниуæг дæр Таймуразмæ хорз кæсы. Уынгты, сæ цотæй æппæлгæйæ чи фæцæуы, уыдонæй нæу йæ мад. Йæ туджы сты ирон æфсарм æмæ ирон æгъдау. Уымæн у сыхбæстæйы ‘хсæн ахæм кадджын. Нæлгоймæгтæй суанг расыгæй дæр йæ цуры æвзæр дзыхæй ничи сдзурдзæн. Косерханæн исчи куы бауайдзæф кæны, сыхы кæимæ нæ фæхыл дæ, ахæм нал ис, зæгъгæ, уæд ын йæхи растгæнынæн фæзæгъы:

– Хуыцауы дзæгъæлы æз никæй бафхæрдзынæн. Уæртæ ма Бадинæйы бафæрсут, цымæ искуы йемæ фæхыл дæн?

Стæй Бадинæ тызмæг ныхас дæр нæ уарзта. Йæхæдæг-иу чысылæй исты æгоммæгæс куы уыд, уæддæр ын-иу йæ рæдыд сабырæй æмбарын кодта. «Сывæллоныл хъæртæ кæнын нæ хъæуы, – дзырдта-иу устытæн. – Æнцад ныхас тагъддæр бамбардзæн».

Таймураз дæр йæ мады миниуджытæй цыдæртæ рахаста. Зæгъæм, йæ ахуырдзаутæм тызмæгæй никуы дзуры, уæлдайдæр та дæсæмкъласонтæм, ноджы уыдон сæхи сывæллæттыл нал нымайынц, иуæй-иутæн дзы уарзæттæ дæр ма и... Ноджы ма йæ рох нæ уыд, йæхæдæг Заретæйы æхсæзæм къласæй фæстæмæ фенынмæ куыд бæллыд, уый.

Педсоветы дын химийы ахуыргæнæг Сафиат дæсæм къласы læппутæ æмæ чызджыты йæ дзыхы куы радавид, цыма, дам, фæсурокты дæр кæрæдзиуыл æгæр арæх æмбæлынц. Таймураз æм йæхи нал баурæдта:

– Æмæ уым æвзæрæй цы ис?

Сафиат, абадгæ чызг, æдзух æгъдауыл дзурæг уыд.

– Æмæ дзы, дæумæ гæсгæйæ, хорзæй та цы ис?! – Æви, ды дæр ирон æгъдау цы у, уый не ‘мбарыс? Æви Руслан æмæ Зæирæ скъоламæ дæр æмæ скъолайæ дæр алы хатт иумæ кæй фæцæйцæуынц, уый нæ уыныс?

– Æмæ сыхæгтæ дæр нал сты? – ацы хатт æм фæцырд ис Андрей Сергеевич дæр.

– Кæд сыхæгтæ сты, уæддæр хъуамæ лæппу æмæ чызг хицæнтæй цæуой, – фидарæй загъта Сафиат. – Кæннод сæ адæм цы ахъуыды кæндзысты?

– Сафиат, æнхъæлдæн æмæ ды не скъола моладзандон хоныс! – бадзырдта йæм Мырзабег, æмæ ахуыргæнджытæ æмхуызонæй ныххудтысты.

Зæирæ æппæты хуыздæр скъоладзаутæй уыд. Фæлæ йын Сафиат химийæ «цыппарæй» уæлдæр никуы сæвæрдта.

– Дæ предмет дæр нæм Зæирæйæ хуыздæр куы ничи зоны, уæд ын æдзух хæрæмттæ цæмæн кæныс? – иубон æм урочы йæхи нал баурæдта Руслан.

– Цы?! Куыд загътай?! – æрбамæсты ахуыргæнæг. – Æмæ дæу та уымæй чи фæрсы?! Кæмæн цавæр бæрæггæнæн æмбæлы, уый ды мæнæй хуыздæр зоныс?! Тагъд дуары æдде фæу!

Руслан цыма ницы фехъуыста, йæхи уыйау скодта, фæлæ йæм Зæирæ æфхæрæгау куы бакаст, уæд сыстад æмæ ænædзургæйæ ацыд.

– Ацы Руслан чи у, уый бынтондæр йæ цæсгом суагъта, – ахуыргæнджытæн хъаст кодта Сафиат. Æмæ йæм цы ныхæстæ бауæндыд, уыдон сын рафæзмыдта.

– Уый та куыд? – бадис кодта Мырзабег. – Æз æй ахæмæй куы нæ зонын. Уæвгæ та...

– Кæд æцæгдæр Зæирæйы барæй скаст нæ уадзыс, и? Мах æм сызгъæрин майдан райсынмæ æнхъæлмæ куы кæсæм...

– Уый хъуамæ айдагъ хорз ахуыры тыххæй ма дæттой.

– Уæдæ?

– Цæсгом дæр ма дзы ис! Ирон æгъдау! – Йæ алы дзырд дæр хъæрæй дзургæйæ, дзуапп радта Сафиат.

– Æгæр ницæмæй фидауы! Бæрц ис æгъдауæн дæр, – ацы хатт дæр та йæм цæхгæр фæлæууыд Таймураз.

– Сæрибар дæ мæнæн зонд амонынæй! Цъæхæй рæгъæдты фарсласæг... – бафидис ын кодта Сафиат.

Таймураз æм ницыуал сдзырдта.

* * *

Мæхæмæт сæм цавæрдæр æнæзонгæ лæгимæ фæзынд. Таймураз æй уайтагъддæр бамбæрста, ахуырдзауты быдырмæ кæй кæндзысты, уый. Æмæ, æцæгдæр, урочыты фæстæ Михаил

Борисович ахуыргæнджытæн фехъусын кодта, партийы райкомы уынаффæмæ гæсгæ æхсæзæм æмæ фарæстæм кълæсты ахуырдзауты нартхор тонынмæ цæуын хъæуы.

– Æмæ æхсæзæм кълæстæн æгæр раджы нæу ахæм куыстыл сæ бафтауынæн? – йæ бынатæй бафарста Таймураз.

– Æз дæр сын бæргæ дзырдтон, фæлæ Мæхæмæт афтæ, хæсты рæстæджы, дам, уыдоны цахъхъæн сывæллæттæ диссаджы сгуыхтдзинæдтæ куы 'вдыстой.

– Омæ хæст раджы куы фæцис...

Таймураз йæ къласæн хабар куы фехъусын кодта, уæд сывæллæттæ сæмдзæгъд кодтой. Куы фæсабыр сты, уæд сын Таймураз загъта:

– Уæ уæлæ-иу дæрдджын дарæс скæнут ...

Фæлæ къласыл йæ цæст куы ахаста, уæд фæфæсмон кодта: бирæтæн дзы, уыцы сахат сæ уæлæ цы æмпъызтытæ дарæс уыд, æндæр ницы ис.

Алы къласæн дæр нартхоры хуымæй радих кодтой хицæн хай. Мæхæмæт йæ бæхыл дыууæрдæм кодта нартхортонджыты рæзты.

– Уæ фæстæ иунæг дзенкъор дæр куыд нæ ныууадзат, афтæ! – хъæр кодта уæлбæхæй.

Таймураз ахуырдзаутæй лæмæгъдæр чи уыд, уыдонмæ-иу фæкаст. Чызджытæй-иу йæ чыргъæд нартхорæй кæмæн байдзаг, уымæн-иу æй кæримæ ахаста.

Фæззыгон хур бон уыд, уæддæр сихормæ æввахс тæвд кæнын байдыдта, æмæ лæппутæй иуæй-иутæ сæ хæдæттæ феппæрстой.

– Чысыл уæ фæллад дæр суадзут, кæннод райсом уæ бон кусын нал бауыдзæн, – загъта Таймураз. Скъоладзаутæн дыккаг хатт дзурын нал бахъуыд, цингæнгæ сæхи кæрийы алыварс хъæрмуст зæххыл æруагътой.

Раст та уыцы минут сæ цуры февзарди Мæхæмæт.

– Уæхи хурмæ тавынмæ рацыдыстут?

Чызгæй-лæппуйæ фæгæппытæ ластой æмæ кæрæдзи фæдыл, кæм куыстой, уырдæм фæраст сты. Таймураз Мæхæмæтмæ хæрдмæ скаст:

– Сæ фæллад суадзын сæ чысыл бауагътаис...

– Ахуыргæнæг куы дæ, уæд ныл парти паддзахадæн хор радтыны тыххæй стыр хæстæ кæй сæвæрдта, уый нæ зоныс?

– Зонын, фæлæ уый тыххæй сабиты марын нæ хъæуы.

– Æмæ сæ чи мары?

– Искæй сывæллæттыл чи нæ ауæрды, уый.

– Мæнæй зæгъыс?! – Мæхæмæт йæ цæстытæ фæцъынд кодта. – Фæлæуу, æз дын дæ зондахастмæ куы не'ркæсын кæнон!

– Микроскоп дæ ма ферох уæд! – загъта ма йын æмæ йæ ахуырдзаутæм батагъд кодта.

Æхсæвы скъоладзаутæй бирæтæ быдырон станы баззадысты. Лæппутæ кæрты иу цалдæр раны æртытæ скодтой æмæ дзы, нартхорæй ма цъæхæй чи баззад, ахæмтæ фыхтой. Сæгæйдзаг, æрдæгарыд нартхæрттæ 'мхуызонæй зыдæй хордтой. Таймуразмæ дæр дзы æрхаудта, æмæ йæм артыфых нартхор афтæ хæрзад никуыма фæкасти.

Хъæмп сын хуыссынæн рагацау цæттæ уыд: чызджытæн – мидæггаг агъуысты, лæппутæн – æддаджы. Таймуразы зæрдыл ма хорз лæууыд, уый дæр кæддæр, быдыры æхсæвæддæйы уæвгæйæ, сæ къласимæ хъæмпыл куыд хуыссыди, уый.

Фæллад сабитæ куыддæр сæ сæртæ хъæмпыл æруагътой, афтæ афынæй сты. Таймуразы та йæ хъуыдытæ йæ ивгъуыд азтæм ахастой. Кæртмæ рахызт.

Арвыл таргомау мигътæ фæйнæрдæм алæбырдысты, æмæ се 'хсæнæй ратылди дзаг мæйы цалх. Быдыр ныррухс и. Рог дымгæйæ бурдзалыджы цъуппытæ уылæнтау змæлдысты. Таймураз йæ риуы дзаг сулæфыд.

Раст ахæм æхсæв уыд, фарæстæм къласы сæ нартхор тонынмæ куы ракодтой, уæд дæр. Таймуразы цæстытæ иудадзыг дæр Заретæйы агуырдтой. Иу заман Мурат цæмæндæр нымайын райдыдта: иу... дыууæ... æртæ... цыппар... фондз...

– Цытæ нымайыс, цытæ? – бадис кодта Таймураз.

– Цал хатты акæсдзынæ Заретæмæ, уый базонын мæ фæнды, – ныххудт Мурат.

Таймураз, цы зæгъа, уымæ нал арæхст.

– Æмæ уыцырдыгæй Заретæйæ уæлдай ничиуал ис? – æрæджиау ма сдзырдта, æмæ йе 'рдхорд ноджы хъæрдæрæй ныххудт...

«Цæуылнæ йæ рох кæнын? Цæуылнæ цæуы Заретæйæ уæлдай æндæр исчи мæ зæрдæмæ?» – фæрсы йæхи, дзуапп та нæй.

Мидæгæй фынæйæ кæйдæр дыгъал-мыгъул райхъуыст, стæй скæуæгау кодта...

Таймураз бауад мидæмæ, фæлæ йæ талынджы нæ равзæрста, чи сæ уыд, уый. Кæддæрты бафынæй йæхæдæг дæр.

* * *

Ахицæн сты быдыры куыстытæ, æмæ та скъоладзаутæ ахуыр кæнын райдыдтой.

Æхсæзæм къласы ахуырдзаутæ уырыссаг æвзаджы уроктæ цæмæндæр фылдæр уарзтой, дæсæм къласонтæ та литературæйы уроктæ.

Дæсæмты лæмæгъдæр чи ахуыр кодта, уыдоны-иу фæстæмæ скъоламæ æрбацæуын кодта Таймураз уырыссаг æвзаг æмæ литературæйæ консультацитæм.

– Цыма сæ йæ предметæй дарддæр зонын ницыуал хъæуы, уыйау сæ йæ быны скодта, – хъаст кодта Сафиат.

– Æмæ дæу чи нæ уадзы уæлæмхасæн куыст кæнын? – Таймуразы сæрыл та рахæцыд завуч Андрей Сергеевич.

– Сылгоймагæн хæдзары бирæ куыст ис, æмæ йæ урочыты фæстæ уыдæттæм нал февдæлы, – йæхи сраст кæнын афæлвæрдта Сафиат.

– Чызгмæ хæдзары уыйас куыст нæ хауы, афтæ мæм кæсы, – загъта æгъуыз хъæлæсæй Мырзабег. – Цот, дын, мыййаг, куы нæ ис...

Сафиат раздæр афæлурс, стæй кæугæйæ дуары æдде фæци.

– Ахæмæй йын цы загътон, йарæби? – Мырзабег фыр адæргæй йæ кæсæнцæстытæ фелвæста æмæ сæ йæ къухмæрзæнæй сæрфыныл фæци.

– Ныронг иунæг кæй у, уый йын фидисау загътай! – бауайдзæф ын кодта Аннæ Александровнæ.

– Æмæ Сафиат йеддæмæ иунæг ничи у? Уый дæр нырма ссардзæн йæ амонд...

Исдуг иууылдæр федзæм сты. Æрмæст ма къулы сахаты цъыкк-цъыкк хъуысти. Уалынджы йæ бынатæй фестади Джульеттæ Константиновнæ – æрæджы йæ физикæйы ахуыргæнæгæй æрæрвыстой.

– Хорз нæу девушку обижать кæнын, – цъæхснаг хъæлæсæй ærдæг иронау, ærдæг уырыссагау загъта уый. – Непременно дзы извинени ракурын хъæуы. По-моему, афтæ ‘мбæлы...

Чидæртæ схудтысты. Иууылдæр æй зыдтой, йе ‘цæг ном Фирузæт кæй у, йæ фыды ном та – Хъасболат. Фæлæ йæхи афтæ хонын домдта – Джульеттæ Константиновнæ.

Фыццаг хатт йæ бæрзонд цъилзæвæтджын туфлиты скъо-

ламæ тасгæ-уасгæ куы фæцæйцыд, уæд сыхы устытæй иу йæ ныхасæмбалы хъусы сусæгæй бадзырдта:

– Ай, кæмдæр йæ хъуыддæгтæ конд чи фæцис, ахæмы каст кæны...

Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй Джульеттæ Константиновнæ куыста цалдæр горæты: Прохладнæ, Армавир, Таганрог æмæ Минводы, фæлæ дзы иу ран дæр бирæ рæстæг нæ бафæстиат.

Ноджы ма скъоладзауты йæхимæ иронау сдзурын нæ уагъта.

– Я физику по-осетински не понимаю, – йæ хъоппæг цъæх цæстытæ-иу ноджы фæхъоппæгдæр кодта æмæ-иу зынærвæссон хуызæй йæ цыргъ роцъо хæрдмæ фæкодта.

Дæсæм кълас æй фæсауюнмæ хонын райдыдтой «Къогъо». Æмæ йæм æцæгдæр къогъойы хуызæнæй цыдæр уыд. Лыстæджытæ æмæ бæрзонд уæвгæйæ ма-иу уый йæ бурбын къæбæлдзыг сæрыхъуынтæ ноджы йæ ныхы сæрмæ æмæ къæбутырдыгæй хæрдмæ стымбыл кодта. Хъæуы фæндæгтæ ранæйрæтты гуыргъахъ кæй уыдысты, уымæ гæсгæ, йæ цъилзæвæтджын туфлиты цыдис куыддæр хъуызæгау.

Иуахæмы дын, скъоламæ цæугæйæ, Таймураз ауыдта, Мæхæмæт Джульеттæ Константиновнæйы цур йæ бæх куыд фæурæдта, уый.

– Дæу хуызæн дзæбæх чызг мах скъоламæ куыд æрхауд? – бахудти йæм йæ рихиты бынæй барæг.

– Бузныг за комплимент. Вы настоящий ирон лæг!..

– Кæм æрфысым кодтай?

– Очень далеко от школы, – æмæ хъæугæронырдæм ацамыдта.

– Æз дын хæстæгдæр бынат ссардзынæн...

– Серьезно? – бацин кодта чызг æмæ йæм фæлмæн бахудти.

Хъæуы цæрджытæ рагæй дæр, сæ бинонтæй сын ахсджиагдæр чи уыд, уый номæй сомы кодтой. Мæхæмæтæн та æдзухдæр йæ сомы йæ партион билетæй уыд. Æмæ та ныр дæр, йæ галиу къух йæ риуыл авæргæйæ, зæрдæбынæй загъта:

– Мæ партион билетæй дын сомы кæнын, тагъд дын хуыздæр цæрæнуат кæй ссардзынæн, уый тыххæй.

– Я вам буду очень... очень бузныг... – лæгмæ комкоммæ ныккаст.

Мæхæмæт æй нæ фæсайдта: цалдæр боны фæстæ йын суæгъд кæнын кодта, колхозæн скъоламæ хæстæг фысымуатæн цы чысыл

хæдзар уыдис, уым иу уат. Джульеттæ Константиновнæ æппæлыд:

– Председатель никогда меня в обиду не даст, – дзырдта-иу æрмæст ахуыргæнджытæн нæ, фæлæ мæ суанг скъоладзаутæн дæр.

Рухсады министрадæй æрыхъуыст ахæм хабар: Дзæуджыхъæуы уыдзæн æппæтуæрæсеон наукон конференции, Педагогон академийы националон скъолаты институт æй араздзæн. Таймураз хъуамæ районы ахуырады хайады уынаффæмæ гæсгæ бацæттæ кæна доклад, ирон скъолаты уырыссаг æвзаг ахуыргæнгæйæ мадæлон æвзагæй куыд пайдагонд цæуы æмæ хъæуы, уый тыххæй.

Æмæ йе'ппæт хъуыдытæ æмæ сагъæстæ дæр ныр уый фæдыл уыдысты

* * *

– Зæрондæй дæр йæ кæнон нæ уадзы, – дзырдтой Мæхæмæты тыххæй устытæ. – Афтæмæй ныр йæ лæппу дæр усгур у.

Уæды онг Косерхан, Мæхæмæт æддæхъус кæй уыд, уый ницæмæ дардта. Фæлæ ныр, æнафонтæм Къогъомæ кæй бафæстиат вæййы, уый куы базыдта, уæд мæстæй рафыхт:

– Цы ссардта бæллиццагæй уыцы дзæгъæлдзуаг къогъомæ? Нæ дзы конд ис, нæ уынд. Фæлæууæнт, æз мæ мад æмæ мæ фыдæн чызгæн нæ райгуырдтæн, кæд сын æз... кæд æй æз...

Чидæр ын йæ хъусы бацагъта, Мæхæмæт æмæ та Къогъо сихорафон сæхиуыл хæдзар сæхгæдтой, зæгъгæ. Ус тæхгæуадæй фысымуатмæ схæццæ. Дуары тарвазы уæлæ зæгælыл ауыгъдæй бафиппайдта стыргомау гуыдыр æд дæгъæл. Айтæуйтæ нал фæкодта, дуарыл гуыдыр авæрдта, стæй уæд скъоламæ атындзыдта. Æнæхойгæйæ бамидæг директоры кабинеты. Михаил Борисович цыдæр гæххæттытимæ архайдта.

– Ды ам бадыс, – læф-læфгæнгæйæ загъта Косерхан, – Къогъо та кæйдæр лæджы туг цъиры! – æмæ стъолмæ дæгъæл баппæрста.

– Уый цы у? – директор æм скаст.

– Дæгъæл у, æндæр цы у? Æз сыл дуар сæхгæдтон!

Михаил Борисович фæгæпп ласта:

– Скъоладзаутæ хабар куы базоной, уæд нæ худинаджы хъæр

ægас Ирыстоныл дæр айхъуысдзæн! – цæугæ-цæуыны дзырдта йæхиимæ. Дæгъæлæй дуар бахоста. Мидæгæй ссыди сынтæджы хъыс-хъыс.

Директор та ногæй бахоста.

– Сейчас... Кто там? – æмæ чидæр ацархайдта дуар бакæныныл, фæлæ æддæрдыгай æхгæд кæй у, уый бамбæрста æмæ цæхгæр афарста: – Что за глупые шутки?! Идиот!

– Уый æз дæн, – бадзырдта йæм Михаил Борисович.

Дуар куы байгом, æмæ Джульеттæ Константиновнæ директоры къухы гуыдыр куы ауыдта, уæд фæхъæр кодта:

– Какой ужас! Это же настоящее хулиганство!

Уæдмæ йæ фæсте разынди Мæхæмæт дæр.

– Дуар чи сæхгæдта? – мæстыхуызæй афарста.

– Чидæр скъоламæ тилифонæй æрбадзырдта, дæлæ, дам, уæ ног ахуыргæнæг æмæ сæрдары сæ ахæстонæй куы нæ рауадзат, уæд, дам, уым кæдмæ бæгъдулæг кæндзысты...

– Цавæр ахæстон? Цавæр бæгъдулæг? – ацы хатт Мæхæмæты хъæлæсы дæр фæзынди удаисты зæлтæ. –Джульеттæмæ, кæд исты хъуаг дæ, зæгъгæ, æрбауадтæн...

– Ми... Мишæ... – сылгоймаг лæджы цонгмæ февнæлдта, фæлæ уый сбухъхъ ласта, æмæ йæ нозты тæф ракалди. Мæхæмæт йæ хæзгулы йæхицæй ассыдта æмæ, йæхи дзæбæхтæ кæнгæйæ, фæцæуæг...

Дыккаг бон Мæхæмæт Джульеттæйæн Михаил Борисовичмæ курдиат бадæттын кодта, йæхи фæндонæй йæ куыстæй кæй цæуы, уый тыххæй – ома фæтæригъæд ын кодта...

ХÆМЫЦАТЫ Албег

ИР – МÆ БАЛЦЫ РАЙДАЙÆН

* * *

Ныцъцъист Хуыскъадаг[*] дурты æхсæн комы,
Уæддæр йæ ныфсæн басæттæн нæ уыд.
Уый комы урс мигъ бакодта йæ роны,
Йæ сæрмæ ‘нцад дæргъæй-дæргъмæ лæууыд.

Æз былгæронæй урс цъititæм кастæн,
Мæ сабидуджы ирд нывтæ уыдтон.
Кæйдæртау ам зæйраскъуыдæй нæ тарстæн:
Кæм ивылд дон, кæм тылди дур – зыдтон.

Мæ къахвæдтæ-æрттиваг урс дзæнхъатæ,
Мæнмæ зындысты дард бонтæй дзæбæх.
Мæ рустæн кодта хохаг дымгæ батæ,
Нымдзаст мæм арвы ‘нæбын денджыз – цъæх.

Хæлд мæсгуытæ ныджджих ысты, нæ уыдтой,
Куыд адджын у фыдыуæзæг лæгæн!
Мæ цурмæ азтæ ивгъуыдæй тындзыдтой,
Фæлæ зæрондæй нал базыдтой мæн...

НЫРЫККОН ÆМДЗÆВГÆ

Æрцыди уаллæттæн сæ дуг
Æмæ кæнынц бæгъдулæг цъыфы.
Хъ. Æ.

Æрцыди иутæн уаллæттау сæ рæстæг
Æмæ кæнынц нæ ивгъуыдимæ хыл.

---

[*] Цæугæдон Тырсыгомы

Лæг нал зоны, цы ныууадздзæн йæ фæстæ,
Цы ном, цы фарн ма баззайдзæн зæххыл.

Рæстдзинадæн йæ кой, йæ хъæр дæр нал и,
Ыскодта цардæй хъазæнхъул фыдгул.
Уæззау маст, кулау, зæрдæйы ысмал и,
Нынныгуылы нæ рухс бæллицтыл хур.

Гыццыл мыздæй ыстыр хъалонтæ фидæм,
Кæнæм мæстæй фыдракæндты хуыдуг.
Нæ хъалтæ 'хцайыл баивтой сæ фидæн,
Мæлынц фырцинæй, ралæууыд сæ дуг.

Ныккæнæн нæй сæ давд мулкæн, сæ бынтæн,
Мæгуырæн стигъынц хин митæй йæ царм.
Уæддæр фæразынц раст адæм сæ зынтæн, –
Цæры сæ туджы хурзæрины хъарм.

Уый тавы сау зæхх уаз тынтæй æрвылбон.
Цæстфæлдахджытæй фервæздзыстæм мах:
Æрцыди, мæ хур, уаллæттау сæ кæрон,
Хъæбæр цъыфыл ныххус уыдзысты тагъд...

* * *

«Мауал дæ уын, Ирыдзыхъхъ, мæ цæстæй» –
Афтæ хатт фæзæгъын æз фырмæстæй.

Сисын къух фынк æхсæрдзæнтыл, хæхтыл,
Цин фыццагау нал фæкæнын рæгътыл.

Ферох вæййынц мæсгуытæ, дæ хæрзтæ,
Фесты мын æцæгælон нæ бæстæ.

Сфæлмæцын æрвылуалдзæг дæ зæйтæй,
Нарæг кæмтты сонтивылд сырд дæттæй.

Рафæнд кæнын, быдырмæ фæлидзон,
Нал мын вæййы митсæр уæзæг хион.

Иудзырдæй мæ нал фендавыс мурдæр,
Цыма мыл æрцæйныгуылы хур дæр.

Афтæмæй та алкæддæр тыхст дуджы,
Дæ хæзнайау, дуры онг мæ туджы.

Махæн нæй кæрæдзийæ фæхицæн –
Искуыдæм куыд алидзон мæхицæй?..

НЫХАС ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗИМÆ

«Мælætæн – раджы, байрæджы – цæрынæн».
Тайму, æз ахæм уавæры цы кæнон?
Мæ рыст уд бахъуыд «халæттæн» хæрынæн,
Нæ мæм цæуы лæджы амонд æмгæрон.

Бæллыдтæн уæгъды бирæ хæрзтæм царды,
Мæхимæ кастæн балцы заман барæг.
Фæлæ мæ фæндтæ бавзалы сты арты, –
Уыдис мын карз дуг стыр цæлхдур-хъыгдарæг.

Кæнын ма ныр тыхамæлттæ фыртыхстæй.
Адзал – хæстæг, нывыл цæрынæн нал дæн.
Æрхауы мæм къæрис къæбæр ысхуыстæй,
Пырх дуры схъисау сау зæххыл æрхаудтæн.

Мælын хъызт изæр хуры тынæй тагъддæр.
Фыдгул æвзиды: «Де 'цæг хъысмæт бавзар».
Мæн нал æндавы рагмælæт дæр, цард дæр,
Мæ фæллад зæрдæ, цавддурау, ныууазал...

РÆСТДЗИНАД

Фырцинæй зæрдæ рухс уælæрвтæм тахт, –
Уырныдта мæ: ыссардзынæн дæ тагъд.

Фælæ уыдтæ, цъæх арвгæронау, дард,
Дæу агурыныл бахардз ис мæ цард.

Æрныгуылд-иу мыл дзода ‘фцæгыл хур.
Мæ кар гъеныр зæрондырдæм фæкъул.

Æз базыдтон мæнг бæллицтæй мæ бон:
Дæ сæрыл тохæн никуы ис кæрон...

* * *

Æмбыд фæткъуы бæрзонд бæласæй каст,
Рæсугъдæй зæхмæ алы хатт дæр зынд.
Ныббуц-иу ис йæхицæй, цыма раст
Хæрзаддæр уымæй дыргъдоны нæ уыд.

Æхстой йыл дуртæ сабитæ æдзух,
Ысуагътой-иу ыл хъазгæ-хъазын фат.
Нæ уыдис хъармæй, боны рухсæй цух,
Лыстæг къалиуыл, мидбыл худгæ, цард.

Æмбыд фæткъуы бæрзонд бæласæй каст,
Йæ фæрстæ дардтой хуры тынтæм сырх.
Фælæ фæзынд тыхджын дымгæ æваст, –
Æрхауд бынмæ, лæхъуг айкау, ныппырх.

* * *

Мæ зæронд хъæдгом райгас æмæ риссы,
Ысхъауы цыргъ ызгæ хъамайæ уд.
Цыдæр маст мæ дæ хинæйдзаг уарзт исы,
Фыдæнæн хъусты азæлы дæ худт.

Фælæ дын æз цы ракодтон æвзæрæй?
Дæхи аипп куыд нæ уыныс дзæбæх?
Мæ уаты ‘ндæргау февзæрыс изæрæй,
Кæныс кæддæры дудгæ цæфтыл цæхх.

Дæ азарæй куыд фервæзон, нæ хатын.
Мæ сомбон дæр къæвда мигъау ныттар.
Æнкъардæй, дойнаг уазал дурау, бадын,
Ысдæн нæ мигъдзæст ивгъуыдæн цагъар.

Хæццæ хъуыдытæ схъомпал ысты сæры.
Ныффæлурс арвыл састбыл мæй-цырагъ.
Зæронд хъæдгом мын ме стад уд фæхæры,
Мæ мысинæгты масты хал ныддаргъ...

* * *

Æз мæ гуырæн бон хъуамæ мæ рай-
гуырæн хъæу Заманхъулы сбæрæг кæнон.

Ч. Æ.

Æхсар! Уый раст у, тынг раст у дæ фæнд,
Заманхъул дын æнусбонтæм цæрæд.

Фæлæ мæ уд дæ ныхæстæм нынкъард –
Фæхаудтæн æз мæ уарзон хъæуæй дард.

Æмæ, зæгъ-ма цæуыл бакæнон цин?
Нæ хъæу – мæ къона дурты бын фæци.

Хъæууатæй баззад комрæбын кæмдæр,
Æз нал хъусын æхсæрдзæнты уынæр.

Лæууыди раздæр стъалытæм хæстæг,
Ныр уымæ нал ис хохæгтæй зынæг.

Кæмæндæр баззад, баталынг ыл бон,
Лæдæрсы йыл къæвдайы цæссыг-дон.

Зымæг ыл калы уадтымыгъ йæ маст,
Фæлæ, мæгуыр, кæмæн ракæна хъаст?

Уым абон дурыл нал баззадис дур,
Дзæнхъайау фарн сæ зыхъхъырты ныммур...

* * *

Баба, хæхбæсты нал баззад цæрæг,
Быдираг хъæутæм алыгъдысты адæм.
Ныууагътой рохæй се 'вадат уæзæг,
Уæд ам, зæгъ-ма, цы цæхх ныччынди махæн?

Хуыздæр бæстæм цæуылнæ лидзæм мах?
Уæрагмæ миты, дурты сæр цы ссардтай?
Ныккæлдзæнис нæ уазал къуым дæр тагъд,
Æмæ дæхи дзæгъæл ныфсытæй ма сай.

Ныххафы нын нæ хуымзæххытæ зæй,
Ивылд дон нын нæ мæнг муртæ фæласы,
Уæддæр дын басаст, тулгæ дурау, нæй,
Нæ кæныс немæ, бинонтимæ, разы.

Баба фæкъæртт и, сирвæзт дзы æргом:
Дзæнæт дæр мæн кæйдæр зæххыл нæ хъæуы.
Уадз ам мыл хæхты баталынг уæд бон,
Æрмæстдæр ам дæн амонджын – нæ хъæуы.

Æмæ дæ курын: ма мæт кæн мæныл.
Нæй хохаджы тызмæг хъысмæтыл худæн:
Æз уазал дурыл ку‘ абадон гыццыл,
Уæд уый дæр у æвдадзы хос мæ удæн...

ФЫСТ МАРДЫ ЦЫРТЫЛ

Кæсын дæ фæндмæ сау зæххы æнхъæлмæ,
Фæлæуу гыццыл, кæдæм тагъд кæныс хъæумæ?
Уæддæр дæ фæстаг ам уыдзæн, мæ цуры
Æмæ æрбад, ысуадз дæ фæллад дурыл...

МÆ ИР

Дæ хæхтæ, их цъititæ, кæмттæ
Ысты мæ уды цин, мæ уарзт.
Дæ ивылд урсбазыр фынк дæттæ
Сæ тахтæй айсафынц мæ маст.

Мæнæн фыдæлтыккон мæсгуытæ
Дæттынц нæртон лæджы ныфс, тых.
Мæ сæрмæ тар мигъы ыскъуыдтæ
Ыскъуырынц къуылдымтыл сæ ных.

Мæ балцы райдайæн фыццаг хатт
Уыдис дæ митæйдзаг къæсæр.
Ныр уыцы ивгъуыд рæстæг атахт,
Ныхъхъус и, рох дурау, кæмдæр.

Куы афтын æз Гандзайæ дарддæр –
Мæ зæрдæ ам вæййы, хъæмæ.
Æнæ дæу мæн нæ хъæуы цард дæр,
Тындзин дзæнæтæй дæр дæумæ.

Мæнæн ды дæ, мæ Ир, ныййарæг,
Ыстыр дæ фарны раз – мæ хæс.
Дæ фæрцы басгуыхы мæ зарæг
Цъæх арвы денджызы цæргæс.

* * *

Тылдтæн дæлæмæ къæдзæхæй мæ фыны,
Мæ фарсмæ кодтой уазал дуртæ гæпп.
Ыскодта мæ æгъатыр тас йæ быны,
Фæцыди хохы дур уæхскыл мæ тъæпп.

Цыдæр хуызы æрчъицыдтæн тыххæйты,
Фæлæ нæ уыд ирвæзынæн мадзал.
Мæстыйæ тахт æрра дымгæ мæ сæрты,
Ыздыхта миттæ, цъуппытыл ысхъал!

Æз, дзаг голлагау, 'нæбын коммæ хаудтæн,
Сæрбихъуырæйттæн нал уыдис фæуæн.
Тыххæй ма 'мбæрстон: удæгæстæй нал дæн,
Æппæрста тымыгъ сæрсæфæнмæ мæн.

Фæлæ фæцыд тызмæг зæйы гуымс комы,
Йæ хъæрмæ сонтæй фехъал дæн æваст.
Нæ хаст къæс æхсæв бакодта йæ роны.
Нæ сау гæды мæм хуыссæнмæ нымдзаст,

Цыма уыдта мæ сæфты фын хæстæгмæ,
Йæ тарст цæстæнгас нал иста мæнæй.
Æз Тъæпæнхъæуæй раздæхтæн фæстæмæ.
Мæ уатмæ касти гом фæрссагæй мæй...

* * *

Гъеныр ма цы? Фæфæуд кæны мæ цард,
Нылхъывтой мæ ызгæ аркъауæй азтæ.
Фæлладæй риуы хаст зæрдæ нынкъард,
Æххормаг бæхау нал æккуырсын размæ.

Бæргæ ма, ехх, цъæх уалдзæджы худт фен!
Уæвгæ зæрондыл аныгуылы хур дæр...
Куы слæууон æз мæ халас сæрыл хъен,
Уæддæр мæ ницуал рауайдзæнис мурдæр.

Мæ фæндыр дæр йæхимидæг ныхъхъус,
Лæзæры састæй, рох дзаумайау, уаты.
Æрхуысдзæн тагъд мæ цæстыты мæнг рухс,
Фæлæ кæмæ у уды сæфт нымады!

Нæ быхсы дуг æрхъæцмæ дæр лæууын,
Фæнды лæгыл уæззау къæдзæх æркæлæд.
Мæ хуызæттæм æй не ‘вдæлы кæсын,
Йæ рыджы дæр нæ фæзындзæн мæ мæлæт...

ЗЫМÆГОН ÆХСÆВ

Фæндаг нал зыны мигъæй.
Дымгæ митрыг хæссы.
Мæйау уынгдзырагъ тигъæй
Ме ‘нкъард уатмæ кæсы.

Хатгай куыйты рæйд хъуысы.
Уды цины мур нæй.
Зæрдæ дард бонтæ мысы.
Ферох уымæй фынæй.

Сайд у, къахыр – нæ уарзтæй,
Ахсæв рухс фынтыл нæу.
Ивгъуыд рахылди азтæй,
Мысын, мысын та дæу.

Æхсæв – уазал, йæ роны
Хъæу фынæйæ сæлы.
Уый дæ ацыд нæ зоны,
Йе, цы ‘хсæв ис мæныл.

Ды – мæ цъæх уалдзæг, м‘ аргъау.
Хур дыл мемæ нæ каст.
Амонд атахти маргъау,
Фæлæ баззади уарзт...

КОКОЙТЫ Махар

* * *

Куы вæййæм дард бæсты нæ хæхтæй,
Уæд уарзæм уыдоны фылдæр.
Куы вæййæм дард бæсты нæ хæхтæй,
Уæд мысæм райгуырæн къæсæр.
Куы вæййæм дард бæсты нæ хæхтæй, –
Нæ къæстæ рохуаты кæлынц.
Куы лидзæм дард бæстæм нæ хæхтæй,
Уæд ныл нæ уидæгтæ кæуынц.

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

Нæ равдысты фендзыстут ***Къубалты Асланы*** *нывтæ. Скодта сæ Къостайы «Ирон фæндыр»-ы уацмыстæм гæсгæ.*



Всати.



Сидзæргæс.

Лæскъдзæрæн.



Уалдзæг.

Скъолайы лæппу.



Хъуыбады.

Æрра фыййау.

УИДÆГТÆ

ФЫДÆЛТЫ ФÆНДÆГТÆ

«Иугай ныйистæм, ныууагътам нæ бæстæ, – фос дæр ма афтæ ныппырх кæны сырд». Адæймаг бар-ænæбары æрымысы Къостайы ацы ныхæстæ, нæ фыдæлты бирæминазон историйыл йæ цæст куы ахæссы, уæд. Кæдæмты нæ ахæццæ сты, кæмыты нæ хæцыдысты, кæм нæ кодтой тыхæвзарæн! Европæ, Ази æмæ Африкæйы ænæкæрон быдырты ныууагътой сæ фæд. Суанг Скандинавийы æрдæгсакъадах æмæ Исланди дæр сси сæ цæрæнбынат! Сæ нæмттæ, сæ царды хабæрттæ аргъауы диссæгтау баззадысты уымы цæрæг адæмты мифты! Дунейы бирæ ахуыргæндтæ архайдтой æмæ абон дæр архайынц нæ фыдæлты хæтæнтæ, хæцæнтæ, цардыуаг æмæ æгъдæуттæ раиртасыныл, фæлæ ма уæддæр бирæ хъуыддæгтæ сты сусæггаг.

Афтæ нæм кæсы, æмæ нæ журналкæсджыты сцымыдис кæндзæн æмæ хъуыдытыл бафтаудзæни, дæлдæр цы æрмæг мыхуыр кæнæм, уый.

* * *

Исландиаг ахуыргонд Гудмундссон, бæлвырд факттæй пайда кæнгæйæ, равдыста, гермайнаг адæмыхатт гергултæ Исландимæ кæй æрбафтыдысты Азовы денджызы цурæй. Уым æнгом сыхæгтæй цардысты сарматтимæ. Зындгонд норвегиаг ахуыргонд-иранист Георг Моргенштерн ныффыста уац Ass og (J)as (Osseter). Цæвиттонæн дзы æрхаста исландиаг фыссæг æмæ историк Снорриймы æрмæг. Снорри цардис XIII æнусы, у «Кæстæр Эддæ»-йы автор. Уый фыста, зæгъгæ, Один æмæ иннæ скандинаваг хуыцæуттæ цæгатмæ æрбафтыдысты «Асты бæстæйæ» (Asa-Land). Моргенштернмæ гæсгæ астæ уыдысты сарматты иу хай, ноджы ма сæ хуыдтой алантæ дæр.

Абайты Вассо
Чиныг «Нартовский эпос осетин».
Изд. «Ирыстон», Цхинвал,
1982, 71–72 фæрстæ.

ИНГЛИНГТЫ КАДÆГ (САГÆ)

Скъуыддзæгтæ

II

Снорри Стурлусон.

Азийы, Танаквислæй скæсæнырдæмдæр ис иу бæстæ, хонынц æй Асты Бæстæ, кæнæ та Асты Цæрæнбынат, йæ сæйраг сахар та – Асгард. Хицауиуæг дзы кодта Один. Уым уыди стыр кувæндон. Рагон æгъдаумæ гæсгæ дзы куыстой дыууадæс хистæр кувæджы. Уыдон хъуамæ хастаиккой нывæндтæ, стæй адæмæн уыдаиккой тæрхонгæнæг. Хуыдтой сæ дийтæ, кæнæ та бардарджытæ. Хъуамæ сын адæм иууылдæр кадæмæ лæггад кодтаиккой. Один уыд æвæджиауы хæстон лæг, арæх

Асгарды хæлддзæгтæ.

Асгард (Нисæ). Реконструкци.

Один.

цыди хæтæнты, стæрты, байста бирæ бæстæтæ. Хæсты афтæ хорз арæхст, æмæ-иу кæцыфæнды знагыл дæр фæуæлахиз. Уымæ гæсгæ йæ адæмы уырныдта, кæй йæ ничи басæтдзæн, уый. Хæстмæ кæнæ-иу æндæр исты хъуыддæгтæм йæ адæмы куы ‘рвыста, уæд-иу сын сæ сæрыл йæ дыууæ армы æрæвæрдта æмæ-иу сæ бафæдзæхста. Хæстонты уырныдта, уыцы арфæты фæстæ сæ хъуыддæгтæ кæй фæрæстмæ уыдзысты, уый. Йæ адæм-иу денджызы кæнæ сурзæххыл фыдбылызы куы бахаудтой, уæд æм сидтысты, йæ ном ын ардтой, æмæ сæм афтæ касти, цыма сын баххуыс кодта. Уый сын кæмдæриддæр æмæ кæддæриддæр уыди тæккæ стырдæр ныфсæнцой. Один-иу ахæм дард балцы ацыд, æмæ-иу бирæ рæстæг нал фæзынд.

III

Одинæн уыди дыууæ ‘фсымæры – Ве æмæ Вили. Один-иу искæдæм куы ацыд, уæд паддзахады сæргъы уыдон лæууыдысты. Иуахæмы Один стæры уыд æмæ бирæ рæстæг нал фæзынд. Адæм ын æрбаздæхынæнхъæл нал уыдысты. Уæд æфсымæртæ бавдæлдысты æмæ йын йæ бынтæ уарынмæ бавнæлдтой, йæ ус Фриггы та йын дыууæйæ дæр сæхи бакодтой. Фæлæ уалынджы Один æрбаздæхт æмæ йæ усы йæ галуанмæ æрбакодта. (...)

V

Цæгат-скæсæнæй хуссар-ныгуылæнмæ ивæзы стыр хохрагъ[1]. Уый Стыр Швеци æмæ иннæ бæстæты ‘хсæн арæн у. Йæ хуссарварс та Туркæгты Бæстæ ис. Уым Одинæн уыди парахат зæххытæ. Уыцы рæстæджыты Ромы паддзæхтæ стæрты цыдысты дунейы алы бæстæтæм æмæ-иу сæ дæлбар бакодтой æппæт

[1] Æвæццæгæн, ныхас цæуы Уралы хæхтыл.

Фригг – Асгарды усхуыцау.

адæмты дæр. Бирæ паддзæхтæ сæ зæххытæ ныууагътой. Один кæлæнгæнæг дæр кæй уыд æмæ развæлгъау алцыдæр кæй хатыдта, уымæ гæсгæ базыдта: йæ байзæддæгтæ цæрдзысты дунейæн йæ цæгатварс. Асгарды бакодта йе 'фсымæртæ Ве æмæ Вилийы бæрны, йæхæдæг та йæ дийтæ æмæ бирæ æндæр адæмимæ араст ис ныгуылæнырдæм – фыццаг Гардариктæм[2], стæй та хуссарырдæм – Саксты Бæстæмæ. Одинæн бирæ лæппутæ уыди. Саксты Бæстæйы зæххытæ байста, йæ фыртты дзы хицауиуæггæнджытæй ныууагъта. Стæй цæгатырдæм, денджызмæ, йе 'ргом сарæзта. Уым иу сакъадахыл æрцарди. Ныртæккæ уыцы сакъадах хуыйны Одины Сакъадах[3] – Фйоны. (...)

VI

Дзурынц, Один æмæ, дам, йæ дийтæ Цæгаты Бæстæтæм куы 'рбацыдысты, уæд адæмы ахуыр кæнын байдыдтой, ныртæккæ цытæ зонынц, уыдæттыл. Один уыд æппæты дзырддзæугæдæр, стæй арæхстис алцæмæ дæр. Гъемæ йæ адæм дæр фæзмыдтой. Ныр та радзурынмæ хъавæм, ахæм дзырддзæугæ цæмæн уыд, уый тыххæй. Йе 'мбæлттимæ-иу куы бадт, уæд бакастæй афтæ зæрдæдзуаг, афтæ фидауцджын уыд, æмæ-иу алкæй зæрдæ дæр рухс кодта. Фæлæ хæсты та йе знæгтæм æвирхъау касти. Уымæн æмæ æрдзæй рахаста ахæм курдиат: арæхст йæ хуыз ивынмæ. Ноджы дзурынмæ афтæ дæсны уыд, йæ ныхас афтæ аив, афтæ лæгъз цыд, æмæ йæм чи хъуыста, уыдон ыл иууылдæр æууæндыдысты. Йæ дзуринæгты алцы дæр уыди барст, æхсæст, мæнæ ныртæккæ поэзи кæй хонынц, уыйау. Йæхи дæр æмæ йын йæ кувæндоны хистæрты дæр нымайынц зарæджы дæснытыл, уымæн æмæ Цæгатаг Бæстæты уыцы аивад уыдонæй рацыд. Одинмæ утæппæт хъомыс уыд, æмæ-

[2] Уырысы бæстæйы рагон ном.
[3] Ныр Оденсе – сахар сакъадах Фйуныл.

иу хæсты йæ фыдгулты бакуырм кодта, йе та-иу къуырма аисты, стæй-иу сыл удаист бафтыди, сæ хотыхты цæф-иу уисы дзæхстæй фæкъаддæр, йæ хæстонтæ-иу æнæ згъæрхæдæттæ тохы цæхæрмæ сæхи баппæрстой, æрра куыйтау кæнæ-иу бирæгътау схъæхъхъаг сты, сæ уартытæм дæндагæй лæбурдтой. Ахæм тыхджын уыдысты, æмæ æрсытæ кæнæ богътæ сæ разы рыг дæр нæ калдтой. Знæгты цагътой, æмæ сын арт дæр, æфсæйнаг дæр ницы хъом уыдысты. Ахæм хæстонты хуыдтой берсерктæ.

VII

Одинмæ уыди хуызыцæуæджы курдиат. Цыма фынæй кæнæ мард у, уый хуызæн-иу куы хуыссыд, уæд-иу фестади маргъ, йе та сырд, кæсаг, калм. Æмæ-иу атахти дард бæстætæм – йе йæхи хъуыддæгты фæдыл, йе та искæмæн баххуыс кæныны охыл. Ноджы йæ бон уыди дзырдæй арт ахуыссын кæнын, денджызы «рохтыл» æрхæцын, дымгæ чердæмфæнды дæр аздахын. Уыди йæм нау, йæ ном – Скидбладнир, ласта йæ стыр денджызты, стæй-иу æй Один къухмæрзæнау батыхта. (...) Один дардта дыууæ халоны. Дзурын сæ сахуыр кодта. Уыдон тахтысты æппæт бæстæты сæрмæ æмæ йын-иу алыхуызон хабæрттæ æрбахастой. Уымæ гæсгæ алцыдæр зыдта... (...)

Одинмæ уыди кæлæнтæ кæныны курдиат дæр. Уый фæрцы-иу рагацау базыдта адæймæгты хъысмæт, кæуыл цы ‘рцæудзæн, уый, стæй йæ бон уыд адæмыл низ бафтауын кæнæ сын сæ зонд, сæ хъару айсын æмæ сæ æндæртæн раттын. Один зыдта, зæххы бын цы хæзнатæ æмбæхст ис, уый, стæй-иу йæ кæлæнты фæрцы байгом сты зæхх, къæдзæхтæ, дуртæ, обæуттæ. Йæ дзырды хъомысæй-иу, уым чи цард, уыдонæн сæ тых айста æмæ-иу сæм бацыди, рахаста-иу, цы йæ хъуыд, уый.

Уыцы стыр курдиаты руаджы йæ кад тынг уæлиаумæ схызт. Йе знæгтæ дзы æмризæджы рызтысты, йæ хæлæрттæн та ныфсы хос уыд, æууæндыдысты йæ тыхыл, стæй йæхиуыл дæр. (...) Адæм уарзтой, стыр аргъ кодтой Одинæн дæр æмæ йæ кувæндоны дыууадæс хистæрæн дæр, хуыдтой сæ сæ хуыцæуттæ æмæ сын бирæ рæстæджы дæргъы табу кодтой. (...)

IX

Один фæрынчын æмæ амарди Швецийы. Йæ мæлæты размæ загъта, цæуын, дам, Хуыцæутты Бæстæмæ æмæ, дам, мæ хæлæртты уырдæм хондзынæн. Шведæгты уырныдта, йæ рагон

Асгардмæ кæй аздæхт æмæ уым æнусмæ кæй цæрдзæн, уый. Одиныл ногæй æууæндын байдыдтой æмæ йæм бахъуаджы сахат куывтой. Арæх-иу сæм карз тохы быдырмæ фæзынд. Иутæн уæлахиз хаста, иннæты та йæхимæ хуыдта. Сæ иутæн дæр æмæ иннæтæн дæр уый амондыл нымад уыди.

Снорри Стурлусон
Чиныг «Круг земной».
М., изд. «Наука», 1980, 11–15 фæрстæ.

ÆРВОН САХАР

Легендарон Асгард

Алы адæммæ дæр разындзæни кадæг кæнæ таурæгъ, хуыцæуттæ кæм цæрынц, уый тыххæй. Гермайнæгтæ æмæ скандинавтæ уыцы бынат хонынц Асгард. Фыдæлты кадджытæм гæсгæ уым раздæр арæзт æрцыди галуан – Зæронд Асгард. Цардысты дзы Один æмæ йæ хæстæджытæ. Фæстæдæр дзы фæзынди фидар – Ног Асгард. Аразгæ та йæ скодта иу уæйыг. Уый хуыцæуттæм æрбацыд æмæ сын загъта: «Афæдз æмæ уын æрдæгмæ уæ сахары алыварс самайдзынæн, æрбахизæн кæуылты нæ уа, ахæм сис». Йæ куыстæн бацагуырдта «мызд» – раттут, дам мын фидыцы хуыцау Фрейайы, стæй Хур æмæ Мæйы. «Райдай кусын, – загъта йын Локи. – Æрмæст дын рагацау зæгъын: – Афоныл æй куы нæ самайай, уæд махæй ницы фендзынæ!»

Сисамайæг бахудт æмæ тæккæ уыцы бон йæ хохыйас бæх Свадилфариимæ Асгардмæ ласын байдыдта егъау къæдзæхдуртæ. Куыст афтæ рæвдз цыд, æмæ астыл удаист бафтыди. Фрейа кæуынтæ систа, йæ цæстытæй зæхмæ гæр-гæр кодтой сызгъæрин цæссыгтæ, æмæ йæ бæстыхайы цур сырæзыди сызгъæрин обау. Куысты кæронмæ ма баззад иунæг бон. Локи кæл-кæлæй ныххудт æмæ хуыцæутты æрсабыр кодта: «Уæйыг сис кæронмæ никуы самайдзæн!» Æмæ сæ цурæй алыгъди...

Дыккаг бон уæйыг иннæ хæттытау фæцæйцыд Асгардмæ, йæ уæрдоны – къæдзæхдуртæ. Уыдон ма куы сæвæрдтаид, уæд сис амад фæуыдаид æмæ Фрейайы йæхицæн рахастаид.

Уалынджы дын къохæй иу урс ефс куы рацæуид – æмбал кæмæн нæ уыд, ахæм диссаджы рæсугъд. Свадилфари йæ бæттæнтæ арæдывта æмæ ефсырдæм ныййарц.

Бæхтæ къохы фæмидæг сты. Уæйыг мæстæй пиллæттæ акалдта, Асгардмæ ælгъитгæ араст æмæ хуыцæуттæм хъæр кæны: «Мæнгæрдтæ! Уæ дзырд фæсайдтат. Ефсы мын сымах рауагътат мæ уырсмæ!» Хуыцæутты хистæр ын дзуапп радта: «Абон афæдз æмæ æрдæг рацыди, сис та амад нæма фæци. Дæ ныхасæн хицау нæ разындтæ æмæ дæхи айс ардыгæй!»

Локи ма афæдзы бæрц ефсæй фæцарди. Стæй йын Свадилфарийæ асткъахыг байраг райгуырди. Ном ыл сæвæрдтой Слейпнир. Уый фæстæдæр ссис Одины дугъон.

ЗÆРОНД АСГАРД

Историон Асгард

Астæ цардысты нæ эрæйы агъоммæ дыккæгæм æнусы Астæуккаг Азийы Парфиенæйы. Уый уыди Парфийы паддзахады удварны центр. Дыууæ Асгарды, Зæронд æмæ Ног, стæй Идавеллы фæз (ам хуыцæуттæ арæзтой спортивон ерыстæ) æввахс уыдысты ныры Туркменистаны сæйраг сахар Ашхабадмæ (ацы сахары ном амоны «асты сахар»). Ныртæккæ дыууæ сахарæн ис æндæр нæмттæ: Зæронд æмæ Ног Нисæ. Адæймаджы зынтæй уырны, легендарон æрвон Асгард зæххыл кæй уыд, уый. Раст зæгъын хъæуы, рæстæг æмæ адæм бацархайдтой, цæмæй сахар рохуаты баззайа. Бирæ бæстыхæйттæ хæлд æрцыдысты, цы хæзнатæ дзы уыд, уыдон фæхастæуыди, бынæтты нæмттæ ивд æрцыдысты, галуантæ кæм уыдысты, уым æндæр бæстыхæйттæ сарæзтæуыди. Хæдзæрттæн ма сæ бындуртæ баззадысты, скульптурæтæ æмæ алыхуызон нывтæй ма æрмæст фрагменттæ аирвæзти. Парфийæгтæн сæ мыггаг сыскъуыди. Бабын сты, сæ алыварс цы дыргъдæттæ уыд, уыдон æмæ ноджы бирæ аивадон уацмыстæ. Æнæ уыдæттæ та Нисæ ницыуал у – айдагъ хæлддзæгты рæдзæгъдтæ. Багир, зæгъгæ, уыцы фæсвæд хъæуы кæрон ис дыууæ обауы. Ацы ран уыдысты Зæронд Асгарды сæйраг галуантæ. Сæрмагондæй бафиппаинаг у: парахат Валхаллæ Одинæн йæ бындурон бынат нæ уыд: æрбацыд-иу ардæм, сæ сæргъы кæмæн лæууыд, уыцы хъæбатыртимæ – хуыдтой сæ ейхеритæ. Йæхицæн та саразын кодта сæрмагонд галуан, йæ ном – Валайаскийав. Ардыгæй асты раздзог, къæлæтджыныл

бадгæйæ, касти,бæстыл цытæ цæуы, уыдæттæм. Иннæ хуыцæуттæн уыди сызгъæринæй астæрд Цины Галуан, усхуыцæуттæн та – галуан Винголв.

Дыккаг обауыл, ома Ног Нисæйы, лæууыдысты Ног Асгарды бæстыхæйттæ. Уыдон алы рæтты пырх нæ уыдысты – бæлвырд фæткыл сæ сарæзтой сахары цæрджытæ: стыр гæнах, центр, фæрссаг уынгтæ, уæлмæрдтæ... Ног Асгарды алыварс – бæрзонд сис, кадæгмæ гæсгæ йæ самадтой, астæ хинæй кæуыл рацыдысты, уыцы уæйыг æмæ йæ егъау бæх Свадилфари.

Обæуттæй дыууæ километры æддæдæр ис Мансурдепе – кæддæры хъазæн фæз Идавелл. Уым хуыцæуттæн уыди Ныхас, стæй зæххы хай. Цыппæрдигъон фæзуатæн йæ ас – фараст гектары. Ам астæ арæзтой ерыстæ дурæппарынæй. Дуртæ-иу алыхуызон ахорæнтæй сахуырстой. Уыди сын символон-магион нысаниуæг, зæгъæм æппæтдунеон айк, стъалытæ, хицаудзинад, æнусмæ æвзонг уæвын, хъару, кæлæнтæ æмæ а.д. Хъазты сæйраг хъуыды: цы дæм æрбахауа, уый дæ сæр баййафдзæни. Хуыцæуттæй-иу кæмæ цы ‘рхауд, уымæй аразгæ уыд æгас дунейы хъысмæт дæр. Хъæзтытæ биноныгæй æвдыст æрцыдысты ирон эпос «Нарты кадджыты» (ирæттæ-алантæ сты, ардыгæй чи ацыд, уыцы асты байзæддæгтæ). Къоритæ, портитæ, сызгъæрин æйчытæ æмæ диссаджы къуыбылæйтты койтæ ис дунейы бирæ адæмты аргъæутты дæр.

Ашхабад. Ашхабад 1924 азæй фæстæмæ у Туркменистаны сæйраг сахар. 1919 азы онг хуынд йæ рагон номæй – Асхабад... Ис дзы бирæ музейтæ: нывгæнынады, историйы, историон-бæстæзонæн æмæ æндæртæ. Сахармæ хæстæг – историон-культурон тобæгонд бынат Нисæ. 1948 азы æвирхъау зæххæнкъуысты аххосæй фехæлди, фæлæ йæ ногæй сарæзтой. Нисæ фæзынди нæ эрæйы агъоммæ III æнусы. Цæрджытæ дзы уыди нæ эрæйы III æнусы онг... Ныр ма Зæронд æмæ Ног Нисæйы ис сахары фидæрттæн, сыхтæн, кувæндæттæн, галуантæн æрмæст сæ баззайæццæгтæ, хæдзарадон документты архив, аивады уацмыстæ.

Виктор Калашников

Чиныг «Чудеса света. Энциклопедия тайн и загадок». М. Изд. «Белый город». 2008, 124–125 фæрстæ.

АСГАРДЫ ССАРГÆ ХÆЗНАТÆ

Статуя Принц.

Асгардаг Афродитæ.

Статуя Усхуыцау.

АСГАРДЫ КÆЙ ССАРДТОЙ, УЫЦЫ НУАЗÆНТÆ

НУАЗÆНТЫ УÆЛЛАГ ХÆЙТТÆ

НУАЗÆНТЫ БИНАГ ХÆЙТТÆ

Цæргæс.

Сиренæ.

* * *

Нисæмæ æввахс Мансурдепейы цур ис стадионы æнгæс быдыр. Уым-иу æрæмбырд сты астæ хъазынмæ æмæ ныхас кæнынмæ.

Мансурдепейы комплексæн цы нысан уыд, уый ахуыргæндтæ нæ базыдтой, се ‘хсæн-иу рауади быцæутæ. Мæ зæрдæ дарын, ныр алцыдæр йæ гаччы кæй сбаддзæн, ууыл. Дыккаг фæз гипсæй конд къоритимæ уыди Нисæйæн йæхи мидæг, ома Асгарды бæстастæу.

Арсакидтæ (уый уыди паддзæхты династион ном, паддзæхтæн се ‘цæг нæмттæ бæрæг не сты) бирæ адæмыхæттыты хистæртимæ уыдысты хæстæджытæ. Уæдæ бавзарæм асты хъæзтыты фæдтæ кавказаг мифты ссарын. Мæнæн уый бантысти, ирон адæмы эпос «Нарт»-имæ куы базонгæ дæн, уæд.

Мæнæ куыд æвдыст цæуынц «дуртæй хъæзтытæ» поэтикон рæнхъыты (Асгарды дуртæй нæ пайда кодтой, фæлæ гипсæй конд къоритæй):

Иу сæумæрайсом Нарты лæппутæ
Æд хæцæнгæрзтæ, хæстон ифтонгæй
Куы рараст кодтой хъазæн лæбырдмæ,
Хъазæн лæбырдмæ, тых æвзарынмæ,
Тых æвзарынмæ, дуртæ тулынмæ,
Сæ хъал, хаст бæхтæй сынæгæй хæстмæ.
Лæбырды рæбын æрæмбырд ысты,
Лæбырды лæнчы æрлæууыдысты,
Тых æвзарынмæ цæттæ уыдысты.

Ныхас цæуы хъазæн фæзыл! Дарддæр дзырдæуы, дуртæ куыд тулынц, ууыл:

Райдыдтой дуртæ бæрзондæй тулын,
Тыхæвзар хъазты кæрæдзи ‘взарын.
Фыццаг дур мæнæ рацæуы тулгæ,
Лæбырды лæнчы гуыппытæгæнгæ,
Уырызмæг дæр æм йе ‘рттæ фæдары,
Йæхицæй йæ уый дарддæр кæм уадзы!
Ыскъиугæ дурты уайтагъд ацахсы,
Йæ хæдфарсмæ сæ кæри амайы.
Хæмыц дæр уайы, дуртæ ыскъæфы
Æмæ сæ иугай Борсæмæ ‘ппары.

Стыр дисы нæ ‘фтауы, адæм утæппæт азты дæргъы сæ зæрдыл

куыд бадардтой ацы хабæрттæ. Уымæн, æвæццæгæн, ахъаз уыдысты кадджыты цардæгас фæлгонцтæ, мифологон мидис, поэтикон æвзаг.

...Уæдæ Асгард æмæ Нисæ иу ысты, ацы сахары фыдæлтæ нымад æрцыдысты хуыцæуттыл. Ацы сахары алыварс паддзахад та хуынди Парфи («Асты Бæстæ»).

Владимир Щербаков[4]

Чиныг «Асгард – страна богов». М., ФАИР-ПРЕСС, 2000, 299, 302 фæрстæ.

Автор поэтикон скъуыддзæгтæ райста, 1957 азы Мæскуыйы чиныгуадзæн «Наукæ»-йы, «Нарты. Эпос осетинского народа», зæгъгæ, цы чиныг рацыди, уырдыгæй (120–121 фæрстæ). Уырыссаг æвзагмæ йæ раивта Рюрик Ивнев. Мах сæ дæттæм чиныг «Нартæ»-йæ (Цхинвал, рауагъдад «Ирыстон», 1975, 116, 117 фæрстæ).

[4] Владимир Иваны фырт Щербаков у фыссæг, историк, стыр ахуыргонд. Бирæ тыхтæ бахардз кодта легендарон Асгард ссарыныл: кастис алыхуызон чингуытæ, бæстон базыдта архивты æрмæг, зылдис бæстæтыл, æмбæлдис адæмимæ. Æмæ, æппынфæстаг, факттæ, верситæ кæрæдзиуыл баргæйæ, йæ къухы бафтыд æнтыст.

Щербаков Асты Бæстæйы сæйраг сахар кæй ссардта, уый тыххæй сæрмагондæй фехъусын кодта Советон Цæдисы телеграфон агентад (СЦТА – ТАСС) 1989 азы 21 майы.

ГУÆЗДÆРТЫ Азæ,
БЕТЕТЫ Фатимæ

КЪОСТАЙЫ ПОЭМÆ «ФАТИМÆ»-ЙЫ ПРОБЛЕМАТИКÆ

Къостайы сфæлдыстады сæрмагонд бынат ахсы поэмæ «Фатимæ». Ацы уацмысы поэт равдыста кавказаг сылгоймаджы уæззау, трагикон хъысмæт, фыдæлты патриархалон дуджы карз æгъдæуттæ.

Поэмæйы сюжет у бæлвырд æмæ хуымæтæг. Фатимæ райгуырд мæгуыр бинонты ‘хсæн. Хъысмæт æй баппæрста хъæздыг Наибы хæдзармæ. Уый йæ схъомыл кодта хи хъæбулау. Фатимæ æмæ Наибы фырт Дзамболат цардысты хо æмæ æфсымæрау, фæлæ сын пысылмон дин бар дæтты кæрæдзи уарзынæн, æмæ сты амондджын. Уымæн æмæ сæ рæстæг куы ‘рцæуа, уæд бацæрдзысты иумæ. Фæлæ сæ æнæмæт цардæн æрцыд кæрон: райдыдта хæст. Йæ уарзон чызджы цæстмæ, уый зæрдæ балхæныны тыххæй Дзамболат хæстмæ ацыди. Аивгъуыдтой фондз азы. Дзамболатæй ницы хабар хъуысы. Фатимæ, куыд хæрзæгъдау æмæ намысджын адæймаг, æнхъæлмæ кæсы, дзырд кæмæн радта, уыцы лæппумæ. Фæлæ фыдæлты æгъдæуттæ никæй бон у халын. Фатимæмæ цыдысты курджытæ, иуæй иннæ уæздандæр, хъæздыгдæр. Зæронд Наиб сфæлмæцыд адæмы дамдумтæй æмæ домы йæ чызгæй, цæмæй ацæуа чындзы. Фатимæ йæ фыдæн раргом кодта йæ бæллицтæ, йæ сусæг уарзондзинад. Фæлæ Наибы фæнд æндæр у: домы чызгæй, цæмæй, йæхи кæмæй фæнды, уымæй смой кæна. Фатимæ равзæрста, 1861 азы зæхкусджыты реформæйы фæстæ сæрибар хæххон чи сси, уыцы Ибрагимы. Наиб не сразы, дзуры: «...уый ницы у, гæвзыкк, уый нæу æлдар» Фæлæ Фатимæ йæ фыдмæ нæ байхъуыста:

Рæстдзинад, уарзоны æнцойæ,
Нæ хид, нæ тугæйдзаг фæллойæ
Ыссардзынæн æз цин, рæвдыд...

Ибрагим кусы, фыдæбон кæны, цæмæй йæ бинойнаг æмæ сæ чысыл лæппу мацы цух уой. Уымæй æвдисы йæ бинонтыл æнувыддзинад, йæ уарзондзинад Фатимæмæ.

Цыди рæстæг. Иуахæмы æрыздæхти Дзамболат. Дзуры Фа-

тимæйæн, цæмæй ныууадза йæ лæджы, йæ сывæллоны æмæ иумæ алидзой. Фатимæ та ам дæр æвдисы йæ хуыздæр миниуджытæ: сæрыстырдзинад, намыс, æгъдау. Уый æнувыд у Ибрагимыл, йæ хъæбулыл, йæ ног цардыл. Ахæм дзуапп фехъусгæйæ лæппу ацыд. Фæлæ хъуыддаг ууыл нæ ахицæн. Дзамболат Ибрагимимæ тохы бацыд æмæ йæ сусæгæй амардта. Ибрагимы мард куы фехъуыста Фатимæ, уæд сæрра æмæ афтæмæй рацу-бацу кæны.

Поэмæ у авд хайæ конд. Уыцы авд хайæ уæлдай ма дзы ис райдиан – номарæн æмдзæвгæ, æмæ кæрон – авторы фæстаг тæрхон æмæ информаци, йæ кадæджы цы адæмы кой кодта, уыдоны тыххæй.

Кæд фыццаг хайæн сюжетон нысаниуæг нæй, уæддæр тынг ахсджиаг у Фатимæйы удыхъæд, йæ миниуджытæ, йæ зондахаст раргом кæнынæн. Ам Фатимæ фыццаг хатт бацыд ælдæртты дунеимæ тохы æмæ дзы фæуæлахиз.

Дыккаг æмæ æртыккаг хæйтты раргом сты Дзамболаты зондахаст, йæ зæрдæйыхатт, йæ хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ.

Цыппæрæм хайы Дзамболат æмæ Ибрагимы характерты хицæндзинæдтæ раргом сты, Фатимæмæ цы зæрдæ дарынц, куыд æй уарзынц, цас ын аргъ кæнынц, уымæй.

Фæндзæм хайы Дзамболат – фыд-зæрдæ æмæ фыд-зонд лæг – контрасты хуызы барст цæуы рæсугъд æрдзимæ, æмæ та ам дæр йæ фыдми ноджы ирддæрæй разыны.

Æхсæзæм хайы Дзамболат нæй, фæлæ дзы ис адæмы тæрхон лæппуйы ницæйаг æмæ æнæуаг цардæн. Ам дæр ныхмæвæрд цæуынц Ибрагим æмæ Дзамболат. Ногæй та æмбулы Ибрагим. Раст цыма уыцы хъуыддаг бабыхсын йæ бон нал у, уыйау Дзамболат мæнгардæй амардта Ибрагимы.

Поэмæйы ис дыууæ сæйраг конфликты: 1) Æхсæнадон царды стыр конфликт ælдæртты æмæ зæхкусджыты ‘хсæн; Фатимæ фыццаг фембæлды ælдæртты дунейæ йæхи ратыдта; уыцы дуне дзы йæ маст райста. 2) Уарзондзинады фæдыл конфликт Ибрагим æмæ Дзамболаты ‘хсæн, стæй Фатимæ æмæ Дзамболаты ‘хсæн.

Фатимæйы трагеди уый мидæг ис, æмæ хæрз чысылæй æрбафтыд ælдæртты дунемæ, уыдон æй сæхи хонынц, уыдон æхсæн бавзæрста фыццаг уарзондзинад сæ карздæр минæвар Дзамболатмæ, афтæмæй зондæй та у сæ фыдвæтк, фыд-зонд æмæ фыд-зæрдæйы ныхмæ. Бантыст ын йæхи ратонын ælдæртты дунейæ, ссарын удæнцой æмæ амонд хуымæтæг хæххон лæджы

хæдзары. Фæлæ йын ælдæртты дуне нæ ныххатыр кодта ацы «фæлывд» ми.

Фатимæйы характеры ацы ныхмæвæрд у йæ трагедийы ратæдзæн æмæ ирдæй зыны уацмысæн йæ райдианæй йæ кæронмæ.

Фатимæ æмæ Наибæн сæ зондахаст у фæйнæхуызон. Наиб уæздан æмæ аккагыл нымайы æрмæст ælдæртты æмæ уыдоны цард, Фатимæ та бынтон иннæрдæм хъуыды кæны.

Уый разы у æрмæст иу æгъдауыл: кæй уарзыс, уымæй смой кæн. Уыцы фадат ын нæй. Уарзы Дзамболаты. Уый та хæсты фесæфт. Æнхъæлмæ йæм кæсид Фатимæ ноджыдæр, фæлæ йын ælдæртты фыдæгъдау бар нæ дæтты. Фатимæ разы у æппæтыл дæр æмæ зæгъы йæ фыдæн, цæмæй йæ радта, йæхи кæмæн фæнды, уымæн. Фыд ын зæгъы, Дзамболаты ферох кæн, зæгъгæ, равзар æндæры, фæлæ Фатимæйы фæнды ælдæртты дунейыл къух ауигъын æмæ хуымæтæг зæхкусджыты дунемæ ацæуын. Ам ис Фатимæйы трагедийы ратæдзæн: йæ зонд æмæ йæ зæрдæйы ‘хсæн конфликт. Фыд не ‘мбары, куыд хъуамæ смой кæна ælдары чызг, æрæджы дæр ма цагъайраг чи уыд, уыцы адæймагæй. Фатимæ та не ‘мбары фыды зондахаст. Иугæр зæрдæйы фæндонæн сæххæстгæнæн нæй, уæд хъуамæ ацæуа йæ зонды фæдыл. Ælдæртты дунейы, Фатимæмæ гæсгæ, нæй рæстдзинад æмæ уарзондзинад. Уыдон нæ кæнынц фæллой, æмæ фæллой чи нæ кæны, уый та фыдбылызырдæм арæзт у.

Сæтты Фатимæ, зын ын кæй уыд йæ уарзон Дзамболатыл йæ къух сисын, йæ дзырд фæсайын, ууыл. Фæлæ æгъдау æмæ йæ намысы сæрты ахиза, йæ хъæбул æмæ йæ уарзæгой лæджы ныууадза, фæллойгæнæг адæмы дунейæ фæхицæн уа æмæ та ælдæртты дунемæ ацæуа, уый йæ бон нæу.

Стыр зæрдæ æмæ арф хъуыдыйы хицау у Фатимæ. Бирæ катайтæ фæкодта йæ царды. Дзамболатмæ куы ‘нхъæлмæ каст, уæд ыл ælдæртты дунейы минæвæрттæ дам-думтæ кодтой. Уыдонæй куы фервæзт, уæд та йыл дамтæ кодта йæ ног дуне. Стыр хъизæмæрттæ баййæфта Фатимæ. Æмæ Ибрагимы мælæтæн нал бафæрæзта. Дзамболат кæй схауæггаг и, уым дæр йæхи азымджын æнхъæлы, Ибрагимы мælæты дæр йæхи аххосджын хоны. Æмæ фæстагмæ йæ зонд фæцыди.

Дзамболат æмæ Ибрагим ныхмæвæрд кæм сты, уым сын сæ фæлгонцтыл дæр иумæ куы æрдзурæм, уæд хуыздæр уыдзæн.

Дзамболаты раздæр базонæм Фатимæйы ныхæстæй. Æвзонг

лæппу, йæ уарзон чызджы цæстмæ йæхи аппæрста хæсты тæмæнмæ æмæ фесæфт. Чызг дæр æмæ лæппу дæр уыдысты романтикон зæрдæты хицæуттæ, æмæ чызгмæ афтæ каст, цыма Дзамболаты хуызæн никуы уыд. Фатимæйы фæстаг дзырд у: уарзондзинады тых акодта Дзамболаты хæстмæ.

Лæппу уацары куы бахауд, уæдæй рацыди дæс азы бæрц. Бирæ цыдæртæ аивта æхсæнадон царды дæр. Нæ аивта æрмæст Дзамболат. Наиб амарди. Цагъайрæгтæ ссæрибар сты. Иу дзырдæй, цард бынтон раивта, æрмæст Дзамболат баззад эгоистæй. Уый рабæрæг, хохæгтимæ куы фембæлд, уæд дæр. Йæхи сын рахуыдта, зыбыты сидзæрæй чи схъомыл, ахæм «зарæггæнæг». Радзырдта сын йæ «балцы» хабар, радзырдта, куыд мысыд йæ фыдызæхх, куыд ралыгъд уацарæй. Аив æмæ зæрдиаг у йæ ныхас. Æрмæст ыл адæм не ‘ууæндынц. Йæхи куыд хоны, афтæ куы уаид, уæд нæ худид мæгуыртыл, нæ кæнид уæлиау поэтикон ныхæстæ йæхи тыххæй.

Дзамболаты фæлгонцмæ ног ахорæн бафтыд авторы характеристикæйæ. Лæппу лæууы Ибрагимы кулдуары раз, хъуамæ бацæуа æмæ Фатимæйы фена, фæлæ нæ уæнды. Автор æй хоны «тæппуд къæрных» хæрам лæг, тыхджын фыдгæнæг. Уый нæ рацыд Ибрагимимæ æргом тохмæ, фехста йæ фæсфæдæй, сусæгæй хæцаг куыдзау.

Дзамболат хъавы Фатимæйы лæппуйы æррæвдауынмæ, цæмæй мады зæрдæ балхæна. Фæлæ саби базыдта Дзамболаты хæрам зæрдæ æмæ йын йæ рæвдыд нæ исы. Дзамболат та Фатимæйæн дæр радзырдта йæ «балцы» хабæрттæ. Æрмæст йæ ныхæстæ рæстдзинадмæ нæ, фæлæ зæрдæлхæнынмæ арæзт сты, æдзухдæр кæны цæстмæмитæ. Уыцы цæстмæхъус ныхæстæ Дзамболатæн сты йæ фыд-зонд æмæ фыд-зæрдæ æмбæхсыны мадзал. Æцæг уарзт цы у, уый зонгæ дæр нæ кæны. Хъыг ын у, Фатимæ хуымæтæг кусæг лæг, раздæры цагъары кæй уарзы, уый.

Дзамболат эгоист æмæ индивидуалист куынæ уаид, æцæгæй куы уарзид Фатимæйы, уæд хъуамæ хъуыды кæнид йæ уарзон адæймаджы хæрзæбоныл. Уый та æрмæст йæхиуыл тыхсы, йæ хиуарзондзинад ын аразын кæны æппæт дæр, йæ фыд-зонд ын дзурын кæны æфхæрæн ныхæстæ.

Бынтон æндæр удыхъæд ис Ибрагимæн. Уый тыхсы Фатимæйыл. Йæ хидвæллой дæр хардз кæны уый барæвдауыныл, йæ зæрдæ йын истæмæй барухс кæныныл. Хæдзар æмæ ном скодта йæ хидвæллойæ æмæ сæрибар уарзынæй, йæ хæдæфсарм æмæ хæрзæгъдауæй. Цæвиттон, хайджын у адæмы хорз миниуджытæй.

ОЧИСТИТЬ РЯДЫ ПИСАТЕЛЕЙ ОТ БУРЖУАЗНЫХ НАЦИОНАЛИСТОВ

В правлении союза советских писателей Северной Осетии, пользуясь политической беспечностью, продолжительное время орудовали троцкистские мерзавцы Фарнион и Дзесов, фашистский выродок Косирати, буржуазный националист Шамиль Абаев. Всем этим врагам покровительствовали бывший заведуюæий отделом пропаганды и агитации обкома ВКП (б) К. Бадоев, бывший завшкольным отделом горкома ВКП (б) С. Галаев.

Казалось бы, что правление союза советских писателей республики должно было принять все меры к тому, чтобы до конца выкорчевать из рядов писателей буржуазных националистов, всех врагов партии. Но правление союза писателей этого не сделало. Обком партии, вместо того, чтобы помочь союзу советских писателей очистить ряды от буржуазно-националистического охвостья, направил в союз советских писателей в качестве председателя правления гнилого либерала, покровителя буржуазных националистов Казбека Бадоева.

В союзе писателей нашей республики до сих пор продолжают орудовать буржуазно-националистические элементы и их покровителя. Член союза советских писателей Нигер восхвалял троцкиста Дзесова, все время рекламировал его контрреволюционную стряпню.

Писатель Бесаев Т. в 1931 году выпустил сборник своих стихов с предисловием буржуазного националиста Дзагурова. В этом предисловии к стихам Бесаева Дзагуров клевещет на партию, на советскую власть, протаскивает контрреволюционную авербаховщину.

В прошлом году тот же самый Т. Бесаев написал критическую статью о книге Г. Малиева. Сделав критический разбор этой вредной книги, Бесаев в своей статье по существу взял под защиту редактора книги – фашистского выродка, буржу-

азного националиста Косирати. Критикуя содержание сборника, Бесаев рекомендовал уже тогда разоблаченному Косирати «дать к сборнику выдержанное предисловие». «Тогда бы, – говорит в своей статье этот, с позволения сказать, критик Бесаев, – книга принесла бы гораздо большую пользу» (?!)

Повторяем – эта «критическая статья» была написана Бесаевым в прошлом году. И все это не случайно. Не случайно потому, что Бесаев выступал против Коста Хетагурова, отрицал, что Коста Хетагуров является основоположником осетинской литературы, Бесаев имеет тесную связь с буржуазным националистом Дзагуровым.

Другой писатель Георгий Кайтуков выпустил сборник своих стихов также с предисловием буржуазного националиста Дзагурова. В этом «предисловии» Дзагуров протаскивает контрреволюционные установки заклятых врагов народа Троцкого и Бухарина, авербаховщину, гнусно и подло клевещет на основоположника осетинской литературы Коста Хетагурова.

Писатель Дабе Мамсуров также неоднократно допускает в своих произведениях буржуазно-националистические выпады. В одном из своих рассказов, написанном в этом году и который он пытался напечатать, Дабе Мамсуров допускает буржуазно-националистические выпады против кабардинского народа.

В другом своем рассказе, написанном также в этом году и который хотел протащить в печать, Дабе Мамсуров, описывая жизнь студенческой молодежи, самым возмутительным образом клевещет на советское студенчество, на продолжении десятков страниц смакует пошлятину.

Барон Боциев, редактируя журнал «Мах дуг», неоднократно пытался протащить на страницы журнала контрреволюционную буржуазно-националистическую стряпню. Так, в один из номеров журнала совместно с А. Джатиевым им была сдана статья, содержащая грубейшие политические ошибки, контрреволюционные искажения.

В этом году Барон Боциев с Дзагуровым пытался напечатать в журнале, как «литературное наследство», буржуазно-националистическую пьесу дореволюционной писательницы Кочисовой и опять-таки с предисловием того же буржуазного националиста Дзагурова.

23–25 сентября проходило собрание партийной организации Северо-Осетинского научно-исследовательского института, которая объединяет коммунистов-писателей. Обсудив статью «Выкорчевать буржуазных националистов на идеологическом фронте» и другие статьи, по этому вопросу опубликованные в газетах «Социалистическая Осетия» и «Растдзинад», партийное собрание исключило из рядов партии председателя правления союза советских писателей республики Бадоева и объявило выговоры коммунистам-писателям Барону Боциеву и Гр. Мамиеву.

Но это еще далеко не все. Правление союза советских писателей республики, партийная организация научно-исследовательского института, которая объединяет коммунистов-писателей, обязаны принять все меры к тому, чтобы до конца очистить ряды писателей от буржуазных националистов, всех врагов народа и их покровителей. Для этого необходимо, прежде всего, развернуть среди писателей большевистскую критику и самокритику, до конца распутать клубок преступлений, которые творили троцкистско-бухаринские шпионы и буржуазные националисты на литературном фронте.

«Социалистическая Осетия», 27.09.1937

БЕСАТИ Тазе

ЗОНУН ГЪÆУЙ

Финсæги политикон сфæлдистадæ æхседуй алкæддæр, æ доги цæхæр, æ политикон цæстингас, æ зунди рахаст ци социалон-экономикон зингæй содзонцæ, уомæ гæсгæ.

Геуæрги райдæдта финсун революций размæ. Финсуй ма абони дæр. Арсæн æхе уингæй æ фæд нæ агордзинан. Мæнæ Геуæргий финстити æмбурдгонд «Ираф»[1] нæ рази 'й. Кæд нин лæмбунæгæй нæ бантæсдзæнæй йе сфæлдистадæн аргъ искæнун, уæддæр цубурæй зæгъдзинан нæ цæстингас.

Геуæргий сфæлдистадæмæ листæг æркæсгæй, мах гъæуама æргом зæгъæн: Геуæрги не сфунхтæй социалистон цардбæл тохи уолæнти. Æ финстити ин неци иссердзинайтæ нæ колхозтæ, совхозтæ, фабриктæ æма заводти цардæй.

Революцион уахъæри бæсти Геуæргий политикон гъæлæс берæ рауæнти гъæст æй, цард еуварсмæ гæлдзунмæ, æ фæсте уадзунмæ ке фæгъгъавуй, еци листæг буржуазон пессимизми тæнтæй. Геуæрги нæ уинуй æма хуарз нæ зонуй, социалистон революций исæхседуни сæраппонди пролетариат-косæг къласмæ ци менеугутæ ес, уони. Хъæбæр идард æй Геуæрги еци гъуддаги марксизм-ленинизми фæндагæй.

Уомæ гæсгæ Геуæрги изайуй унгæг националон рамкити, незгун кæнуй буржуазон романтизмæй; берæ рауæнти гъæугæ пайда скæнуни фæлтау механикон æгъдауæй «фæнзуй» классикти.

Зæнхон цард, адæми хонуй «золкъитæ». Æхе ба фæндуй истæхун:

Цъифæ бони æппун неци
Æз мæхемæ æркæсун
'Ма нæ фендеун мæ деси
Уалæ арвмæ искæсун.

Мæ кæрдзин æма мæ цæнхæ
Æз феууелун уæд зиндæр, –

[1] Малити Геуæрги. «Ираф», финстити æмбурдгонд. Орджоникидзе, 1935.

Фæккæсуй мæмæ нæ зæнхæ
Мисти къахæй ниллæгдæр.

Финсæг цъифæ бони æхемæ ку æркæсуй, уæд нæ фендеуй арвмæ искæсун. Æ мæгурдзийнадæ, æ феце æма фахъæрайæй цума æфсæрми фæккæнуй. Зинæй феууелуй æ цæнхæ æма æ кæрдзин. Арви цори имæ зæнхæ дæр мисти къахæй ниллæгдæр фæккæсуй.

Еци æмдзæвгæн æ кæрон бæтгæй, автор идарддæр уотæ зæгъуй:

Нæлтæ, силтæ, уо, мæгуртæ,
Над нæмунцæ золкъитау...
Ох, ку уайдæ мæ базуртæ, –
Истæхинæ цæргæсау!

Нæлти, силгоймæгти, уæлдайдæр мæгурти баруй финсæг, зæнхæбæл ци золкъитæ лæсуй, уони хæццæ. Зæнхæ имæ кæсуй мисти къахæй ниллæгдæр. Æма агоруй истæхунмæ базуртæ: «Ох, ку уайдæ мæ базуртæ, – Истæхинæ цæргæсау!»

Ци ‘й фæндуй исхонетæ аци æмдзæвгæ, уæддæр си прогрессивон-революцион аппæ-идейæ не ‘ссердзинайтæ.

Æрмæст æй идеалистон, реакцион, пролетарон зунди рахастæн æзнаг æма устур зиан ка ‘й – косæг къласи революцион фæндагбæл цæлхдорæн, къулумпитæн ка лæууй, уæхæн зундихатт.

Адæми золкъитæбæл ке баруй, уой Геуæрги райста устур финсæг Гетей герой Фаусти цъухæй[1]. Еци геройтæй идарддæр нæ рацудæй Геуæрги устур политикон-социалон – æхсæнади царди историкон закъонтæ зонуни гъуддаги. Еци закъонтæ нæ зонгæй ба Геуæрги сæдæ базурти ку ниббастайдæ æ уæле, уæддæр идардмæ нæ «фæттахтайдæ», уомæн æма финсæг æхуæдæг дæр хуарз нæ зонуй, «истæхун æй» цæмæн æма кумæ фæндуй, уой.

Хумæтæги мæгур нæ ‘й Геуæргий сфæлдистадæ революцион тематикæй. Бæлвурд нивти бæсти (политикон фарстатæбæл дзоргæй) финсæг-Геуæрги дзоруй уæлдаймонæй. Уомæ гæсгæ Геуæрги, зæронд цард ке райевгъудæй, уобæл тухсгæ кæнуй:

Адтæй рæсугъд догæ
Мæнæн мæ уалдзæг;
Хизтон æз мæ дзогæ
Уæлфахс игъæлдзæг.

[1] «Я равен червяку. Я в прахе пресмыкаюсь» – слова Фауста.

. . . . . .
Фиудзилитæ павзи
Зардтонцæ дзæбæх,
Зæлдæбæл мæ рази
Хизтæй, цид, мæ бæх.

Нур мæбæл ци ‘рцудæй –
Уæу-уау, мæ фудгол,
Фунау ку фæссурдæй
Рохс уалдзæг изол.
. . . . . .
Кæуй æнæ бостæ
Йе стонгбæл мæ бæх...

Бæрæг кæци анзи финст адтæй аци æмдзæвгæ, уой нæ зонæн. «Ираффи» автор Геуæргийæн, уæдта æ редактор Къосирати Сæрмæтæн хъæбæрæй, æнæкъæндзæстугæй зæгъун гъæуй:

Аци æмдзæвгæ æй реакцион, хуæздæр зæгъгæй ба – контрреволюцион финст. Цæбæл тухсуй поэт? Циуавæр «рæсугъд догæ» адтæй? Ка ин «фæссурдта фунау æ рохс уалдзæг изол»?

Алли цъолбер, – кълассон æзнæгти байзайæггаг дæр ма абони дæр ку фæххуæст уа аци финстбæл, уæд æнæбафæлмæцгæй дзордзæнæй Геуæргий фæдбæл: «Адтæй рæсугъд догæ мæнæн мæ уалдзæг» æма æнд.

Берæ дзорун нæ гъæуй, аци æмдзæвги сæйраг гъуди ке куройнæмæ дон уадзуй, уобæл, кълассон æзнаги кунцæй ке думуй, уобæл. Еци гъуддаги нæ хæццæ ка нæ арази кæна, йе ба, «æз», зæгъгæ, зæгъæд...

Геуæрги йе сфæлдистади медæгæ цох æй пролетарон объективизмæй. Хæстæг лæууй буржуазон «объективизммæ».

Геуæрги федар фæндагбæл ке нæ лæууй, еци гъуддаг æй къуммæ бахæссуй. Къумух кæнуй финсæги логикæ. Райсæн мæнæ «Зар» («Ираф», 5 фарс). Финсæги фæндуй, æ синхон кизгæ ин æ зæрдæ ку зонидæ, уæд фæццæуидæ минæвари æ тикис:

Фæццæуидæ минæвари
Гъур-гъур гæнгæ мæ тикис,
Æрхæссидæ мин лæвари
Æрхи агæ æд рæхис.

Десæ-месæ уæд сор-серæ
Исфицинæ аги дзаг;
Бахуæринæ уотæ берæ
‘Ма фæууинæ кæуйнаг...

Кæсæг æхуæдæг рагъуди кæнæд: циуавæр федар логикæ ес ами? Финсæги фæндуй еци гъуддаг. Еци гъуддаг ку исæнхæст уайдæ, уæд сор-серæй уотæ берæ бахуæридæ «‘ма фæууидæ кæуйнаг».

Цæмæн гъудæй ами еци кæуйнаг? Нецæмæн.

Геуæргий литературон сфæлдистадæ фулдæр адæмон тауæрæхътæ, таустæ, фольклорæй арæзт æнцæ. «Гъонгæси фурт мæгур Мæхæмæт», уæдта «Дзандзирахъи» фæлгондбæл рæсугъд, аййев финститæ Иристони литератури медæгæ хуæрз мингий æнцæ. Берæ си ес менеуæг. Фал аци фольклор дæтгæй дæр Геуæрги æнæ рæдуд нæ ‘й. Еуемæй, æхе позицитæ æргомæй не ‘вдесуй, иннемæй ба берæ рауæнти мистификаци кæнуй æцæг царди æууæлтæ. Уотæ мистификацигонд æй дигорон кадæнгæ «Уæхадæги фурт мингий Гуйман». Аци статьяй хурфи мах цубурæй дзорунмæ ку нæ гъавианæ, уæд хуæздæр бавдесианæ еци гъæнтæ алли хузи дæр.

Ку загътан æй: Геуæргий сфæлдистадæ революцион тематикæй хуæрз мæгур æй. Кæми æвзаруй йе рух бахатунмæ еци тематикæмæ, уоми дæр рæдудтитæ фулдæр кæнунцæ. Гурусхæ æма дузæрдугдзийнадæ уоми дæр сæхе хъæбæр æвдесунцæ:

Тæходуй, æна,
маргъ ку фестинæ,
Мæ унгæг къумæй
фæццæйтæхинæ,
А дуйнетæбæл
æрцæйзелинæ,
Кæми ци дессаг,
уой басгаринæ...
. . . . . .
Æрцæйцæгъдинæ...

Уæд еугур дуйней
Æримбурд уидæ
Мæ цæгъддæлтæмæ...

Фал (гъуди кæнтæ, еци «фал»-и медæгæ цидæр ес):

Фал ку не ‘ууæндун
Æз, мæгур кизгай,
Ку нæ рохс кæнуй,
Мæ кизгон зæрдæ.
И дуйней сæргъи
И тугъдон мегътæ
Æрцæйдарунцæ
Сæ тогин тегътæ.

Уæлдæр къæдзойнити хурфи ку загътон Геуæргий «фал»-и гъуддаг. «Ку уайдæй ку уайдæ, уæд еститæ уайдæ» – фæзсæгъунцæ. Империалистон тугъд адæмæн æзнаг ке ‘й, уомæй раст сæгъуй Геуæрги. Фал цæмæн нæ рохс кæнуй кизгайæн æ кизгон зæрдæ уæддæр?

Геуæрги аци æмдзæвгæ финста 1934 анзи. Цума цæмæй мæгур æй Геуæргий «кизгай»? Цæмæн нæ рохс кæнуй æ «кизгон зæрдæ»? Миййаг ма мин рагон талингæ цагъайраги æфсой æ бæрзæйбæл ку нæ хæссуй.

Хуарз уайдæ, зæронд «романтизмæн» раарфæ кæнуни бæсти Геуæрги хуæздæр ку уинидæ, абони ирон силгоймаг нæуæг социалистон культурæй æ хай есгæй, рохсмæ цийнагдæр æма устурдæр цардмæ цæугæй куд ирæзуй, уой ку уинидæ, уæд. Фал Геуæрги уой хуарз нæ уинуй, уомæн æма нæ зонуй, абони ци устур æскъуæлхтитæ цæуй царди медæгæ, уони историкон роль.

1934 анзи ма Геуæрги ниффинста поэмæ «Гудзуна». Финсæг равдесунмæ гъавта революционери 1919 анзи (махмæ гæсгæ). Аци финст «туххæй» финст æй. Æй лæмæгъ, уæдта устур политикон рæдудтити хæццæ. Аци финст нин хъæбæр хуарз æвдесуй, пролетарон революци, большевизм ци ‘й, уой хуарз ке нæ зонуй поэмæ «Гудзунай» автор, уой.

«Гудзунай» медæгæ мах неци уинæн революционери нивæй. «Гудзуна» айдагъ мæгур нæ ‘й, фал æй автор æвдесуй уодæй тухст адæймагæй. Кизгуттæ дæр уобæл ходунцæ. Автор дæр ибæл цума «рæуæггай» æхуæдæг айуан кæнуй.

Фæццæйæскъæруй æ дзогæ
Фæлвæрай-фурт Гудзуна.

Лæузæнгойнæ, сæппæркъегин,
Дивилдунтæ, лацамарз,
Фæццæйгъузуй, цæветтонгæ,
Дзебæлгæнгæ гъунтъуз арс.

Уомæ, еци «гъунтъуз» арсмæ, кæсгæй, дондзаутæ дæр ærлæуунцæ æд къустелтæ æма ходунцæ «къæл-къæлæй».

Гудзуна кизгутти кафтмæ дæр не сарæхстæй. Етæ дæр ибæл ходунцæ.

Гъæр ходунцæ и кизгайтæ:
– Дæ ниййерæг, Гудзуна,
Дæ тæрегъæдæй ингæни
Æ дзиккотæ ниттона!

Гудзуна фæсевæди æхсæн дæр ægадæ ‘й. Нæ ин ес еунæг лимæн дæр *(?!Б.Т.)*:

Цæмæн æй цума ægадæ
Йе фæсевæди æхсæн?
Кæбæл гъара æ тæрегъæд,
Ка ‘й и дзилли æ лимæн?

Сауæнгæ ма ибæл йе ‘нхузæн фиййау зæронд Бæбæт дæр не ‘нвæрсуй.

Гудзуна Бæбæти кизги бауарзта. Зæгъуй Бæбæтæн æ фæндон:

Йес еу рауæн и цæгати
Десæ-месæ сор лæгæт,
Гъеуой медæг фæййеу æнцæ
Гудзуна æма Бæбæт.
. . . . . .
— Уо, зæронд лæг, — исцæйдзоруй
Фæлвæрай фурт Гудзуна, —
. . . . . .
Агорун ди уодæмбалæн
Дæ еунæг кизги — Гудзай...

Уотемæй Гудзуна æ зæрдиуаг дзоруй йе ‘мбал сæгъгæсæн, фал:

Æрцæйдауй æ роцъотæ
Уæзбун къохæй нæ сæгъгæс,
Бæзгин хъурæй ниццæйходуй:
– Мæнæ дес æма тæмæс!

Гудзунайæн, дан, дæ кизги
Исцæйкæнæ уодæнкъай!
. . . . . .
Мабал истæ, цæй, мæ цори,
Фæттæргай уо, цæй, фæлтау...

Аци поэмæй æгæр даргъ цитаттæ хæссæн. Фал мæн фæндуй, Гудзунай автор куд æвдесуй, уæдта ‘й цæмæ æрхъæртун кодта, уой бавдесун.

Сæгъгæс дæр ма æнæвгъауæй фæххудтæй Гудзунабæл. Гудзуна ма æхе ци фæккæна, уомæн нецибал зонуй. Нийвадæй Гудзуна –

Уотемæй истуй æнцойнæ,
Ци ма зæгъа, ци кæна?

Автор æ герой Гудзунай алли æгъдауæй дæр къуммæ бахаста. Ци æй фæккæна, уой æхуæдæг дæр хуарз нæбал зонуй. Поэми къæдзели автор æваст «дуйней тох» фæтътъунста. Еци тохи гъæуама кади хæццæ рамæла Гудзуна. Æвеппайди Дигоргоммæ æрбахъæрттæй фуд хабар:

Æрбацæунцæ æфсæдтæ,
Сæ сæргъи цæуй Мулдар...

Рафæдес унцæ Дигорæ
Далæ коммæ æнгурфæй.
Æрцæйистунцæ тæрхони
Далæ Морги æмбурдæй...

Рæдуйуй финсæг. Дигорæ æнгурфæй нæ рафæдес æнцæ, уорсити хæццæ хуæцгæй, Дигорæн æхе хурфи мингий н’ адтæнцæ, революций нихмæ хуæцгæй уорсити дæлбазур ка лæудтæй, етæ.

Еци кълассон тох нæ ахæссуй Геуæргий сæр (фæндуй æй нæ, уæддæр).

Гудзуна еци æмбурди æваст дзорæгæй рагæпп ласта. Адæм ибæл дести бацудæнцæ, кæцæй фæззиндтæй Гудзунамæ уæхæн нифс?

Æртæ бони фæттухтæнцæ. Гудзуна рамардта цалдæр æфсæдтæй, уæдта æхуæдæг дæр фæммард æй.

Поэт æ поэмæн бæттуй æ кæрон:

Фæлвæрай-фурт, æнæ равги
Ду ку скодтай хъазауат,
Фал тугъдон зинги симбалдæй
Раст дæ зæрди издин фат...
. . . . . .
Далæ коми и хуггоми
Нур лæууй, лæууй дæ мард.

Адæймагмæ нæ гъарунцæ, Геуæргий герой революцимæ цæмæн æрцудæй, еци мотивтæ. Раст сæ нæ лæдæруй Геуæрги æхуæдæг дæр, уомæн æма нæ кæсуй кълассон уедæгтæмæ гæсгæ.

Экономикон-политикон царди æгъдауæй æвдустдзийнадæ не ‘ркодта *(?!Б.Т.)* Гудзунай революций рæнгъитæмæ, фал цума уодæй мæгур ке адтæй, уомæ гæсгæ уотæ рауадæй: сауæнгæ ма ибæл æхе хузæн сæгъгæс æмбал дæр ку не ‘нвæрстæй. Аййевадæй – хуæрз мæгур, политикон æгъдауæй устур рæдудтити хæццæ рауадæй аци финст.

Аци киунугæ цæмæн рацудæй мухури, знаги идеологи ка хæссуй, уæхæн финстити хæццæ? Уомæн æма æ редактор – Къосирати Сæрмæти – буржуазон националисти, еци знаги идеологи хæссæг финститæ гъæугæ кодтонцæ...

«Мах дуг», 1936 аз, №4

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ГАГЛОЙТЫ РУТЕН

(1888–1937)

Гаглойты Гыбийы (Несторы) фырт Рутен (йæ аргъуыды ном Андрей) райгуырдис Хуссар Ирыстоны Уанелы зылды Сидæныхъæуы.

Цалынмæ 1902 азы нæлгоймæгты гимназмæ бацыд Калачы, уæдмæ зæрдæргъæвд лæппу ахуыр кодта цалдæр скъолайы – Уанелы, Дзауы, Ручъы æмæ Хъорнисы. Гимназ цыппар азы фæстæ фæцис сызгъæрин майданимæ. Иттæг хорз кæй ахуыр кодта, уый тыххæй йын снысан кодтой Кавказаг стипенди – уæды бæркадджын æхцатæ 25 сомы, цæмæй йын фадат уыдаид дарддæр ахуыр кæнынæн.

1906 азы Рутен сси Мæскуыйы университеты физикон-математикон факультеты студент, фæлæ дзы уайтагъд лидзæг фæцис, йæхи загъдау, «æнкъард, æдзард» æм фæкастысты амы профессорты лекцитæ. Æмæ уæд фæлварæнтæ радта Уæлдæр Техникон училищæмæ.

1913 азы райста инженер-механичы диплом, бар ын уыд йæ ахъаззаг зонындзинæдтæм гæсгæ стыр горæтты кусынæн, фæлæ сыздæхт йæ фыдæлты уæзæгмæ. Æмæ хъазуатонæй архайдта, цæмæй хæхты сæрты фæндæгтæ арæзт æрцæуой, æмæ адæм сулæфой сæ тухитæй, сæрсæфæнты былтыл цæугæйæ кæй æййæфтой, уыдонæй. Гъемæ цыбыр рæстæгмæ Чъехы нарæгыл, «фистæгæй цæуæн кæм нæ уыд, уыцы ран сырæзт уæрæх æмæ лæгъз фæндаг», – фыста йæхæдæг Рутен.

Уæдмæ райдыдта Фыццаг дунеон хæст. Хæлттæ 'ппæрсты йæ хал схауди Гаглойы-фыртæн, æмæ та фронты дæр хæстон фæндæгтæ аразæг уыд. Æвддæсæм азы йын сулæфты бар радтой. Ссыд сæхимæ. Уалынджы бæстæ бынтон сызмæст, сæмтъеры. Рутен куы фæндæгтæаразæг у, куы Чъребайы хæстон комендант, куы меньшевиктимæ хæцæг, куы Цæгат Ирмæ лигъдон æмæ ам фыдæвзæгты амæддаг.

Æрцахстой йæ, стæлфыд советон концлагеры Псковы. Ардыгæй алыгъд Эстонимæ, уырдыгæй афтыд алы бæстæтæм. 1928

азы йæ схуыдтой йæ райгуырæн бæстæмæ, æмæ та ныллæууыд йæ рагон куысты уæлхъус – фæндæгтæ аразæгæй.

Къуырцц-къуырцц кæнын дзæбугæй,
Кæм мæ ‘вдæлы фыссынмæ!

Бирæ сфæлдыстадон бынтæ не ‘рхæццæ Рутенæн йæ фæстагæттæм, ирон аив дзырдыл ма æнувыд чи, у, уыдонмæ. Æмæ уый дæр Гафезы фыдæбæтты фæрцы: фембырд ын сæ кодта æмæ сæ бæстонгондæй иу чиныгæй, «Радзырдтæ, æмдзæвгæтæ æмæ публицистон уацмыстæ», зæгъгæ, рауагъта йæ разныхасимæ Цхинвалы 1987 азы.

Нæй, нæ батади та Ирыстонæн ахæм зонды къуыбылой – Гаглойты Рутен дæр. Дзырдхæсджытæ æмæ нымудзджыты табуйаг дуджы йыл йæ хур аныгуылд, 1937 азы тугуарæнты бахауд.

РАДЗЫРД ÆМÆ НОВЕЛЛÆТÆ

ХЪÆНДИЛ ДÆР СЫЗМÆЛЫД

Царди фаджысы къуымты ставд тъæпæн хъæндил. Бирæ йын уыд уыцы ран хæринаг!

Æввонг исæй фыд чи нæ æвæры! Иууыл æфсæст уыди æмæ нынæрсти, ныддымсти хъæндил. Фырнæрдæй фæйнæрдæм уыйонг фæцыди, æмæ йыл йæ царм дæр нал æххæсти.

Лæсын дæр ма кæм фæрæзта. Куы-иу йæ иу фарсыл сфæлдæхти, куы – йе ‘ннæуыл, хъыс-хъысгæнгæ æмæ дыздызгæнгæ.

Иу бон куы уыдис, уæд йæ цæст радардта æддæмæ, акаст йæ «адæммæ», йæ сæр банкъуыста æмæ хъуыды кæны йæхинымæры:

– Мæ цард бæргæ хорз у, хъуаг ницæмæй дæн, кусын мæ нæ хъæуы... Æрмæст цы цух дæн, уый – кад! Æнæ кадæй та цард нæ бæззы. Æз дæр хъуамæ хицæутты цæсты мæхи истæмæй равдисон, хъуамæ хорзæх райсыныл сархайон...

Ахæм фæнд бабырыди хъæндилы сæрмæ, æмæ ма йыл хуыссæг кæм хæцыди, кæм ма лæууыд зæххыл.

Араст узгæ-узгæ æмæ æхсынкъмæ бабырыд.

– Дæ бон хорз уа, æхсынкъ? Цы митæ кæныс? Сæрæй, ды дæр мæнау æгадæй бадыс? Хистæрты хорзæх цæуылнæ агурыс? Мæ коммæ бакæс: æрæмбырд кæнæм не ‘мбæлтты, фæдзурæм

ма бызычъимæ, сыстмæ, дзынгамæ, хъæсдарæгмæ, саразæм парти, нæхи хицæутты фарс скæнæм æмæ сæ сæрыл хъызæм! Рæстæг ахæм у, æмæ нын уæд хистæртæ хорзæхтæ дæр ратдзысты, æхцайæ дæр нæ хъуаг нæ науадздзысты æмæ нæм дзæбæх цæстæй дæр кæсдзысты.

– Хорз, – зæгъы, – æхсынкъ.

– Æмæ уæд хъæндил дыууæ гæппæн хъæсдарæгмæ бахæццæ, уырдыгæй бызычъимæ, стæй сыстмæ, дзынгамæ æмæ се ‘гасы æрæмбырд кодта. Уынаффæйыл ныххæцыдысты.

Хистæры бынаты рабадти хъæндил æмæ зæгъы:

– Ды, æхсынкъ, рæуæг дæ цæуынмæ, згъоргæ хорз кæныс, стæй нæ уынгæ дæр дæ хуызæн ничи кæны. Ды нын уыдзынæ дзырдхæссæг! Æмбырд кæм фенай, бунты лæг кæм базонай, уыдæттæ хъусын кæндзынæ хицæуттæн. Сымах та, бызычъи æмæ дзынга, хъæсдарæгимæ нæмынмæ хорз стут, туг хорз цъирут. Сымах хъуамæ нæмат, хъуамæ марынæй ма ауæрдат ахуыртыл*, музуктыл, кусджытыл, уæлдайдæр студенттыл. Æз мæхæдæг та сыстимæ мидæгхъуыддæгтæ араздзыстæм. Махæн цæуын нæ бон нæу æмæ уын ардыгæй амондзыстæм, куыд саразын хъæуы, куыд хуыздæр у, уый…

Ацы уынаффæйы рæстæджы сæ цурты фæцæйтахти мыдыбындз, фехъуыста сын сæ ныхæстæ æмæ сын загъта:

– Уæ, туг ныууара уæ сæрыл!.. Бабырут фæстæмæ уæ цъассыты, кæннод уæ исчи йæ къæхты бын ныммур кæндзæни, сæлхæртæ!.. Исчи уын уæ базыртæ цырагъмæ бадардзæн, æмæ уын зæхмæ æрызгъæлдзысты!..

ТЕМАН ГОЛЛАДЖЫ НÆ СУСÆГ КÆНЫ

Изæрмилтæ байдыдта. Быдырæй уазал, фæззыгон уæлдæф æрбадымдта.

Гыссиу йæ сау нымæты йæхи æрбатыхта æмæ æхситтытæгæнгæ дæлæсыхырдæм ныззылди…

Рувас рувасы дардмæ уыны, æмæ Дзæх дæр уæлхæдзары былыл ралæууыд.

Гыссиу æм йæ къух фæтылдта, йæхæдæг уæлмæрдтырдæм йæхи

* Ома ахуыргæндтыл. – *(Ред.)*

айста. Дзæх фембæрста хъуыддаг. Йæ нымæтхуд йæ сæрыл фидар æрсагъта, уæлхæдзарæй фæскъулмæ гæдыйы гæпп æркодта æмæ уый дæр Гыссиуы фæстæ йæхи уæлмæрдтырдæм фæцæуæг кодта.

– Дæ арт бастъæла, ды дæр искуы истæуыл дæ цæст æрхæсс, мыййаг! Кæд æз исты бацагурон æмæ сбæрæг кæнон, кæннод ды фæнык хъахъхъæныны йеддæмæ ницæмæн дæ.

Дзæх йæ мидбылты бахудти цингæнгæ, йæ лæдзæг йæ синты æртъыста æмæ фæрсы Гыссиуы:

– Цы та ссардтай мæнæй хъауджыдæр, цæуыл дæ цæст схæцыд? Куыдз, ды дардæй амоныны йеддæмæ æндæр ницæмæн бæззыс, фæлæ дуар æнæхъинцæй чи бакæна, скъæтмæ кæсаджы бырд чи бакæна, уый мæнæ.

Мæнг нæ дзырдта уымæй Дзæх. Дыууæ дæр кæрæдзи дугъы разæй нæ уагътой. Сæ иуæй се ‘ннæ арæхстджындæр уыди æвзæр хъуыддæгтæм. Цал мæйдар æхсæвы æрцыдаид, Гыссиу æмæ Дзæх хæдзары куынæ фæцадаиккой, бынаты сыл куынæ сбон уыдаид: галы хорз кæм уыди, бæхы хорз кæм уыди, нард фосы мыггаг зæгъай – иууылдæр уыдон къухæй дæлдзæх кодтой.

Уыди ма сæ комы бирæ къæрныхтæ, фæлæ ацу æмæ Гыссиу æмæ коса дæлæмæдзыд Дзæхимæ ды дугъы ауай!.. Арвæй æлгъыст æмæ зæххæй сомыгæнæн уыди сæ галиу, сæ абырæгдзинад. Арс хусысмаг дардмæ куыд æмбары, афтæ уыдон та зыдтой – фæсхохы йæ цары фиу ауыгъд кæмæн ис, кæнæ комахсæнмæ стыр кусæрттаг чи бабаста...

Гыссиу йæ цъæх цæст фæныкъуылдта, йæ цыргъ бур боцъойыл йæ къух æрхаста æмæ цæугæцæуын загъта Дзæхæн:

– Зоныс, Хуссары хъæуы мæгуыр Цамелмæ ахæм фæззыгон нард хъуг ис, æмæ фырнæрдæй тъæппытæ хауы. А-сæрды йын хуыскъ баззад. Ды мын ма амæлай – уый куы раскъæрæм, уæд нын ацы фæззæг хæрд нæ фæуыдзæн, суанг нын зымæгмæ фаг у. Цамелæн йæ зæрды ис йæ хъуджы уæй кæнын, йæ лæппуйæн, дам, ус хæссы ацы Джиуæргуыбайы, æмæ йыл тагъд куынæ сархайæм, уæд нæ къухæй ирвæзы лæвар хæзна.

Ныхæстæм Дзæхæн йæ комыкъулты дон акалд, нард хъуджы бур физонджыты тæф ыл скалди. Бирæгъы цин бакодта.

– Цы бафтын æй хъæуы нæ къухты! Тæккæ ахсæв æм бауайæм æмæ йæ радаваем. Æз дæуæн зæгъон, ахæм фидар ран æй бакæндзæн Цамел, æмæ йæм мах ма баххæссæм?! Махæн арвы хъуг куынæ фæфидар уыдзæн...

– Хорз, уæдæ, – загъта Гыссиу, – ахсæв талынджы æрцæудзынæн æмæ цæттæ у.

Фæнд конд фæци – хъуамæ мæгуыр Цамелæн йæ комдзаг йæ дзыхæй стоной. Изæры хъæууынджы бирæ фæбадтысты сыхимæ. Суанг æхсæвæрмæ Ныхас фыхти, худтысты, зарыдысты фæсивæд.

Стæй Ныхас сыхæлди, алчи йæ хæдзармæ араст – чи йæ ком ивазгæ, чи боныхъæды ælгъитгæ.

– Æ, дæ хуыздæр амæла! Асады та, сом дæр та нæ кусын нæ бауадздзæн, – афтæ дзырдта чидæр, йæ комивазгæ. Цæстфæлдахæг Гыссиу дæр далысы бадт фæкодта, стæй сæ хæдзармæ бацыди æмæ къонайыл йæхи æруагъта.

Æрæвæрдтой æхсæвæр.

Гыссиу иуцъус ахордта, сылы ахуыппытæ кодта, стæй уæлхæдзармæ хуыссынмæ ацыд. Фæлæ дын ма бафынæй уыдаид Гыссиу! Æфсоны тылд бакодта нымæтыл, йæ дзаумæттæ дæр нæ раласта, афтæмæй. Йæ хъуыдытæ уыдысты мæгуыр Цамелы кæртмæ куыд тагъддæр баирвæзойыл. Хъуджы куыд раласдзысты, скъæтмæ кæуылты бацæудзысты, цуанонты* куыд фæсайдзысты, – уыдæттæ иууылдæр йæхинымæры снывæста æмæ сбарста Гыссиу лыстæггай.

Стæй чысыл фæстæдæр æнæкъæрццæй фестади, асинул сындæггай æрбырыд æмæ Дзæхтырдæм Дæлæсыхмæ фæраст ис.

Кæртæй нæма бахызти, афтæ Дзæх уæлхæдзарæй йæ размæ æргæпп кодта, йæ къухы гæрзбæндæн, афтæмæй.

– Дæ мæрдтыстæн, цы ми кодтай ныронг, кæдæй нырмæ дæм кæсын æнхъæлмæ?

– Æгæр раджы дæр хорз нæу, нæ, Дзæх, хъæу куынæ æрфынæй уой, уæд... – загъта сабыр хъæлæсæй Гыссиу.

Дыууæ дæр кауыл ныггæппытæ кодтой, мусы чъилыл ныххызтысты æмæ уайтагъд хъæдыдзыхы æрбатары сты...

Йæ цæрæнбонты йæ фæндаг æхсæвыгон кæмæн у, къæрныхы къахыл лæуд чи у, уый дын куыд нæ зоны фездæхæнтæ æмæ ацæуæнтæ.

Иу къахфæндагыл сæхи бафтыдтой æмæ уайтагъд, дыууæ мæрдкъахы Хуссары хъæуы куырæйттæм бахаудысты. Уырдыгæй куыройы фæндагыл æрхостой æмæ хъæумæ бахæццæ сты.

Кæцæйдæр куыдз рарæйдта...

---

* Ома куыйты. – *(Ред.)*

– Ætт, холы фæуай дæ хицауæн, æнхъæлдæн æмæ нæ базыдта, – ныллæг хъæлæсæй загъта Дзæх.

Фæлæ уайтагъд иннæ фæрсты æрзылдысты, иуран сисæй багæппытæ кодтой æмæ Цамелы мæнгагъуысты скъæты раз февзæрдысты...

Ацархайдтой дуарыл, мидæмæ йыл бахæстытæ кодтой, фæлæ дуар æнкъуыст дæр нæ фæкодта.

– Нæй, ардыгæй йын бакæнæ нæй, фæсте æхгæд у, фидар цæмæйдæр, – загъта сындæггай Гыссиу.

– Гъемæ, уæдæ куыд кæнæм? Æндæр æм уæдæ цъиу батæхæн дæр нæй, нæдæр ын фаджыскалæн ис – лæг кæцæй бабыра? Цæй æмæ дуары цур сис æрыхалæм, – амыдта Дзæх.

Иудзæвгар æгуыппæгæй алæууыдысты дуары цур, стæй мидæгдæр бауадысты мæнгагъуысты æмæ Гыссиу загъта:

– Нæй, афтæмæй ницы... мæ фæнд хуыздæр у: мæнæ нæм гæрзбæндæн ис, æз дæ рудзынгæй ауадздзынæн уырдыгмæ, ды хæдзары хуыкком æрцагурдзынæ æмæ скъæтмæ ныххилдзынæ. Фæззыгон куыстæй фæллад бинонтæ ныр сæ тæккæ фынæйыл сты æмæ сым-сым дæр ничи скæндзæн.

Уайтагъд мæнгагъуыстæй рауадысты, фисыныл сбырыдысты æмæ хъуарийы бын* фестадысты.

Гыссиу йæ хъус рудзынгыл аввæрдта æмæ уырдыгмæ ныхъхъуыста:

– Кæйдæр хуыр-хуыр цæуы хæдзарæй, фæлæ тас нæу, фидар фынæй у, – загъта Дзæхы хъусы Гыссиу.

Стæй бæндæн райхæлдта. Дзæх æй йæ астæуыл æрбаста, рудзынджы** сæрмæ сгæпп кодта æнæкъæрццæй, æмæ йæ Гыссиу уардыгмæ сæгджын рудзынджы ауагъта.

Бæндæн иу хæст фæкодта рудзынджы былыл æмæ йæ хæрхæр ссыди.

Фæлæ Гыссиу æмæ Дзæх бирæ ахæм рæтты фесты, сæ цæсгомы цъар бæзджын уыд, сæ тыл – æндон, тас нæ зыдтой...

Дзæх уайтагъд артдзæстмæ ныххæццæ, бæндæн райхæлдта æмæ йæ фæстæмæ Гыссиу сласта. Йæхæдæг къуымты йæ цæст ахаста, сæргуытыл йæ къухтæ асæрфта, фæлæ мæгуыр хæдзары æндæр рахæссинаг ницы уыди. Иу ран лæууыди арахъхъаджы гарз, иннæ

---

* Ома цары. – *(Ред.)*

** Ам рудзынг ердо хуындæуы. – *(Ред.)*

ран – цæххы дур. Дæлдæр ноджы лæууыд иу тъæпæнæг. Дзæх дзы йæ къух атылдта æмæ дзы разындис ælдыгъ æд цъæрттæ…

Æрцагуырдта хуыкком, йæ дуарыл ын схæцыд æнæхъинцъæй æмæ скъæтмæ ныббырыди. Бауади дуармæ, йе ‘хгæнæн ын раласта, æмæ дуар байгом и.

– Цы фæдæ, арт ацæгъд æмæ æрцагур хъуджы! Хæдзары дуар разæй сæхгæдтоң, æмæ сæ исчи куы сыста, уæддæр ын рацæуæн нæ уыдзæн, – афтæ бакодта сабырæй Гыссиу æмæ Дзæхмæ бæндæн авæрдта.

Дзæх æхсон ацагъта, рухс бакодта æмæ хъуджы уælхъус февзæрди.

Хуыскъ хъуг фæтарстис æнафоны уазджытæй æмæ фæйнæрдæм ныффуттытæ кодта.

– Фælæуу, футтытæй дын нал у, ды Цамелæн æвгъау дæ, – загъта Дзæх æмæ хъугæн йæ сыкъатыл гæрзбæндæн асагъта.

Фыццаг нæ куымдта хъуг, фælæ йын Гыссиу йæ агъд карды бырынкъæй куы барæхуыстытæ кодта, уæд гыбар-гыбургæнгæ скъæтæй федде сты, дуар гомæй фæуагътой æмæ цæсты фæныкъуылдмæ Цамелы скъæт æмæ Хуссары хъæу фæсте аззадысты…

Дыккаг бон æнамонд мæгуыр Цамелы хъугæй Гыссиу æмæ Дзæх бур физонджытæ фыхтой стыр артмæ æмæ дзы хælарзæрдæйæ Уастырджийæн куывтой.

– Æй, Уастырджи, къæрных ды рауагътай, æмæ та нын нæ сомы фæндаг дæр фæндараст фæкæн!..

Райсомы Цамел рабадти бинонты разæй, дуарыл æрбахæцыд æмæ, кæнын куынæ куымдта, уæд базыдта йæ Хуыцауы цæф:

– Туг ныууарыд мæ хæдзарыл, лæппу, сыст-ма уælæмæ, æнхъælдæн, æмæ нæ чидæр фæхаста.

Дуар æдде сæхгæдæуыд…

Лæппу фæгæпп кодта, йæ цæстытæ асæрфта æмæ уый дæр дуарыл æрбахæцыд, фælæ æцæг æдде æхгæд разынди.

Сæ мæгуыр фæллой абæрæг кодтой хæдзары, къæбицы æмæ стæй лæппу скъæтмæ ныххызти.

Йæ цæст ахаста хъомыл æмæ дуарæй хæрдмæ дзуры йæ фыдмæ:

– Хуыскъ хъуг нал и, дада, дуар гомæй лæууы, йæ къælæт дæр ын йемæ ахастой æд базыгбын…

Ныхъхъæрзыдта зæронд лæг, ныккуыдта ставд цæссыгæй:

– Тулдздуар фæсте фидар æхгæд куы уыди, уæд мыл цæй туг æруарыд, кæцæй бабырыдысты, чи мæм у афтæ фыдæххæл?

Кæцæй дын зыдта мæгуыр лæг, къæрныхтæ æхсæвы йæ рудзынгæй уырдыгмæ бæндæныл кæй ныббырыдысты, уый.

Кæугæ æмæ мæстæй судзгæ рацыди хъæууынгмæ, йæ сыхæгтæм фæдзырдта æмæ сын йæ хъаст ракодта.

– Æркæсут-ма, адæм, чидæр мын мæ артыл дон куыд ауагъта…

Хъæу федтой скъæт, хъуджы бæттæнмæ иугай-дыгай сгарынмæ фæцыдысты, стæй кæрæдзиимæ ныхасыл фесты. Алчи нымадта, йæ зæрдæ кæмæ æхсайдта, уыдон.

Фыд-зæрдæйы йеддæмæ Цамелы хъыджы ничи бацыдаид.

– Ацы хъуыддаг Цъæхилы йеддæмæ ничи бакодтаид, – дзырдтой фæйнæрдыгæй лæгтæ. – Науæд Асæхмæт æмæ Борсæ, кæннод та Мелиты Дзуга.

– Нæ, мæ хуртæ, уыдонæй Цамелы тæригъæд ничи райстаид, кæд æцæг æнæуый бæстыл арт æфтауынц, уæддæр, – загъта сыхæгтæй сæ иу.

Ноджы кæстæртæй чидæр афтæ бакодта:

– Хуыцауыстæн, кæд Гыссиуы йеддæмæ исчи уыдаид.

Фæлæ уайтагъд чидæр фæцæттæ æмæ зæгъы:

– Уæ не знаг ныммæла, цытæ дзурут, Гыссиу тæккæ æндæрæбон Цамелы хæдзары арахъхъ куы нуæзта, йæ цæхджын хойраг ын куы хордта, уæд мæрдджын лæджы Хуыцау афтæ фесæфта, тæригъæдæй нæ тæрсы?

Бирæ ныхæстæ ма бахардз ноджы уымæй уæлдай. Чи кæмæй дзырдта, чи кæмæй, стæй алчи йæ куыстмæ фæцыди.

Мæгуыр Цамел алы ран дæр фæд агуырдта, иу фæндаг æнæсгæрст нал ныууагъта, фæлæ кæм цы ссардтаид…

Рацыди цалдæр боны.

Хуыцау къæрныхæн «æнæ схъæр» нæ ныууагъта, сусæггæнæн ын нæй, æмæ иу бон куы уыди, уæд Цамелы хъустыл æрцыди – йæ хъуг ын Гыссиу æмæ Дзæх кæй бахордтой.

Цамел йæ зæрдæйы бацин кодта. Фæлæ йын комкоммæ комдзæуæг нæ уыди æмæ нæ зыдта, цæмæй басæттын кæна йæ къæрныхты.

– Цæй æмæ фыдми ныккæнон, – загъта йæхицæн Цамел, – æндæр мæ хуызæн иунæг мæгуыр лæгæн ничи басæтдзæн.

Иу бон куы уыд, уæд Цамел йæ иу дæларм æрбакодта фыдгæнды хъил, йе ‘ннæ дæларм (табу дæ фарнæн!) – мард гæды

æмæ арасти Тъæнон хъæумæ, – Гыссиу æмæ Дзæх кæм цардысты, уырдæм. Хъæу йæ размæ æрбамбырд сты хъæууынгмæ æмæ сыл дис бафтыди. Цамел сын радзырдта йæ хъуджы давд, йæ мæгуыры хъæстытæ сын фæкодта æмæ загъта:

– Мæ зæрдæ ацы хъæумæ æхсайы, мæ къæрныхтæ ам сты, мæнæ хорз адæм, ныббарут мын, мæ сæрмагонд фæллой фыдмийæ кæй агурын. Раст лæгæн æвзæр ныхасæй хай нæ уыдзæн æмæ чи ницы зоны, йæ зæрдæ сыгъдæг кæмæн у, уый сомыйæ цæмæн фæтæрсдзæн?..

Адæм сдзалгъа кодтой, фæйнæрдыгæй базмæлыдысты æмæ сомытыл схæцыдысты.

– Æз куыд ницы зонын, Цамел, дæ хъугæн, афтæ мын дæ фыдмийæ дæр хай ма уæд.

– Сыгъдæг куыд дæн ацы хъуыддаджы, афтæ мæ мæрдтæ дзæнæты бадæнт æмæ Хуыцау мæ мæгуыр байзæддагæн цард раттæд.

Афтæ фæхордта ард алчи. Фæсомытæ кодтой чысылæй, стырæй.

Гыссиу æмæ Дзæх дæр иннæты ‘хсæн хъæууынджы лæууыдысты, сæ иу кауыл банцой кодта, иннæ хъуынтъызæй дуры цъуппыл уасæджы бадт кодта.

Хуыцау зоны æрмæст – куыдтæ кодтой сæ зæрдæтæ мидæгæй æмæ сыл куыд худти сæ намыс. Чи зоны, ацы сахат тыхджын фæсмоны уыдысты сæ къæрныхдзинады тыххæй… чи зоны, уыцы фыдмийы бæсты æнæзивæгæй æмæ рæуæгдæрæй бафыстаиккой сæ фæллой æгасæй. Фæлæ дзы ныр фыдвæндæй нал и фервæзæн… Мард гæды хъилыл дзедзылой кæны. Ацы сахат кæнæ хъуамæ мæнгæй ард бахæрой æмæ сæ мæрдтæн æвзæр райсой, кæннод та хъуамæ басæттой Цамелы хъуджы давдыл…

Сæ зæрдæтæ æддæмæ ратъæпп-ратъæпп кодтой, стыр катайы уыдысты мидæгæй дыууæ дæр…

Уалынмæ, æрæджиау, адæмы ‘хсæнæй размæ ралæууыд Алихан. Уый уыди бæрзонд, саулагъз, бæзæрхыг лæг. Йæ цæсгом уыди æнкъард, мæрдджын лæджы цæсгомы хуызæн. Сабыр, уæндон æмæ бæзджын хъæлæсæй райдыдта дзурын:

– Æз фæцардтæн раст æмæ сыгъдæгæй, мæ хъæубæсты дæр æмæ иннæ адæмты ‘хсæн дæр. Къæрныхы хъуыддагæн мæхи базонынæй фæстæмæ ницы зонын, галы комæй хал никуы раластон… Мæ мад æмæ ме ‘фсымæр æрæджы амардысты, нырма мæрдтæм хæццæ дæр нæма баисты, æмæ мæнæн фыдми райсын

мæ бон нæу... Уый тыххæй æз радзурдзынæн, цыдæриддæр федтон, уый, æмæ мæ хъаст мачи ракæнæд. Бæргæ мæ нæ фæнды, фæлæ мæ Хуыцау æнæфæндонæй æвдисæн фæкодта æмæ, мæхи æфсымæр куы уыдаид ацы хъуыддаджы, уæддæр йæ бамбæхсын мæ бон нæ бауыдаид... Ибон мæ фæсхохмæ цæуын хъуыди. Стъалытæ ма уыди, афтæ сыстадтæн. Раст Хуссары къæдзæхрæбынмæ куыд бахæццæ дæн, афтæ мыл къæхты хъæр æмæ уынæр ссыди. Æз мæхи фæдæлвæндаг кодтон æмæ бæласы ауунмæ мæхи байстон. Ацы Гыссиу æмæ Дзæх (йæ къухæй сæм бавдыста) иу хъуг йæ сыкъатæй бæндæнæй ластой æмæ кæрæдзиимæ ныхæстæ кодтой...

Ацы хъуыддаг федтон, мæнæ хорз адæм, æмæ мæнæн фыдми райсын мæ бон нæу. Цы федтон, уый загътон, æмæ дзы мæ мæрдтæн хай ма уæд.

Адæм джихæй аззадысты.

Иудзæвгар æгуыппæгæй алæууыдысты иууылдæр. Цыма се ‘хсæн арв ныццавта, уыйау...

Гыссиу æмæ Дзæх туджы сфæлдæхтысты:

– Мæнг куы зæгъай, уæд ацы фыдми æцæг дæ мæрдтæ бахæрæнт, – æвиппайды, цæф арсау, фæбогъ кодта Гыссиу.

Адæм базмæлыдысты æмæ кæрæдзимæ бакастысты. Алихан сæ хæдзарырдæм дзургæ фæцæйцыд:

– Искæй тыххæй фыдми райсын мæ бон нæу мæнæн.

– Æвзæр хъуыддаг кæддæриддæр сусæг нæ кæны.

НАМЫС

Намыс у лæгæн йæ цæсгом, йе ‘фсарм.

Лæгæй, фосæй, маргъæй – не ‘гас дæр зонæм фынæй. Схуыссæм, баулæфæм, нæ фæллад æрцæуы, нæ тых йæ бынаты æрбады, стæй та дыккаг бон кусын райдайæм ног хъаруимæ.

Гъе, намыс дæр афтæ. Уый дæр зоны фынæй: уыйонг бирæ хъуыддæгтæ йын ис, æмæ сыл тынг бафæллайы, бафæлмæцы сыл æмæ уæд кæдæмдæр баулæфынмæ йæхи айсы. Кæдæм фæцæуы, йе стыр фæллад кæм уадзы, уый æппын ничи фæзоны.

Куынæ уал фæзыны намыс, чысыл куы фæауун вæййы, уæд адæм æдзæсгом, æнаккаг хъуыддæгтæм фæвæййынц. Фæлæ райдианы уыйбæрц нæ фæуæндынц.

– Намыс ам æввахс кæмдæр ис. æгæр ма кæнут, базондзæн нæ, – дзурынц кæрæдзийæн адæм.

Фæлæ æгæр æмæ æгæр куы никуы фæзыны намыс, уæд адæм фæуæндон вæййынц, фæкъæйных вæййынц æмæ æнаккаг, æнæгъдаудзинæдтæн уæрæх фæндаг раттынц, фырцинæй скафынц, ноггуырд сæныккау, сæмдзæгъд кæнынц æмæ кæрæдзийы хъусты асусу-бусутæ кæнынц:

– Лæппутæ! Намысæн йæ кой дæр нæй ам, æмгæрæтты никуы зыны, дард кæмдæр ис, ма дзы тæрсут.

Куыддæр адæм уый фехъусынц, афтæ бынтон æвнæлд бакæнынц æнаккагдзинæдтæм, æцæг ист ракæнынц сæ къух æвзæр хъуыддæгтæм.

Уæды онг намысджын чи уыди, æдзæсгомдзинадыл йæхæдæг худгæ чи кодта, уый дæр нал ауæрдын байдайы æвзæрдзинæдтæ аразыныл.

Фæйнæрдæм куы акæсай, уæд æууæнк никуыуал ис, аргъуц фесæфы, æфсарм амæлы, алы ран сайын, давын, хахуыр, кæрæдзи цъаммары тулын, цæсгæмттыл цъыф стухын... Иудзырдæй, нал ауæрдынц кæрæдзийыл хæрды дæр æмæ уырдыджы дæр. Чи кæмæ æххæссы, уый стигъы. Цы арынц, уый стæрынц æмæ скъæфынц, дæндагæй бавналынц кæрæдзимæ, зæвæтæй мыхъхъытæ самайынц...

Уалынмæ та æвиппайды кæцæйдæр февзæры намыс. Йæ фæллад куы ‘руадзы, уæд рацæуы æддæмæ йæ сусæг бынатæй æмæ та ног тыхимæ кусынмæ бавналы.

Йæ фынæйы рæстæджы адæм бирæ æдзæсгом, æнаккаг хъуыддæгтæ фæкодтой æмæ сегасыл азилын хъæуы.

Фыццаг æрцæуы къæйныхтæм, æдзæсгæмттæм, адæмы æгæрæгæр чи фæсайы, уыдонмæ.

– Цæмæн сайут адæмы, къæпхæнтæ сын цæмæн аразут? – фæрсы сæ намыс. – Худинаг уæм фæзынæд! Сомбон уæ сæртыл æртыхсдзæн уе ‘взæрдзинад, ныууадзут уæ кæнон æмæ уæ хин.

– Омæ ды чи дæ, цы дыл цæуы, дæхицæн цæмæннæ ныббадыс?

– Æз дæн Намыс, æз хъуамæ иргъæвон æдзæсгæмтты.

– Намыс? Цавæр у Намыс? Мах дæ зонгæ дæр нæ кæнæм.

– Фесæф, исчердæм ахъуытты у ардыгæй!

Афтæ Намыс тарды фæвæййы! Æрцæуы, æрцæуы мæстæйдзагæй, мæгуыр Намыс, пъагонджын хицаумæ.

– Цы ми кæныс, пъагонджын? Худинаг дæм нæ кæсы, гормон,

адæмы цæмæн цæгъдыс, уыйæппæт цæмæн фæмардтай? Сомбон адæмы тæригъæд дæ сæрыл æртыхсдзæн, дæ къухтæ туджы мауал тул!

– Æмæ ды чи дæ, дæуыл цы уæз цæуы? Дæхицæн цæмæннæ ныббадыс?

– Æз дæн Намыс. Хъуамæ лæгмары иргъæвон!

– Намыс? Цавæр у Намыс, æз дæ зонгæ дæр нæ кæнын. – Фесæф, исчердæм ахъуытты у ардыгæй!

Уырдыгæй дæр та сырды фæвæййы намыс.

Æрцæуы сæудæджертæм, бонджынтæм.

– Цы ми кæныс, бонджын, худинаг дæм нæ кæсы? Дæуæн дæ чырынтæ сыгъзæринæй æмæ æвзистæй æрæхгæнын нæ комынц, зæлдаг æмæ харæйы мидæг цæуыс, равзаргæ хæринаг хæрыс, мæгуыр та сыдæй мæлы, хус къæбæр нæ ары... Афтæмæй йын ды ноджы йæ царм стигъыс, йæ фæллой йын сайыс. Тæригъæд дæм фæзынæд, дæ цæсгомæй аргъуц фæкæн, кæннод сомбон мæгуырты тæригъæд дæ сæрыл æртыхсдзæн.

– Æмæ ды чи дæ? Цы уæз дыл цæуы, дæхицæн цæмæннæ ныббадыс?

– Æз дæн Намыс, æз уæ хъуамæ иргъæвон мæгуырты фæллой хæрынæй!

– Намыс?! Цавæр у Намыс? Æз дæ зонгæ дæр нæ кæнын. Фесæф исчердæм, ахъуытты у ардыгæй!

Афтæ та уырдыгæй дæр сырды фæвæййы Намыс.

Бирæ утæхсæны фæстæ, бирæ сырдтыты фæстæ хъынцъымгæнгæ Намыс æрцæуы паддзахмæ.

– Цы ми кæныс, паддзах, табу Дæ Бæрзонддзинадæн, фæлæ дæм худинаг нæ кæсы: дæ кæстæртæ, дæ дæлдæр хицæуттæ адæмы туг банызтой, хурхæй сæ æрцауыгътой, сæ фæллой сын бакъæфтой. Мæнмæ сæ ничиуал хъусы, сæхицæй мæ сурынц, сæ цæсгом фесæфтой. Ды уæддæр æркæс дæ адæмы тæригъæдмæ, ды уæддæр бамбар дæ сывæллæтты уынгæгдзинад... Кæннод сомбон æгас адæмы тæригъæд иууылдæр дæ сæрыл стыхсдзæн æмæ дæ зынгау басудздзæнис.

– Æмæ ды чи дæ? Дæуыл цы уæз цæуы? Дæхицæн цæмæннæ ныббадыс?

– Æз дæн Намыс, æз хъуамæ чи рæдийа, уыдон иргъæвон.

– Намыс? Цавæр у Намыс? Æз дæ зонгæ дæр нæ кæнын. Фесæф исчердæм, ахъуытты у ардыгæй!

Афтæ тарды фæвæййы Намыс... Алыран æй дуарæй федде кæнынц. Æмгæрæтты йæ ничиуал ауадзы.

ХЫНЦФÆРСÆГ ФРАНЦАГ

Диссаг сты ацы фæсарæны адæм. Ам францæгтæ, немыцæгтæ, италиæгтæ, англисæгтæ, чехтæ – иууылдæр фыссынц латинаг дамгъæтæй, ныр Ирыстоны кæмæй байдыдтой фыссын, уыдонæй. Уый тыххæй бакæсын сæ бон у нæ ирон фыст, фæлæ дзы æмбаргæ, кæй зæгъын æй хъæуы, ницы кæнынц.

Æцæгælонтæй æмгардзинад тагъддæр æмæ рогдæрæй аразынц францæгтæ. Ис мын цалдæр хæлары. Знон та мын чидæр йæ удыбæсты тыххæй æрæрвыста цалдæр «Рæстдзинады» æмæ «Хурзæрины». Нæ куыст куы фæци, уæд сыл мæхи ныццавтон, сæрды тæвды лæг йæхи уазал суадоныл куыд ныццæвы, афтæ.

Мæ хæлар францæгтæй мæм иу йæхи æрбаппæрста æмæ мæ нал æмæ нал уадзы изæрырдæм:

– Оссете![*] Цы фыссынц дæ фыдыбæстæй? Курын дæ æмæ мын ратæлмац кæн уæ газетæй истытæ.

Йæхæдæг систа 18-æм номыр «Рæстдзинад» æмæ гуылæвзагау худæг каст кæны ирон ныхæстæ: «Тырсыйы кæмтты Тамарæ фæцарди 132 азы».

Куы йын ратæлмац кодтон, уæд худæгæй акъæцæл, фæцагъта йе ‘рмттæ æмæ нал уыд кæрон йæ дисæн:

– О, мон деу![**] Махмæ та 40 азæй уæлдай нал цæрынц нæ адæм... 132 азы – уый æрмæст аргъæутты фæхъусы лæг. Зæгъма мын, цæй аххос у ахæм хабар...

Уæд загътон æз мæ хæларæн:

– Сымах иудадзыг фыдызгъæл хæрут. Æнæ бифштекс уæ бон нæу. Æмæ уæ уый æрвиты раздæр мæрдтæм. Мах хæринæгтæ та сты фылдæр зайæгхалæй: цæхæраджын, скъуда, сылы, хуырх, хъæбæр кæрдзын...

– Уый та циу, цæхæраджын?

– Цæхæраджын? О, мæ хæлар францаг, ды дзы куы фæхъæстæ уаис, уæд дæ къухы ælгътæ ахæрис йемæ. Мæ мад-иу скодта

[*] Оссете – ирон.

[**] О, мон деу! – О, мæ хуыцау.

дзаджджын цæхæраджын фæлмæн цыхтимæ, стад фиуимæ. Уæд зыдтон ад. Фæлæ ныр уæ æцæгæлон бæстæйы цыдæриддæр хæрын, иууыл мын æдзæхх æмæ æнад сты, нæ ахадынц мæ дзыхы…

– Уырны мæ, уырны, оссете, уæ бæстæ диссаджы бæстæ кæй уыдзæн. Дæхиуыл дæр зыны уый: дæ дæндæгтæй ныр ма иу дæр нæй хъуыд. Махмæ та 32 дæндагæй 16 уæддæр вæййы арæзт.

Мæ францаг мæм иудзæвгар æдзынæгæй фæкаст, стæй та мæ фæрсы:

– Пардон, оссете![*] Уæдæ нуазгæ та цы кæнут?

– Нуазгæ? Сымахау нæм шампайнаг сæн нæй, фæлæ ирон бæгæныйæн æмбал нæй дунейы. Кæд уæ нæ уырны, уæд бафæрс немыцы, уыдон æй зонынц. Стæй нæ кæмтты ис бирæ суæрттæ. Нæ суæрттæ гуырынц хъуына къæдзæхтæй, æмæ йыл дæ дзых куы сæвæрай, уæд дæ бон нал бауыдзæн дæхи ратонын, афтæ адджын у нæ дон…

Мæ францаг йæ сæр батылдта æмæ æндæр ран газетыл йæ къух æрæвæрдта:

– Ам та цы фыссынц? Цы сарæзта Беслоти?

Куыддæр æркастæн фыстмæ, афтæ мæ буары туг æрбалыгъди мæ цæсгоммæ. Уым уыдис фыст: «Беслоты Микъала раскъæфта тыхæй Бырнацты Ксеняйы. Чызг фæхæцыд læппуйы цонгыл æмæ асаст йæ дæндаг». Уыцы фыст æцæгæлон лæгæн ратæлмац кæнынæй мæлæт æнцондæр фæкасти мæнмæ. Микъалайы худинагæй зæххы фæцæйлæстæн. Джитæнтæ бакодтон: куыд раргом кæнон ныр ацы лæгæн нæ хъæддаг ахаст, не ‘нæхсæст, нæ тухитæ? Уæд мæнæй дæр стæрсдзæн лæг…

– Цы асырх дæ, оссете, æвæццæгæн, ам ахæм хабар ис фыст, мæнæн дзуринаг чи нæ у?

Æз мæ къуди радав-бадав байдыдтон æмæ фæдсафæн ныхас сфæнд кодтон ракæнын хынцфæрсæг францагæн. Нал мын уыд æндæр гæнæн. Йæ мады æвзæр чи хоны? Мæхи фæхъæлдзæг кодтон æмæ йын зæгъын:

– Нæ, мæ хæлар! Бесолты Микъала у læппуйы ном. Уымæн йæ зæрдæмæ фæцыдис ирон рæсугъд чызг – Бырнацты Ксеня. Ракуырдта йæ кад æмæ радæй. Скодта чындзæхсæв. Симдтой, кафыдысты, зарыдысты, афтæмæй кæйдæр дамбаца фæирвæзт æмæ læппуйы цонг фæцъæррæмыхст.

---

[*] Пардон, оссете – бахатыр кæн, ирон.

– О, паупе Микъолос![*] Йæ цины боны фæхъыгджын! Пуй налат, Ксеня дæр фæхъыгджын. – Бамæт кодта фæлмæнзæрдæ французаг. Йæхæдæг та мæ фæрсы: – Оссете, уæ чызджытæ рæсугъд сты Ирыстоны?

– Мах чызджытæ... Цы дын зæгъон, мæ хæлар. Хицæй æппæлын махмæ худинаг у. Сты нарæг астæу, гуырвидыц, къæлæтæрфыг, сауцæст, хъуымбыл дзыкку. Уыйимæ къæмдзæстыг, сабыр ахаст æмæ мой уарзаг. Нæй дунейыл уый хуызæн мад. Йæ бæллиц у фараст лæппуйы æмæ иунæг чызг.

– О, мон деу! Махмæ та иу лæппу æмæ иу чызгæй уæлдай сомы ныккодтой. Минтæ нæм ис ноджы ахæмтæ, кæцытæ сæ къух систой зæнæгыл. Тæхуды уæ бæстæ. Тæхуды уæ адæм. Æз та, иу чиныджы, гæды ныхæстæ бакастæн: сымахмæ, дам, ус æлхæнгæ кæнынц æмæ, дам, дзы кад нæй, ницæмæ йæ дарут.

– Нæ, мæ хур, францаг! Уый кæддæр особайы рæстæджы уыд! Фæлæ ныр Ныхасы цурты куы фæцæйцæуы ус, уæд ын лæгтæ сыстынц. Махмæ усæн дæр ис кад æмæ зæрондæн дæр. Зæронды цур нæм лæппу фынгыл нæ бады: кæстæриуæг фæкæны!

Ард сæмбæлд францагæн йæ хæдзарыл æмæ уыцы рæстæджы ме ‘намондæн йæ къух æрæвæрдта «Хурзæрин»-ы фыст «Стыр æнамонддзинад»-ыл. Фæрсы та мæ:

– Ацы бæзджын дамгъæтæй та цы фыссынц дæ бæстæгтæ?

Мæ уд уæд бынтон мæ къæхты бынæй агæпп ласта.

Уыцы фыст æз уый размæ бакастæн æмæ мæ зæрдыл лæууыди:

Æхслебы хъæуы зæронд лæг Ц. Г. нал фæрæзта йæ фырт П. æмæ йæ чындзæй. Маст ын кодтой. Лæг баздæхт æмæ йæхи кардæй барæхуыста... Джеры та Æ. Х.-йы ус цæхæр ныппырх кодта йе ‘фсиныл æмæ йæ ратардтой хæдзарæй чындз æмæ фырт. Зæрæдты æфхæрджыты тыххæй фыста уайдзæф А. Т.

Уыцы дыууæ дамгъæйы хъуыстон æз сæ фыссæджы хъарæг.

Уынгæджы ран та ныххаудтæн. Ацы худинаджы хабарæн та ма цы ‘фсон ссарон? Зæрæдтæн цыт кæй зонæм, уымæй æз æппæлгæ кодтон ныртæккæ æнахуыр лæгæн æмæ ныр куыд басæттон айхуызæн æнамонддзинадыл.

Фæдæн стыр катайы. Æмæ та байдыдтон æцæгæлон лæгæн гæды тæлмац, æнæбары гæды тæлмац:

– Ам фыссынц иу зæронд лæг Ц. Г.-йы тыххæй. Уыдис уымæн

[*] О, паупе Микъолос! – О, мæгуыр Микъола!

фырт æмæ чындз. Зæлдæгты æмæ бæмбæджыты дардтой зæронды. Кусын æй нæ уагътой. Æхсыры йын ссæстой. Иудзырдæй, ницæмæй уыдис цух зæронд лæг. Йæ уат – цæттæ, йæ хæлц – фаг, йæ дзаума – æхсад. Байдыдта æнкъард кæнын зæронд æмæ иу бон куы уыдис, уæд йæхи барæхуыста кардæй. Ныр сæйы рынчындоны æмæ ничи хаты, цæй тыххæй бакодта афтæ, уый.

– Уды цардæн йæ закъонтæ æргом не сты, – загъта францаг. – Æвæццæгæн, бирæ хъуыды кодта зæронды фарстыл: цы у цард? Махмæ дæр бирæ фæкæны афтæ. Æрмæст кардæй нæ рæхойынц сæхи, фæлæ исты марг фæнуазынц.

Мæ францаг æмбал афтæ æнхъæлдта, æмæ Г. бакасти алыхуызон философон чингуытæ: зæгъай – Ницше, зæгъай – Толстой. Æдзынæг алæууыди иудзæвгар æмæ та афтæ бакодта:

– Раувре Г., раувре гъомма...* Цард зын æмбарæн у.

Афтæ ныхæстæ кодтам дарддæр. Æппæтæй та хынцфарст кодта нæ бæстæйæ, нæ адæмæй, нæ цардæй. Газет йæ къухты рауил-бауил кодта æмæ та æркаст «Хъæуты хроникæмæ». Фæстаг ныхас фембæрста (уыдон æвзагæй у ист ацы ныхас) æмæ та фæрсы:

– Ай, æвæццæгæн, хроникæ у? Уым та уæм цы фыссынц къæрныхты тыххæй?

– Нæ, махмæ къæрных нæ кæнынц. Худинаг у. Къæрныхæй нæм кæй базоной, уымæ æввахс ничи бацæудзæн. Йæ къух ын ничи райсдзæн, хъоды йыл бакæнынц, худинаджы сау мигъ æрæхгæны йæхи сæры дæр æмæ йæ мыггаджы сæр дæр. Къæрных нæм чи ракæна, уый мыггагмæ фæндыры цæгъдинаг фæуыдзæн.

– Тре биен!** Цæринаг мыггаг стут. Искæй фæллæйттæм лæг хъуамæ былцых ма кæна: ды дæр бакус, ды дæр ссар...

Мæ францаг, уæддæр, хроникæтæ лыстæг кæсы. Мæ буар дыз-дыз кодта, исты та мын куы тæлмац кæнын кæна уырдыгæй, уымæн æмæ уым уыди дыууæ раны давды тыххæй – рабфачы æмæ Иры педтехникумы. Цыма йын дæсныйы амынд уыди, уайау та йæ къух æрæвæрдта фæстагыл æмæ фæрсы:

– Ацы Джамболат лæджы ном у? Цы сарæзта уый та?

Фæнык фестын мæ бафæндыди. Иронау куы æмбæрстаид мæ францаг, уæд æрсагътаин мæ худ мæ сæрыл æмæ фæлыгъдаин

* Раувре Г., раувре гъомма – мæгуырæг Г., мæгуыр лæг.

** Тре биен! – Иттæг хорз!

дардмæ. Цæмæн? Уымæн æмæ уым уыди фыст: «К. Дж. æмæ С. Х. цухгонд æрцыдысты Ирпедтехникумæй дзауматæ давды тыххæй».

Куыд хъуамæ ратæлмац кодтаин ахæм худинаджы хабар францагæн?! Талынг хохаг ма куы кодтаид къæрных, уæд цынæ вæййы. Фæлæ – не скъоладзаутæ! Нæ сомбоны скаст кæмæ у, нæ дуг стыр æнхъæлцау кæмæй у, Ирыстоны цард нæуæгæй чи араздзæн... Кæй зæгъын æй хъæуы, асырх та дæн.

Афтæ мæм каст уыцы сахат, цыма мæхæдæг сцæйластон францагæн йæ æхцадон йæ дзыппæй æмæ мын ацахста мæ къух.

Ахæм рæстæджы хъуыды тагъд æрцæуы лæджы сæрмæ. Фæхæст та дæн фæдсафæн ныхæстыл æмæ та байдыдтон мæ францагæн «тæлмац» кæнын.

– Иры педтехникум у Ирыстоны техникон скъола. Æмæ фыссынц, мæнæ уыцы скъола ацы дыууæ лæппуйы кæй фесты, уый тыххæй. Иннæты уæлдай хуыздæр ахуыр кодтой æмæ сæ æппæлынц газеты. Ныфсы лæппутæ, дам, уыдзысты нæ кусæг адæмæн, ном чи скæндзæн, ахæмтæ...

– Оссете, бæгуы рæсугъд не сты уæ ирон нæмттæ: «Дзамболат, Хадзымуссæ»... Цы уæм кусдзысты ныр уыцы лæппутæ сæ хорз ахуыры фæуды фæстæ?

– Цы кусдзысты? Махæн нæ ахуыртæ сты адæмы уарзаг. Нæ ауæрдынц сæ зонынадыл, сæ хъаруйыл, уарынц æй нæ адæмыл, уыдон нæ кусæг адæмы кæндзысты ахуыр, куыд хъæуы тауын, фосмæ зилын, æвзист къахын нæ хæхты æмæ æндæр ахæмтæ.

Сæттын мæ гæды ныхæстыл, æмæ мæ ма баппар стыр хæрамы, цы сарæзтаин, уæдæ, – куыд хъуамæ радзырдтаин æцæгæлон лæгæн, нæ фæсивæд къæрных кæй кæнынц, кæнæ ахуыры фæстæ уæрæседзаутæ кæй рацæуынц, кæнæ фыдыбæсты цы ахуыртæ кусынц, уыдонæй бирæтæн сæ маст сæ дзыпп кæй у...

Уыйонг мæ скъæмдзæстыг кодта йæ фарстытæй мæ хæлар францаг, æмæ байдыдтон газеттæ тухын: тарстæн, – нæ худинаджы хъуыддæгтæй ма мын исты куы тæлмац кæнын кæна.

Фæлæ мæ хæлар нæ уагъта йæ газет йæ къухæй æмæ загъта:

– Пардон, пардон. Мæнæ ма ацы иу ран цы фыссынц, уый мын радзур. Цавæр у «басаст» æмæ цы сарæзта Бæди.

Æз бакастæн, йæ къух цы бынатыл дардта мæ хæлар францаг, уый, æмæ дзы уыдис фыст: «Дзау – Ручъы фæндаг аразынæн мигæнæнтæ æвæрд кæм уыдысты, уыцы скълад басастæуыд. Ахст сты Б., Г. æмæ А.»

Цыма мыл тъæнджы мæйы ихджын доны къæрта рауагъдæуыди, уайау фæдæн. Лæгимæ дзурын мæ бон нал уыди – мæ цæстытæ батартæ сты…

Æз хорз зонын, куыд зынæй бавнæлдтам уыцы фæндæгтæ аразынмæ. Мæ зæрдæ куыддæр æрбампылдис.

Бамбæрстон, магъзы тæгтæм куыд æртагъд туджы æртах æмæ кæмдæр хуылфы йæ тъæпп кæй фæцыд. Уыцы хъуыддагæн фæдсафæн ныхас æмæ гæды тæлмац нал баци мæ бон.

Ракуырдтон мæ хæлар францагæй, куыд мын бахатыр кæна, зæгъын, иу ранмæ мæ азгъорын хъæуы аст сахатмæ.

– Сом дын ратæлмац кæндзынæн бирæ æндæр истытæ æмæ фæныхас кæндзыстæм Кавказы тыххæй, – загътон æз мæ хæларæн. Мæхæдæг мæ пъалтойы быдыргъ æрбакодтон мæ уæлæ, æрсагътон мæ сæрыл мæ сау худ, – ирон нымæтхуды хуызæн, æмæ фæраст дæн тротуарыл.

Æцæгæлон сахары, æцæгæлон уынгты мæ фæрсты сыффытт кодтой æцæгæлон адæм. Ацы кæйдæр сахары бирæ ис фабриктæ, уым кусынц сау негртæ æмæ араббæгтæ дæр. Урс цæуджыты нæ фиппайын æппындæр, фæлæ саутæн сæ урс дæндæгтæ æмæ сæ цæстытæм фæкомкоммæ вæййын.

Цымæ, цы хъуыды кæны алчи адонæй та?

Фæлæ ницы гæнæн уыдис æцæгæлоны хъуыдытæ базонынæн. Мæхи сæр та тъæпп хаудис Ирыстоны цардыл хъуыдытæй.

Талынджы æрбаздæхтæн мæ фатермæ, ссыгътон рухс æмæ та иунæгæй байдыдтон кæсын газеттæ. Зонгæ нæмттæ æмæ зонгæ бынæтты койæ мæ зæрдæ суынгæг…

АРВИСТОН

ЦЫБÆЛГÆНÆГ ХАЙ

Уырыссаг хæдбар статистикон агентад фæстаг дæс азы дæргъы арæзта сæрмагонд номхыгъд «Уæрæсейы зындгонд адæм». Уым раздæрау фыццаг дæс бынатмæ бахауынц Аллæ Пугачева, Филипп Киркоров, Ксения Собчак æмæ Анатоли Чубайс.

Ныр та байхъусæм М. Е. Салтыков-Щедринмæ.

Рог адæймæгтæ æнæгуырысхойæ сты абоны æхсæнады геройтæ. **Адæймаг цас рогдæр уа, уыйбæрц уæлиаудæрмæ тырны, фылдæртæ домы, æнтысгæ дæр ын фылдæр кæны.** Мисхалы уæз дæр дæ куы нæ уа, уæд уый та бынтон бæллиццаг хабар у: царды дæ размæ ницавæр цæлхдуртæ уыдзæни. Физикæйы закъонтæ сæ куыст кæнынц – рог цы у, уыдон уæлæмæ хизынц, уæззау, æнгом æмæ фидар цы у, уыдон та бынæй баззайынц. «Мисхалтæ» сæрбæрзондæй, уæлахизæй размæ бырсынц царды алы къабæзты дæр, кæрæдзиуыл нызгæгæл вæййынц, æмæ сæ боныфæстагмæ ахæм æнгом буар, фидар къул рауайы, æмæ йæ сармадзанты æххуысæй дæр нæ акъæртт кæндзынæ.

Алцæмæн дæр йæ дуг фæвæййы, алцы дæр ивы. Уыд идейæтæ, ныр уыдон айдагъ ныхæстæ фестадысты, уыди ныхæстæ – ныр сæ мондадждзын уды сонт хъыллиппытæ раивтой.

Уæууау, уæууау! Хъуыдыйы зынаргъ скъуыддзæгтæй фæд дæр нал аззади, дзыллæйы цæстыты раз æрбадæлдзæх вæййынц! **Мисхалы уæз дæр чи нæ кæны, уыцы сау адæмы æнахъинон дыв-дывы хъуыдыйы мур нæй. Уый нæ, фæлæ ма хъуыды йæ уæнгæл дæр у.** Цавæрфæнды хъуыды дæр уæд – «мисхалæн» уый йе знæгты цыфыддæр у, уымæн æмæ хъуыдыйы мидæг нæй æрдон монцтæ, мондадждзын удты æхцондзинад.

Рог адæймаг нæ дуджы герой у. Уый гандзайы амæддаг бакодта хъуыды, бинонты ‘хсæнæй йæ асырдта, йæ рагъæй аппæрста хъуыдыйы æнæбайрайгæ æфсондз æмæ уыцы уæлахизыл самадта йе «стыр ном». Бакæсут-ма йæм, куыд тынг архайы, хатгай куыд фæцæйбыры, хатгай цæлхдурты сæрты куыд асæррæтт ласы,

иннæтæм йæ къах куыд фæцаразы – ома йæхи хуызæн дæлæмæдзыд чи у, уыдонмæ, куыд арæхстджын ратас-батас кæны, куыд лæбуры, рæдувы, куыд фæхæст вæййы алцæуыл дæр. Размæ акæсут æмæ уæ æнæмæнг бауырндзæн: уым, дæрддзæф ран, дзедзырой кæны, уд цыбæлгæнæг нард хай, кæрдих...

Уæвæн ис æмæ уыдон, уыцы рог цæрæгудтæ, рæстæгмæ айсæфой, фæлæ сын мæлæн нæй. **Мæнæ ныр уæлдæф æнусмæ ссыгъдæг, зæгъгæ, куыддæр ахъуыды кæнай, афтæ та уыдон ногæй дæ цæстыты раз фегуырдзысты, райгæ-худгæ тæхдзысты, æвзæнау зилдухтæ сисдзысты дæ алыварс.** Ноджы ма иу исдуг æмæ быдыртæ, æрхытæ «мисхалтæй» айдзаг уыдзысты, чъыллиппытæ, зæвæтдзæгъдæн кæндзысты, хæцдзысты дыл, уæлахиздзауты хъæлæстæй абухдзысты...

М. Е. Салтыков-Щедрин. *Скъуыддзаг уац «Признаки времени. Легковесные»-йæ. 1868 аз*

ЦИТАТÆТÆ

* * *

Æппæтæй æнæаипдæр, æххæстдæр æхсæнад у, йæ сахъæттæ чи æмбары æмæ сæ рæстæгæй-рæстæгмæ чи сраст кæны, стæй, иу рæдыдæй иннæмæ хизгæйæ, размæ чи цæуы, уый.

Нывыл уавæрты цы адæм цæрынц, уыдонмæ утопи нæ бахъардзæни. Цæмæй утопийы аныгъуылай, уый тыххæй хъуамæ дæ зонд фæцæуа. Цавæрфæнды утопи куы уа, уæд дæр. Уæвæн ис æмæ Ленины утопи дæр уа, уæвæн ис æмæ Гитлеры утопи дæр уа.

Григори Померанц

* * *

...удаисты замантæм та фæтулæм сабыргай. Дæ дзыхыл хæц, дæ цæхдон кæм нæй, уым дæ къæбæр ма тул – уыцы æнæрайы дунемæ сарæзтам не ‘ргом. ...Цензурæ дæр та нæ æрхъуыд. Æцæг сæрибар нæ буар йæхимæ æмгæрон нæ уадзы. Æлдары цур æдзухдæр сæрныллæг уыдыстæм – æмризæджы рызтыстæм: куы нæ бабынчындæуа, куы нæ фæтардæуа. Æмæ та, куыд фæзæгъынц, – ногист. Æдзух нæ фæлварынц дæндагæй – мах та уыдæттыл цинæй фæмæлæм.

* * *

Кинематографисты фылдæр хай аивадмæ тынг уазал цæстæй кæсын байдыдта. Æхца фидынц цыдæр æнахъинон ницытæ æмæ мацытæн, æмæ ахæмтæм былысчъилæй чи кæсы, уыдоны ныхмæ слæууынц. Телеуынæны та куыд зæрдиагæй архайынц! Экраныл – бандиттæ, пахантæ, авторитеттæ, «мерседестæ» – раст цыма цавæрдæр æвзæргæнджыты лагеры стæм иууылдæр. Гъе æрмæст экранæй Толстойы кæнæ, зæгъæм, Салтыков-Щедрины койтæ ракæной – Хуыцау бахизæд! Кæнæ Шаламовы, Солженицыны фыстытæм гæсгæ исты саразой – аба-бау! Нæ удтæ ссыгъдæг кæныныл мисхалы бæрц дæр ницы бакуыстам...

* * *

Хъуыды-ма кæнын, иуахæмы нæм Ельцинмæ фæдзырдтой. Ельцин æрбацыд, æмæ адæмæн се ‘мбис сыстад, иннæтæ бадынц, ома оппозиционертæ стæм. Иннæ хатт та бахаудтæн Путинмæ: æрбацыд – иууылдæр къæрмæджытау стахтысты! Стæй ма гæппытæ кодтой ноджы цалдæр минуты. Иу артист мын уый размæ афтæ: ныртæккæ рацæудзынæн æмæ, Тарковскийæн цырт сæвæрын кæй хъæуы, уый тыххæй зæгъдзынæн. Рацыд, уæдæ цы, æмæ йын майдан кæй радтой, уый тыххæй арфæтæ кæнын байдыдта.

Алексей Герман

БАЗЫРДЖЫН НЫХÆСТÆ

* * *

Усджын лæгтæ æмæ хицæуттæ хъуамæ сæ рæдыдтыл ма сæттой. *(Оноре де Бальзак).*

* * *

Хицауад никæд ницæуыл ахуыр кæны. Ахуыр кæнынц æрмæстдæр адæм. *(Милтон Фридман).*

* * *

Цæугædæтты, стæй æвзæр хицæуттæ цы бæстæйы ис, уым уæле фæленк кæнынц æппæтæй рогдæр цы вæййы, уыдон. *(Бенджамин Франклин).*

* * *

Иу зындгонд политик бахъахъхъæнынмæ хъавыд йæ дыууæ цæсгомы дæр. *(Джон Гантер).*

* * *

Хицауады тыххæй цыфæнды æвзæртæ дзур, уæддæр уымæн йæ сæры дæу тыххæй ноджы æвзæрдæр хъуыдытæ ис. *(Геннади Малкин).*

* * *

Хицауад дзидзидай сывæллонæй уæлдай нæу: иуæй йæм кæфхъуындары аппетит ис, иннæмæй та бынтон æбæрнон у. *(Рональд Рейган).*

* * *

Разамынд дæттын афтæ æмбарын хъæуы: хорз адæймæгты кусын уадз. *(Петр Капица).*

* * *

Хицауад куы рæдийа, уæд раст адæймаг уæвын тæссаг у. *(Франсуа Вольтер).*

* * *

Æппæтæй хуыздæр хицауад цавæр у, уый зонут? Тынг чи фæтарст, ахæм **æвзæр** хицауад. *(Джойс Кэри).*

* * *

Паддзахады лæг фидæны фæлтæрыл хъуыды кæны, политик та – сомбоны æвзæрстытыл. *(Джеймс Кларк).*

* * *

Иуæй-иутæ фыр тарстæй рохтыл ныззæгæл вæййынц – куы сæ суадзой, уæд рахаудзысты. *(Веслав Брудзиньский).*

* * *

Юморист уæвын зын нæу, хицауад йе ‘ппæт хъарутæй дæр дæуæн куы куса, уæд. *(Уилл Роджерс).*

* * *

Аслам политиктæ нæ вæййы. *(Лоренс Питер).*

* * *

Принциптæ закъоны сæрты хизын куы райдайой, уæд æй зон: хицæуттæм æппындæр æфсарм æмæ уаг нал ис. *(Томас Джефферсон).*

* * *

Хицау мигъты тыххæй хъыпп-сыпп дæр не скæндзæн, арвырдын сыл ис, зæгъгæ йæм ахæм ныхас куы нæ бафтауа, уæд. *(Сесил Кинг).*

* * *

Политикæйы дзырдтæ ахсджиаг не сты. Ахсджиаг у, дзырдтæ цы хъæлæсы уагæй дзурай, уый. *(Жюль Ромен).*

* * *

Политикæйæ дæхи иуварс лас, дæ царм сыкъафындзы цармæй гæзæмæ тæнæгдæр куы уа, уæд. *(Франклин Рузвельт).*

* * *

Стыр политикæй æз уæлдæр æвæрын, стыр политик суæвынмæ йæ бæттæнтæ чи нæ тоны, ахæм адæймаджы, уымæн æмæ уый фидарæй уырны: ацы дуне уый аккаг нæу, цæмæй йыл дæ хъарутæ хардз кæнай. *(Жан де Лабрюйер).*

* * *

Æфсармимæ хыл чи у, уыцы хицæуттæ тæссаг сты. *(Шекспир).*

* * *

Ис дыууæ хуызы хицауады: тыхтæ-фыдтæй быхсæн кæмæн ис, ахæм æмæ, æппындæр быхсæн кæмæн нæй, ахæм. *(Джон Дафо).*

* * *

Æппæтæй хуыздæр хицауад у, нæ сæргъы æппæтæй цыбырдæр рæстæг чи фæлæууы, уый. *(Александр Поп).*

* * *

Бюрократи бонæй-бонмæ фылдæр кæны, цæмæй, бонæй-бонмæ фылдæр чи кæны, уыцы бюрократийы домæнтæ æххæст кæнынмæ арæхса. *(Айзек Азимов).*

* * *

Тиран рæдауæй уары хæрзиуджытæ æмæ бынæттæ, а дунейыл æппæты ælгъагдæр, æнаккагдæр чи у, уыцы дымысдæртæн, цæмæй сæ рæстæгмæ ферваэза. *(Франтишек Крышка).*

ÆМБИСÆНДТÆ, ХАБÆРТТÆ

Хæрæджы фыд

Иу чысыл сахары машинæ кæйдæр скъуырдта, æмæ йыл адæм æрæмбырд сты. Уалынджы иу уацхæссæг фæзынди, фæлæ йын утæппæт дзыллæйы æхсæнты бацæуæн нæ уыд, æмæ йæ сæры æвиппайды фегуырди æнахуыр хъуыды:

– Хорз адæм, бауадзут-ма мæ, æз, машинæ кæй скъуырдта, уый фыд дæн!

Адæм иуварс алæууыдысты, уæдæ цы уыдаид, æмæ «фыд» астæумæ баирвæзти. Машинæ кæй скъуырдта, уый та разынди хæрæг.

Халоны хъуахъхъ

Æртæ лæджы фæцæйцыдысты уæлмæрдты рæзты. Иуафон сæ сæрмæ халон ныууасыди. Фæндаггæттæй иу фæхъæр ласта:

– Уый мæныл цин кæны!

– Раст нæ дæ! Мæныл цин кæны! – дзуры дыккаг лæг.

– Уæ дыууæ дæр рæдийут! – семæ не сразы æртыккаг æмбал.

Цæмæй ма фæхыл уой, уый тыххæй бауынаффæ кодтой хъæуы тæрхонылæгмæ бацæуын. Тæрхонылæг сæм байхъуыста æмæ сын загъта:

– Къуырийы фæстæ-иу æрбацæут. Рагон чингуытæм æркæсдзынæн æмæ уын равзардзынæн уæ хъуыддаг.

Æртæ лæджы сæ хæдзæрттæм ацыдысты. Фæлæ сæ алчидæр йæхинымæры хъуыды кодта, тæрхонылæджы балхæныныл. Фыццаг бæлццон ын дыууæ хъазы сфизонæг кодта æмæ йын сæ бахаста. Дыккаг та йын дыууæ бабызы бахаста физонæггондæй. Æртыккаг лæг тæрхонылæджы къантормæ хæстæг лæууыд æмæ федта, йæ дыууæ æмбалы цы ми кодтой, уый.

Изæрæй тæрхонылæг сæхимæ æд хъазтæ æмæ бабызтæ куы фæцæйцыд, уæд амбæлд æртыккаг лæгыл æмæ йæ фæрсы:

– Æмæ ды мæнмæ цæуылнæ æрбацыдтæ?

– Уымæн æмæ йæ зонын, халон кæуыл цин кодта, уый, – дзуапп радта лæг.

– Уæдæ-ма зæгъ, кæуыл цин кодта халон?

– Дæуыл, æндæр кæуыл!

Æхца амондхæссæг не сты

Зондылæджы йæ ахуыргæнинаг бафарста: «Раст у, æхца амондхæссæг не сты, зæгъгæ, уыцы ныхас?»

– Иттæг раст, – дзуапп радта лæг. – Уый зын сбæрæг кæнæн нæу. Æхцайæ балхæнæн ис хæринаг, фæлæ дзы аппетит нæ балхæндзынæ, хостæ балхæндзынæ, æнæниздзинад та – нæ, æххуырстытæ балхæндзынæ, хæлæрттæ та – нæ, сылгоймæгтæ балхæндзынæ, уарзондзинад та – нæ, ахуыргæнджытæ балхæн-

дзынæ, зонд та – нæ, хæдзар балхæндзынæ, амонд та – нæ, алыхуызон ирхæфсæнтæ балхæндзынæ, цин та – нæ. Ам кæй ранымадтон, уыдоныл ма бирæ цыдæртæ бафтауæн ис.

Æрмæстдæр æй æз хъæуын

Иу лæг фæрсы, йæ чызджы йын чи куырдта, ахæм лæппуйы:

– Мæ чызг дæ цы бацагура, уыдæттæ йын иууылдæр кæй ратдзынæ, ууыл дæ зæрдæ дарыс, лæппу?

– Уыл æппындæр гуырысхо ма кæн, мæ фыды хай. Дæ чызг куыд зæгъы, афтæмæй йæ æрмæстдæр æз хъæуын.

Хæринаг цы бирæгъæн дæттай, уый фæуæлахиз вæййы

Индейаг зæронд лæг йæ фырты фыртæн дзырдта:

– Алы адæймагæн дæр йæ мидæг цæуы тох, раст дзы цыма дыууæ бирæгъы хыл кæнынц, уыйау. Иу бирæгъ дзы фыдæхæй йемыдзаг у: хæлæг, гуырысхотæ, фæсмон, хиуарзондзинад, фæлитой митæ йæ буары сиу сты... Иннæ бирæгъ у хæрзгæнæг: уарзондзинад, ныфс, æмбалыл æнувыд уæвыны миниуджытæ хæссы йæ буары...

Гыццыл лæппумæ зæронды ныхæстæ бахъардтой, иуцасдæр хъуыдыты анигъуылди, стæй афарста:

– Æмæ дыууæ бирæгъæй тыхджындæр кæцы вæййы?

Зæронд индейагæн йæ цæсгомыл фыццаг мидбылхудт фæзынди, стæй сабийæн дзуапп радта:

– Æдзухдæр фæуæлахиз вæййы, хæринаг фылдæр кæмæн дæттай, уый.

Æххуыс

Иу сылгоймаг пъæлицæмæ курдиат балæвæрдта, чидæр ын тыхми кæй бакодта, уый тыххæй.

– Бакастæй цы хуызæн уыди, тыхми дын чи бакодта, уый? – фæрсы слестгæнæг сылгоймаджы.

– Æдылы цы вæййы, уый уыди!

– Цæмæн дæм афтæ кæсы, хорз ус?

– Уæдæ ма æдылыйыл сыкъатæ вæййы! – дзуапп радта сылгоймаг. – Йæ хæлаф раласынæн дæр нæ уыд уыцы сæнтдзæф, æмæ йын мæхæдæг аххуыс кодтон!

Гуырысхогæнаг ус

Йæ лæгыл гуырысхо чи кодта, иу ахæм ус алы бон дæр сгæрста йæ сæрыхицауы уæлæдарæс, æмæ йыл-иу хъуын куы ссардта, уæд ын-иу алывыд акалдта. Фæлæ йыл иу бон хъуыны мур дæр не ссардта, æмæ уæд ус бынтондæр пихылæйттæ скалдта:

– Куыдзы фырт, цæмæты æрхаудтæ, цæмæты! Суанг ма цæгæрсæр сылгоймæгтыл дæр æлгъ нæ кæныс!

Æртæ фæрсудзæны

Иухатт Сократмæ иу лæг æрбацыд æмæ йын загъта:

– Дæ хæлæрттæй кæй фехъуыстон, иу ахæм хабар дын мæ бон у радзурын.

– Чысыл-ма багъæц. Цы хабар мын дæ радзуринаг, уый уал раздæр ныффæрсудзын хъæуы. Уый тыххæй ис æртæ ахсджиаг фæрсудзæны. Фыццаджы ном – рæстдзинад. Зæгъ-ма мын, фидарæй дæ уырны, дæ дзуринаг раст кæй у, уый?

– Нæ уырны, – дзуапп радта лæг. – Æз дæр æй æндæр кæмæйдæрты фехъуыстон.

– Уæдæ дæ нæ уырны, раст кæй у, уый. Ныр та – дыккаг фæрсудзæн: цы мын радзуринаг дæ, уый хорз хабар у, æви æвзæр?

– Æргом дзургæйæ, тынг æвзæр хабар.

– Ныр афтæ: цы мын зæгъинаг дæ, уый, чи зоны, раст дæр нæу, стæй ма æвзæр хабар дæр у. Æртыккаг фæрсудзæн дæр ма ис: исты пайда у дæ дзуринаг æви нæ?

– Æвæццæгæн, нæу, – дзуапп радта лæг.

– Ау, уæдæ раст дæр чи нæу, хорз дæр чи нæу, пайда, дæр кæмæй ницы ис, уыцы хабар мæн цæмæн хъæуы?

Фысы сæр

Чысыл Насреддинмæ йæ фыд æхца радта, ацу æмæ, дам, фых фысы сæр балхæн. Лæппу балхæдта сæр, фæлæ йын йæ дзидзатæ хъæмæ здæхгæйæ бахордта. Æрбацыди сæхимæ æмæ йæ фыды цур афтид сæргæхц æрæвæрдта. Фыд дисæй амард æмæ фæрсы:

– Лæппу, ай чердыгон сæр у, йæ хъустæ кæм ысты?

– Фыс, мæгуырæг, къуырма уыди, – дзуапп радта Насреддин.

– Æмæ уæд йæ цæстытæ та кæм ысты?

– Куырм уыди, куырм, баба, фыс.
– Ау, царм дæр ыл нæ уыди?
– Цы чындæуа, чехоткæйæ рынчын уыди.
– Омæ йæ уæд цæмæн балхæдтай, æви не ‘хцатæ ракæлракæл кæнынц?
– Йæ дæндæгтæ мæ зæрдæмæ фæцыдысты æмæ йæм нал фæлæууыдтæн!..

Йæхиуыл фервæссыд

Иуахæмы Насреддины бахъуыди каймакамы[1] фенын. Каймакам йæхи дардта тынг схъæл. Насреддин æм рамæсты æмæ йын афтæ:
– Байхъус-ма, мæнæ лæг, цы сгуыхты фæдæ, дæхи цы нысхъæл кодтай?
– Чи дæн, уый нæ зоныс? Каймакам дæн, каймакам!
– Фæуæд афтæ, фæлæ уый фæстæ та цы уыдзынæ?
– Губернатор!
– Стæй та?
– Министр!
– Ноджы ма цы уыдзынæ?
– Ницы.
– Омæ æз ныртæккæ куы дæн ницы. Цæвиттон, иуахæмы дæ ме ‘мсæр лæг рауайдзæни...

·o·

ДЫУУÆ КЪÆЗÆНÆДЖЫ

Дзуарыхъæуы æрцыд ацы хабар 1964 азы. Битарты Агуыбечыр къæзæнæг уыди. Сæ сыхаг лæппу Зауырбегыл уæд цыппæрдæс азы цыд. Иуахæмы йе ‘мбалимæ хъæдмæ ацыдысты тæрс уидзынмæ. Уым сыл арс хæрхæмбæлд фæци, æмæ дзы тынг фæтарстысты. Сæ хъæлæсыдзаг хъæр систой. Куыддæртæй раирвæзтысты. Фæлæ Зауырбег фыртарстæй фæкъæзæнæг. Сæ сыхаг Гуыриаты Рамазан æй иу хатт Агуыбечырмæ барвыста, дæгъæлтæ ма, дам, æрбадав. Лæппу ацыд æмæ фæндагыл хъуыды кæны: «Агуыбечыры бæсты мæм йæ ус Дзæнæтхан куы ракæсид, кæннод Агуыбечыр дæр мæнау къæзæнæг у æмæ... »

[1] Пысылмæттæм бæрнон бынаты кусæг.

Дуарæй цалдæр хъæры бакодта. Агуыбечыр æм ракасти. Тыхамæлттæй йæ бафарста:

– Цы-цы-цы дд-дд-дæ хъæуы?

Зауырбег дæр æм комкоммæ ныккаст æмæ фæлвары дзуапп раттыныл, фæлæ йын ницы æнтысы:

– Д-д-дæ-гъæл-т-т-тæм мæ р-р-ба-рвыста...

Агуыбечыр нæ зыдта, лæппу дæр фæкъæзæнæг, уый æмæ рамæсты, афтæ ‘нхъæлдта, мæстæй йæ мары. Йæ дзыхыдзаг хъæр кæны:

– Д-д-ды кæй фæз-фæз-мыс?

Лæппу фæтарсти, ралыгъди. Агуыбечыр æй расырдта.

Зауыр сæхимæ сынтæджы бын бабырыд. Йæ мад Асурхан æй фæрсы, цы кæныс, зæгъгæ.

Тарст сывæллон сынтæджы бынæй дзуры:

– Æр-р-р-ба-а-а-цæуы!

Уалынмæ дуары къуырцц-къуырцц райхъуыст. Асурхан ракаст, æмæ, Агуыбечыræн йæ цæстытæ цæхæр калынц, афтæмæй дзуры усмæ:

– К-к-к-æм-м-м-ис д-д-д-дæ ф-ф-фырт?

– Цы хабар у, цы дын кодта? – фæрсы йæ сылгоймаг.

– Х-х-х-хæ-дзарм-м-æ мæм æр-р-р-ба-цыд æмæ м-м-м-мæ ф-ф-фæзмыдта!

Мад хъуыддаг фембæрста æмæ йын афтæ:

– Уæууа, Агуыбечыр, уый дæ фæзмгæ нæ кодта. Уый дæр дæу хуызæн къæзæнæг у.

Агуыбечыр фефсæрмы, йæ тымбыл къухæй йæ сæр ныххоста æмæ афтæ:

– У-уый-у-уый-д-дæр мæ х-х-хуызæн мæгуыр у.

Уæдæй фæстæмæ балымæн сты дыууæ къæзæнæджы.

Ноджы диссагдæр та уый уыд, æмæ Агуыбечыр балалайкæйæ иттæг хорз цагъта, æмæ йын-иу йæ цъагъдмæ Зауыр куы зарыд, уæд-иу къæзæнæг нал уыд.

Кцойты Астемыр

Царды хъомыс (срæдывта асфальт).

Цъары фæрстыл:

2. Къоста.

3. Æфсургъ.

4. Додой.

* * *

Корректор *Заира КАРАЦЕВА*
Дизайн *Залина ГУРИЕВА*
Компьютерная верстка *Ирида КОДЗАТИ*
Компьютерный набор *Марина КИРГУЕВА*

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.

Подписано к печати 15.05.13. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 298. Цена свободная. Выход из печати 27 мая 2013г.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.

Тел.: гл. редактор – 25-09-64;

отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис» РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.



Индекс 73247